ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM
ORTA ARNAWLÍ BILIM MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK
PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

**TARIYX FAKULTETI**

**TARIYX OQÍTÍW METODIKASÍ KAFEDRASÍ**

# JÁHÁN TARIYXÍ

**(ÁYYEMGI DÚNYA TARIYXÍ)**

**PÁNI BOYÍNSHA**

# OQÍWMETODIKALÍQ KOMPLEKSI

**NÓKIS**

# M A Z M U N Í

betler

1. Oqıw materialları (lekciyalar) ..……………………
2. Oqıw materialları (seminar) ………………………..
3. Óz betinshe jumıs shınıǵıwları ……………………..
4. Glossariy ………………………………………………

**Qosımshalar:**

5. Úlgi oqıw baǵdarlaması ………………………….....
6. Isshi oqıw baǵdarlaması …………………………....
7. Tarqatpa materiallar ………………………………..
8. Testler …………………………………………………
9. Bahalaw kriteriyaları ……………………………….

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIM MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**TARIYX OQÍTÍW METODIKASÍ KAFEDRASÍ**

# ÁYYEMGI DÚNYA TARIYXÍ PÁNI BOYÍNSHA

# L E K S I Y A   T E K S T I

**Dúziwshi:** **assistent oqıtıwshı G.Akimniyazova**

## Tema: Alǵashqı jámáát dúzimi tariyxı

**Joba:**

1. Ótmish estelikleri tariyxıy derek, mánawiy qádiriyatlar.
2. Adamnıń kelip shıǵıw procesi hám avstralopitekler, pitekantrop, sinantrop, geydelberglerdiń qáliplesiwi.
3. Miynet hám miynet qurallarınıń roli, pikir, sóylewdiń payda bolıwı.
4. Zamanagóy adamnıń payda bolıwı, rasaǵa bóliniwiniń payda bolıwı.
5. Alǵashqı jámáát dúziminiń ıdıraw dáwiri.

**Tayanısh túsinikler**: Áyyemgi dúnya, tariyxıy dáwirlestiriw, alǵashqı jámáát, jámiyetlik-ekonomikalıq hám siyasiy processler, ótmish estelikleri, tariyxıy derek, tariyxtanıw, paleolit, oldibay, ashel, miynet quralları, arxeologiya, antropologiya, etnografiya, insannıń kelip shıǵıw procesi, avstralopitekler, zinjantrop, pitekantrop, sinantrop, geydelbergler, tas qualları, miynet qualları, mádeniy qatlam.

**1. Ótmish estelikleri tariyxıy derek, mánawiy qádiriyatlar**. Alǵashqı jámáát dáwiri insanniń dáslepki tábiyat penen gúresiwi, civilizaciya hám mádeniy dereklerdiń tariyxı bólıp, bul dáwirdi úyrenbey jámiyettiń rawajlanıw nızamların ańlaw, kóz aldımızǵa keltiriw, házirgi zaman xalıqların túsiniw qıyın.

Adamzat tariyxında waqıya-hádiyselerdi analizlew hám tiklewde tariyxshı alımlardıń xızmetleri úlken. Sonıń menen birge járdemshi tariyx pánleri: arxeologiya, etnografiya, antropologiya, tariyxıy tiltanıw siyaqli pánlerdiń tabısları ayırıqsha áhmiyetke iye. Aldıńgı pán tabısları adamzat áleminiń rawajlanıwındaǵı ózine tán ózgesheliklerdi tiykarlap beriwi menen bir qatarda tariyxıy derek sıpatında xızmet etedi.

Tariyxıy derekler – bul ótmishte adamzat qolı menen jaratılǵan tariyxıy processtiń izlerin ózinde sáwlelendiriwshi hám adamzat jámiyetiniń tariyxın úyreniw imkanın beriwshi házirgi kúnge shekem jetip kelgen hár bir estelik, jazba derek, mánawiy qádiriyatlar (til, isenim, úrp-ádet) bolıp tabıladı. Derekler tariyxıy izertlewlerdiń tiykarǵı tırnaǵı esaplanadı. Olardı keń kólemde tolıq úyrenbesten turıp adamzat jámiyetiniń evolyuciyalıq rawajlanıw tariyxın talqılap bolmaydı. Dereklerdiń túri oǵada kóp, biraq belgili bir dárejede anıq hám tolıq maǵlıwmatlarǵa iye bolǵan derekler jıynaǵı sheklengen sanda. Jazıw ele payda bolmaǵan alǵashqı jámáát dáwirlerinen tek materiallıq mádeniyattıń qaldıqları (turaq jay, mákan, mánzil, miynet qualları) ǵana saqlanǵan. Olardan, tiykarınan, alǵashqı jámáát dáwiriniń turmısın, azı-kem áyyemgi dúnya hám orta ásirler tariyxın talqılawda paydalanıladı.

Óndiris xojalıqları (diyqanshılıq, sharwashılıq, ónertmentshilik), sawda-satıq qatnasları payda bolǵannan soń, rawajlanǵan civilizaciya dáwiriniń tariyxın úyreniwde jazba derekler birinshi dárejeli áhmiyetke iye boladı. Bul dáwir derekleriniń sanı hám sapası adamzat jámiyetiniń mánawiy jetikligi, atap aytqanda, jazıw hám xat-sawattıń jetilisiwinen baslap qansha jerlerge tarqalıwı hám jazba

dereklerdiń saqlanıw halatına baylanıslı. Sol sebepli biziń dáwirimizge shekem, áyyemgi jazba derekler az saqlanǵan bolsa, keyingi tariyxıy dáwirler ushın tan bolǵan tas, keramika, qayıńnıń qabıǵı, pergament hám qaǵazǵa jazılǵan, sonday-aq baspa shıǵarmalar keń tarqalǵan.

Alǵashqı jámáát dúzimi haqqındaǵı pánniń rawajlanıw tariyxı. Jazba tariyxıy derekler adamzat jámiyetiniń jámiyetlik hám jeke iskerliginiń nátiyjesinde payda bolǵan. Olar 8 dúrkimge bólinedi: jazba, materiallıq, etnologiyalıq, lingvistlikaliq, toponomikalıq, awızeki (folklor), kino, fono, fotomateriallar. Dereklerdi dúrkimlerge bóliw, olardıń payda bolıwın izertlew, avtorların anıqlaw, haqıyqıylıǵın hám tolıqlıǵın belgilew siyaqli máseleler menen derektanıw páni shuǵıllanadı.

Adamzat rawajlanıwında eń uzaq dawam etetuǵın dáwir áyyemgi tas dáwiri – paleolit esaplanadı. "Paleolit" sózi latınsha sózden alınǵan bolıp, "paleos" – áyyemgi, "litos" – tas, yaǵnıy áyyemgi tas dáwiri degen mánisti beredi. Paleolit dáwiri xronologiyalıq tárepten b.e.sh. 2 million jıllıqlardan 12 mıń jıllıqlarına shekem dawam etedi hám úsh dáwirge – dáslepki, ortasha hám sońǵı dáwirlerge bólinedi.

Paleolittiń úsh dáwiri de óziniń rawajlanıw dárejesine qaray, miynet qurallarındaǵı ózgerisler tiykarında hár tur'li dáwirlerge bólinedi. Burın dáslepki paleolit dáwiri shellge shekem, shell dáwirlerine bólinetuǵın edi. Biraq keyingi dáwirlerde alıp barılǵan izertlewler nátiyjesinde, onı oldibay hám ashell dáwirlerine bóliw muwapıq dep tabıldı. Sebebi burın oldibay dáwiri estelikleri az bolıp, onı dáwir sıpatında ajıratıw imkanı bolmaǵan. Al sońınan shell hám ashell dáwirleriniń qol shoqparlarındaǵı salmaqtı esapqa alıp, olardı dáwirlerge ajıratqan. Keyingi jıllarda, oldibay dáwirine tiyisli miynet qurallarınıń kóplep tabılıwı onı dáwir sıpatında ajıratıp kórsetiwge imkan tuwdırdı.

Tariyx pániniń bir baǵdarı tariyxtanıy (istoriografiya) bolıp, onıń wazıypası hár bir dáwirdiń tariyxınıń úyreniliw dárejesin izertlew hám analizlewden ibarat. Alǵashqı jámáát turizminiń tariyxın úyreniwde Geradot, Ksenofont, Strabon, Cezar hám Tacit, Demokrit, Lukreciy Kar, Foma Akvinskiy, Smit hám Rikardo, Vaxofen, Morgan, Spenser, Teylor, Vastian, Mak – Lennan, Lippetler júdá úlken úlesin qosqan.

Keńes dáwiri etnografları dialektikalıq hám tariyxıy materializm kóz-qarasınan, revolyuciyaǵa shekem bolgán etnografiyanıń bay miyrasın kózden ótkerip, onı qaytadan bahaladı hám usı miyrastı jańa izertlewler menen bayıttı. Keńes dáwiri etnografları mektebiniń tiykarǵı izertlew obyekti – konkret xalıq ózi jaratqan mádeniyattıń dóretiwshisi bolıp tabıladı. Alǵashqı jámáát dúziminiń tariyxı da basqa dáwirlerge qaraǵanda keń úyrenilgen. Bul dáwirde tiyisli mákanlardıń izertleniwi orta paleolit dáwiri xojalıǵınıń mádeniy turmısın tolıq bayanlaydı. Bul dáwir Q.Islamov, K.Kraxmal, A.Okladnikov, V.Ranov. M.Qasimov, R.Sulaymanov, T.Mirsaatov, N.Tashkenbaev, M.Jungorov, Z.Abramova hám basqalar tárepinen izertlengen.

**2. Adamnıń kelip shıǵıw procesi hám avstralopitekler, pitekantrop, sinantrop, geydelberglerdiń qáliplesiwi.** Álgashqı adamlardıń payda bolıwınan baslap, tap mámleket payda bolǵanǵa shekemgi dáwir alǵashqı dáwir bolıp

esaplanadı. Jámáát bolıp miynet etiw hám jámáát bolıp tutınıw alǵashqı jámiyettiń ózine tán ózgeshelikleri bolıp tabıladı. Eń ápiwayı miynet qurallarına iye bolǵan alǵashqı adam jeke-jeke bolıp tábiyattıń kúshlerine hám haywanlarǵa qarsı gúrese almaytuǵın edi. Sonıń ushın alǵashqı adamlar jámáát bolıp miynet etip, óz miynetleriniń ónimin teńdey bólisip alǵan. Alǵashqı jámáát sózi júdá ullı ashılıw bolıp esaplanadı, ol birinshi gezekte etnograf alım L.G.Morgannıń atı menen baylanıslı. L.G.Morgan óziniń "Áyyemgi jámiyet" (1877) miynetinde júdá bay etnografiyalıq materiallarǵa tiykarlanǵan halda ilimiy álemde birinshi bolıp adamzat tariyxınıń dáslepki mámleketshilikke shekem bolǵan dáwirin eki basqıshqa bólgen: 1-basqıshtı "alǵashqı jámáát", 2-basqıshtı "alǵashqı urıwlıq jámááti" dep atadı. Alǵashqı jámáát basqıshı óz mazmunı hám mánisi menen dáslepki ata-babalarımızdıń "haywanat" adamlardan ajıralıp, adamzatqa aylanıp, adamzat álemine ótiw dáwiri menen xarakterlenedi. L.G.Morgan bul basqıshtı alǵashqı jámáátke kirgizbegen.

Arxeologiyalıq jaqtan dáslepki hám orta paleolit dáwirine say keliwshi alǵashqı jámáát dáwirinde jasaǵan ata-babalarımızdıń adam tárizli maymıl padalarına tán is háreketleri, olardı ilim áleminde eń joqarı tiptegi maymıl tárizli maymıllardan tarqalǵan degen pikirdi keltirip shıǵaradı. Negizinde, hesh bir adam tárizli maymıllardan (shimpanze, gibbon, orongutan, gorillalar) adam tarqalmaǵan. Adamzattıń eń dáslepki ata-babaları ózleriniń azıw tislerindegi naǵısları hám bas miyiniń maymıldıń bas miyinen úlkenligi menen parıqlanıwshı maymıl tárizli adamnıń áwladı (driopiteki)nan tarqalǵan. Bul tiptegi adamzattıń ata-babalarınıń qaldıqları Qubla Afrikada zinjantrop, Indoneziyada Yava atawınıń pitekantrop, Qıtayda sinantrop, Ózbekstanda fergantrop, Germaniyada neandertallar atları menen úyrenildi. Ilim áleminiń juwmaǵına qarap, olar tap "aqıllı adam" ("Homo sapiens') halatına kelgenge shekem (b.e.sh. 40-35 mıń jıllıqqa shekem) óziniń evolyuciyalıq qáliplesiw, rawajlanıw jolın basıp ótken. Olar eń ápiwayı tas qurallardan hám ottan paydalanıwdı úyrendi. Mádeniyattıń dáslepki búrtikleri payda boldı, mánili sóylew payda boldı. Insan áste-aqırın biologiyalıq jaqtan jetilisip bardı, eń alǵashqı (pitekantrop, sinantrop hám neandertal) tipleri joqarı dárejede rawajlanǵan hám alǵashqı miynet etiw uqıplıǵına iye bolǵan adam dárejesine jetti. Dáslep miynet etiw, góshti pisirip jew, sońınan sóylew dárejesine jetti, bul sebeplerdiń tásirinde eń dáslepki ata-babalarımızdıń miyi áste-aqırın aqıllı adamnıń miyine aylandı. Eń dáslepki, orta paleolit dáwiriń sońǵı basqıshında tas qurallardı jasaw hám ańshılıq etiwde ádewir tabıslar kózge kórindi.

**3. Miynet hám miynet qurallarınıń roli, pikir, sóylewdiń payda bolıwı.** Olduvay jırası 30 mil uzınliqtaǵı tereń jıra bólıp, samal aǵımı adam qaldiqlari mol bólǵan vulkan qoyalarining kóp qatlamlarǵa tásir ótkizgen. S.Luis hám B.Lekey ótmish adam qaldiqların izertlegen paleontolog ól alım bólıb, S.Luis Kembrij universitetinde sabaq beredi. 1931-jılı Lekey Olduvay bóylap, arxeolog esaplanǵan xayalı Merry Nicol Leakey menen izertlew islerin baslaǵan. Kembrij óqitıwshılari adamzattıń Afrikadan kelib shıǵıwın biykarlaǵan bolsa da Leakeylerdiń isleri olar aljasqanın dálliylep berdi. Kóplep tamam bolǵan jumıslar hám finans

mashqalalarınan keyin, Mary Leakey óziniń izleniw`lerine isenbey qóydi, ulıwma basqa bas suyegine dus kelgenshe. Leakeylar ógan Aziz bala dep at qoydı. [1]
The Olduvai Gorge is a thirty-mile-long canyon in whicha winding stream has exposed many layers of volcanic rockcontaining abundant fossil remains. Louis S. B. Leakey wasa paleontologist (a scientist studying fossil remains from pastgeological periods) educated at the University of Cambridge.In 1931, Leakey began a research project in Olduvai alongwith his wife, Mary Nicol Leakey, an archaeologist. Althoughtheir Cambridge mentors had rejected the notion of humanity'sAfrican origins, the Leakeys' ork ould ultimately provethem wrong. After decades of frustrating ork and financialtroubles, Mary Leakey could hardly believe her good fortunewhen she stumbled upon an almost totally intact skull. TheLeakeys nicknamed it Dear Boy.

Alǵashqı jámáát basqıshınan sońǵı paleolit dáwirine ótiw dáwirinde jámiyetlik qatnaslar hám adamnıń kelbeti ádewir ózgerdi hám rawajlandı. Orta Aziyada, atap aytqanda Ózbekstanda alǵashqı jámáāttiń hár bir dáwirine tiyisli miynet quralları Ferǵana oypatındaǵı Selungur úńgirinen hám basqa orınlardan tabıldı. Arxeolog A.P.Okladnikov tárepinen 1938-1939-jıllarda tekserilgen Tesiktas úńgiri estelikleri de usı dáwirdiń muste basqıshına tiysli.

Joqarı paleolit dáwiri adamları xojalıǵınıń tiykarı ańshılıqtan ibarat bolǵan. Tiykarınan suwın, jabayı at, arxar, qulan, túye sıyaqlı haywanlar awlanǵan. Terektiń miyweleri, dán hám tamırlı ósimliklerdi de terip-terip alıp awqat sıpatında qollanǵan. Balıqshılıqtıń da dáslepki belgileri payda bolǵan. Bul dáwirde ań hám miynet qurallarınıń túri kóbeygen. Tas qurallarín islew usılı ózgergen. Al buǵan bolsa tas qurallarín jasaw texnikasındaǵı jańalıq sebep bolǵan. Jarıw texnikası usılı dáslepki basqıshta keńnen qollanılgan bolsa, keyingi basqıshlarda retushlaw usılı oylap tabılǵan. Bul qurallardıń túrin ǵana kóbeytip qalmastan, olardı ıqshamlastırıwǵa da alıp kelgen. Retushlaw degende shaqmaqtas quraldı súyekten jasalǵan jıńishke hám uzın tayaq penen birneshe mıń márte urıp juqa tas jońqaların ushırıp, kerekli formaǵa keltiriw túsiniledi. Bul usıl júdá quramalı bolıp, azǵana itibarsızlıqqa jol qoyılsa, qural sınıp ketken.

Retushlanǵan nekleus tuwrı pıshaq tárizli formaǵa kelip juqalasıwı nátiyjesinde pıshaqlar payda bolǵan. Bul dáwirde eń áhmiyetli miynet quralları tas keskish hám qırǵısh bolǵan. Tas keskishten qattı materialdı islegende paydalanǵan. Tas qırǵısh uzınsha tárizli bolıp, bir ushınıń doǵa tárizli júzi bolǵan, ol muste dáwirindegi qırǵıshtan ádewir parıqlanadı. Onnan jumsaq materiallardı islewde paydalanǵan. Tiykarǵı ańshılıq quralı shaqmaqtastan jasalǵan nayza bolǵan.

Tesiktas úńgir mákanı pútkil Orta Aziyada muste dáwiriniń eń siyrek ushırasatuǵın úlgisi esaplanadı. Ol Surxandárya wálayatı Baysın tawınıń qubla janbawırındaǵı Turǵandáryanıń Zovtalasqan jırasında, teńiz qáddinen 1500 m biyiklikte jaylasqan. Úńgir arqa-shıǵısqa qaraǵan bolıp, keńligi aldińǵı bóleginde 20 m, tereńligi 21 m, biyikligi 9 m bolǵan. Úńgir 1938-1939-jıllarda Parfyonov

[1]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.13 (65).

hám A.P.Okladnikov tárepinen tekserilgen hám izertlewlerdiń nátiyjesi 1939-1949-jıllarda basıp shıǵarılǵan.

Alıp barılgan izertlewler nátiyjesinde úńgirde 5 mádeniy qatlam anıqlanǵan. Ol jerden tastan jasalǵan miynet qurallarınıń 339 túri, 2520 sınǵan, ushqan tas qurallar, 101 hár túrli formadaǵı nukleusler tabılǵan. Sonıń ishinde ótkir ushlı shanıshqılar, tas pıshaqlar, jońqalar, isler, qırǵısh, belshe, chopper, shapqı hám basqa da miynet quralları bar. Tesiktastan tabılǵan miynet qurallarınıń kópshiligi qırqıwshı hám tarashlawshı wazıypalardi atqarǵan. Bul jerden taǵı da tek neandertal adamǵa tiyisli rapiyda tárizli nukleuslerden (ózekler) birneshe nusqa tabılǵan. Olardıń diametri 10 – 15 sm den ibarat bolǵan. Bunday ózeklerden naeandertallar tas balǵalar járdeminde úshmúyesh tárizli qıyıqlardı ushırıp alǵan. Qıyıqlar ótkir ushlı bolǵanliǵi sebepli olardan terilerdi qayta islew, aǵashlardı kesiw, jonıw sıyaqlı jumıslarda paydalanǵan. Bunday miynet quralları eń kóp Tesiktastan tabılǵan. Tesiktas úńgiriniń eń bahalı tabılması joqarıda aytıp ótilgenindey, neandertal adamnıń súyek qaldıqları. Ol eń tómengi mádeniy qatlamnan tabılǵan. Bular – bas súyegi, jelke hám juwan oń san súyeginiń sınıqları, eki kishi baltırdıń súyegi hám de omırtqa baǵanasının gey bir bólekleri. Bul waqıya óz waqtında antropologlarda júdá úlken qızıǵıwshılıq oyatqan. Antropologlardıń juwmaǵına kóre, neandartaldıń bas súyeginiń kólemi 1490 sm.kub bolǵan. Neandertal bala súyeginiń úyreniliwi 1970-jılǵa shekem dawam etti. Ataqlı antropolog alım akademik V.A.Alekseev antropologiyanıń keyingi dáwirdegi tabıslarına súyenip, Tesiktas adamın qayta úyrendi hám onıń 10 jasar bala emes, al hayal adam ekenligin, Evropa hám Aldıngi Aziya toparına kiretuǵının kórsetti.

**4. Zamanagóy adamnıń payda bolıwı, rasaǵa bóliniwiniń payda bolıwı.** Sońǵı paleolit dáwirinde súyek hám shaqtan jasalǵan buyımlar – iyne, biz, qarmaq, oq jaydıń oǵı, hár qıylı bezekler hám basqalar keń qollanılǵan. Bul dáwirde burǵı da payda boldı. Algashqı jámááttiń ornın jámiyetlik jámááttiń ádewir jetilisken forması – ana urıwı jámááti (matriarxat) iyeledi. Bul urıwdıń ishinde nekelesiw qadaǵan etildi, nátiyjede adamlardıń jámáát bolıp uyımlasıwı kúsheydi.

Rasalar paleolittiń sońǵı dáwirlerinde bunnan 40-30 mıń jıl aldın adam jer júzin iyelewi menen qáliplese basladı. Olardıń izlerin Ispaniya, Franciya aymaqlarında kóriw múmkin. Hár bir rasa ózine tán rasalıq belgileri menen parıqlanadı. Házirgi adamlar úsh ekvatorial (negroid, avstraloid) evroaziya (evropoid), aziya, amerika (mongoloid) yaki 5 (negroid, avstraloid, evropoid, mongoloid, amerikanoid) iri rasalarǵa bólinedi. Hár bir rasanın ishinde kishkene rasa boladı. Máselen: ekvatorial rasa negr, negrill, bushmen, avstraliya hám basqa rasalarǵa; al evropoid rasası bolsa Atlantika-Baltika, Xind-Orta teńiz, Orta Evropa hám basqa da rasalarǵa; mongoloid rasa Arqa Aziya, Arktika, Qubla Aziya hám basqa da rasalarǵa bólinedi.

Barlıq rasa Homo sapienske tan bolǵan ózgesheliklerge iye, olardıń barlıǵı biologiyalıq hám psixologiyalıq jaqtan teń bolıp, evolyuciyalıq rawajlanıwdıń bir qıylı basqıshında turadı. Barlıq rasalar mádeniyat hám civilizaciyanıń eń joqarı dárejede rawajlanıwında birdey imkaniyatlarǵa iye ekenligi, rasalardıń birdey qábiletlerge iye emeslikleri, olar evolyuciyanıń hár túrli basqıshlarında turǵanlıǵı haqqındaǵı rasashılıq ideyalardı biykarlaydı. Adam rasasın “millet”, “til topar”

túsinikleri menen aljastırıp jibermew kerek. Bir millettiń quramında hár túrli rasa hám kerisinshe, bir rasanıń ózi hár túrli milletler quramına kirgiziliwi múmkin.

**5. Alǵashqı jámáát dúziminiń ıdıraw dáwiri.** Arxeologiyalıq kóz-qarastan sońǵı paleolit, mezeolit hám neolit dáwirine sáykes martiarxat dáwirinde urıwshılıq jámáátı ádewir birlesken jámiyetlik-ekonomikalıq búrtik bolıp, adamlar birgelikte ónimdi tayarlaytuǵın hám paydalanatuǵın edi. Olar ańshılıq, balıqshılıq penen shuǵıllanǵan, al keyin ala bolsa gúnde menen jer aydap, dıyqanhılıq etip, úy haywanların baǵıp kún keshirgen. Matriarxattıń rawajlanǵan dáwirinde miynettiń bólistiriliwi sebepli xojalıqta hám jámiyette hayallar ortalıǵı rol oynay basladı. Alǵashqı topar-topar shańaraqtan ayırım xojalıqqa iye bolmaǵan jup-jup shańaraqqa ótedi. Matriarxat dáwirinde qısqı turaq jay, kiyim hám bezekler, quraldıń quramalı túrleri (oq jay, shanıshqı ham basqa), terini qayta islew, gezlemeni toqıw, gúlalshılıq payda bola basladı.

**Óndiris kúshleriniń rawajlanıw dáwiri hám metallurgiya (mıs, jez, temir)nıń payda bolıwı.** Neolit dáwiriniń klimatı házirgi klimat sharayatına jaqın bolǵan. Orta Aziyanıń qubla-batıs aymaǵınıń klimatı ıssı, diyqanshılıq ushın qolaylı bolǵan. Oraylıq hám arqa wálayatlarda da klimattıń ısıwı jaylaw hám shól zonaların payda etken. Al bul bolsa, neolit dáwiri jámáátlerinń aymaq boylap keńnen tarqalıwına alıp kelgen. Sonday-aq, olar mezolit dáwirindegidey qańgırmay ómir keshirmesten, otıriqshılıq turmıs qálpine ótedi. Turaqlı jer tóle, ılashıq hám ılay, zuwalalardan salınǵan úylerde jasay baslaydı. Otırıqshılıq turmıs qálpi qubla aymaqlarda diyqanshılıqtıń kelip shıǵıwına, al shól zonalarda bolsa otırıqshı ańshılıq xojalıqlarınıń ornalasıwına alip keldi. Keyin ala onıń negizinde sharwashılıq payda boldı.

Neolit dáwirinde tastı qayta islew texnikasında jańa usıllar – tegislew, pardozlaw, pıshqılaw hám burǵılaw usılları oylap tabıldı. Al bul bolsa, óndiris kúshleriniń jáne de tezirek rawajlanıwına alıp keldi. Ótkir júzli qurallardı jasawda ele kertpe hám jarma usıllarınan paydalanıldı. Mezeolit dáwirinde oq jay oylap tabıldı, iyt, suwın qolǵa úyretildi.

Dáslepki neolit dáwirinde makrolit qurallar keń tarqalǵan. Olar awır úlken kólemdegi shaqmaqtaslardan islengen qurallar bolıp, onı tegislew kelesi neolit dáwirine tuwrı keledi. Qurallar arnawlı tastıń ústindegi qumtas taxtada tegislengen. Tas taxta tayanısh wazıypasın atqarǵan. Qurallar kól kvarc qumı menen uzaq waqit ısqılaw nátiyjesinde tegislengen. Tegislengen tas qurallar neolit dáwiriniń aqırına kelip burǵılanǵan. Onda súyek burǵı wazıypasın atqarǵan. Súyek burǵını qalqannıń jibine baylap aylandırǵan, onda súyektiń ishine ızǵar qum sewip turılǵan. Burǵılanǵan quralǵa saptı ornatıw múnkin bolǵan.

Aldıńǵı dáwirlerde ruwzgershilik buyımları aǵashtan yaki taldan jasalǵan bolsa, dáslepki neolit dáwirinde turpayı, shala kúygen keramika buyımlar tarqaldı. Olar máyek tárizli túbi domalaq bolıp, arnawlı shuqırshalarǵa ornatılǵan. Sońǵı neolit dáwirine kelip keramika buyımnıń forması ózgerdi. Túbek tárizli, astı tegis ıdıslar payda bolıp, olar kishireydi. Idıslar ılay lentalar tiykarında qolda islengen. Idıslardıń naǵısı da ápiwayıdan quramalıga qarap ózgerip baradı. Sonday-aq, ıdıslarda tarnaw tárizli yaki truba tárizli kranlar payda boladı. Idıslar bir yaruslı qumbızlarda pisirilgen. Biraq ıdıslar turpayı, mort bolǵan.

Toqımashılıq, ónermentshiliktiń payda bolıwı da neolit dáwiriniń ullı ashılıwı esaplanadı. Neolit dáwiriniń adamları haywannıń júni hám ósimlik talshıǵınan gezleme toqıwdı úyrengen. Sonday-aq, iyirilgen jipten balıq torın toqıǵan. Al bul bolsa, balıq awlawdıń áhmieyetin keskin túrde arttır'ıp jibergen. Buǵan suwda júziwshi qayıqlar da imkan berdi.

Bronza dáwiriniń tabıslarınan biri bul juplıq shańaraqtıń payda bolıp, ol urıwdıń ishinde shańaraq qatnaslarınıń tártipke túsiwine alıp keldi hám jámiyettiń rawajlanıwın jáne de alǵa jıljıttı. Bronza dáwirine kelip óndiris kúshleriniń ósiwi, jámiyetlik miynet bólistiriliwiniń rawajlanıwı jeke xojalıqtıń payda bolıwına, urıwdıń ıdırawına alıp keldi. Bul qatlam dáslep áskeriy tutqınlar, sońınan kambaǵallasqan qáwimlerdiń puqaraların qullarǵa aylandırdı.

Miynet qualların jasaw, shaqmaqtas shiyki zatların izlestiriw jolında neolit dáwirinde shaxtalar payda boldı. Olar Angliya, Daniya, Arqa Germaniya hám Belorussiya sıyaqlı mámleketlerde úyrenilgen. Ózbekstannıń tawlı aymaqlarında, máselen, Nawayı wálayatınıń Úshtut degen jerinde tabılǵan. Miynet qualların jasawda temirdiń payda bolıwı alǵashqı jámáattiń ıdırawına alıp keldi.

Bul processler nátiyjesinde alǵashqı jámáát daǵdarısı baqlanǵan.

Bekkemlew ushın sorawlar

1. Ne ushın alǵashqı jámáát dúzimi dáwiriniń tariyxın úyreniw ushın zárúrlilik payda boldı?

2. Tariyxtanıw qanday pán hám neni úyrenedi?

3. Tariyxtanıwshı alımlardıń alǵashqı jámáát turizmine tiyisli bolǵan qanday shıǵarmalarin bilesiz?

4. Adamnıń payda boıwı hám onıń qáliplesiwi haqqında qanday kóz qaraslar bar?

5. Adamzattıń sóylewi hám pikiriniń rawajlanıwında qanday faktorlar baslı rol atqardı?

6. Antropologiya páni hám onıń úyreniw salası nege qaratılǵan?

7. Paleolit dáwiriniń miynet qualları nelerden ibarat?

8. Eneolit hám bronza dáwiri adamları miynet qualları nelerden ibarat hám olardıń adamzat oy-pikiriniń rawajlanıwındaǵı qosqan roli qanday?

## Tema: Alǵashqı jámáát hám tsivilizatsiya.

**Joba:**

1. Qáwimler awqamlarınıń payda bolıwı.
2. Qatlamlıq jámiyettiń payda bola baslawı hám bul processtiń bir tegis rawajlanbawı.
3. Eneolit dáwiriniń ózine tán ózgeshelikleri..

**Tayanısh sózler**: awıl xojalıǵı tarawınıń rawajlanıwı, qáwimler awqamı, diyqanshılıq, sharwashılıq, qatlamlıq jámáát, antropogenez, áyyemgi dúnya,

tariyxıy dáwirlestiriw, jámiyetlik-ekonomikalıq hám de siyasiy processler, etnikalıq hám xojalıq baylanısları, alǵashqı diniy kóz aldına keltiriwler, arxeologiyalıq mámleketlestiriw, eneolit dáwiri, arxeologiyalıq estelikler, mıs qurallar, ashılıwlar.

1.Neolit dáwiriniń sońǵı basqıshı hám jez dáwiriniń baslarında ana ruwshılıq jámáátiniń óndiris kúshleriniń rawajlanıwında úlken ózgerisler júz berdi. Sharwashılıq, gúnde menen jer aydaw, balıq uslaw, metalldı ápiwayı usılda qayta islew payda boldı. Nátiyjede hayallardıń xojalıqtı júrgiziwdegi roli páseńlep, erkeklerdiń roli arttı. Adamlar tábiyat kúshlerine qarsı gúresiw ushın hár túrli qurallardan paydalandı. Erkekler ózleri tapqan baylıqların ulıwma jámáátke emes, al óz balalarına beriwge umtıldı. Usılay etip matriatxat dáwirinen patriarxat dáwirine ótti, urıwshılıq shańaraqlarǵa ata basshılıq etetuǵın boldı. Ata urıwı tiykarında úlken patriarxat shańaraqlar quraldı. Patriarxat shańaraqta urıwshılıq dúziminiń qaldıǵı saqlanıp qalǵan bolsa da, onıń ıdırap atırǵanlıǵı bilinip turatuǵin edi. Turaqlı neke payda bolıwı menen hayal adam erkek turǵan jerge barıp jasaytuǵın boldı. Balalar ata atınıń hám menshiginiń miyrasxorı boldı, úyde atanıń húkimdarlıǵı kelip shıqtı.

**1. Qáwimler awqamlarınıń payda bolıwı.** Qáwimler aralıq xojalıq hám mádeniy baylanıslardıń rawajlanıwı sebepli etnikalıq birliklerdiń jańa forması – elat payda boldı. Nátiyjede qatlamlar hám mámleketler payda boldı. Urıw-qáwim baslıqlarınan mámekettiń hákimayatı shólkemlese basladı.

Dáslepki dáwirlerde alǵashqı adamlar jartaslarda kórinip jatqan shaqmaqtaslardı sındırıp alǵan. Keyin ala shaqmaqtastı izlestirip taw, tawdıń janbawırlarınan shaqmaq taslardı qazıp alǵan. Olar neolit dáwirinde bolsa shiyki zattı alıw ushın 5,5 hám 5 metrlik uralardı qazǵan. Kerekli shiyki zattı alıw ushın ura (shaxta)nıń tómengi bóliminen hár tárepleme qosımsha jollardi ashıp barǵan. Uralar arnawlı tas, súyek hám aǵashtan jasalǵan bel tárizli qurallar járdeminde qazılǵan. Uralardıń diywallarındaǵı belshelerdiń izleri elege shekem óshpegen. Uranı qazǵan waqıtta iske jaramlı shiyki zatqa duslassa, kánshiler olardı tas baltalar járdeminde qazip alǵan. Sonday-aq, ol jerde ot jaǵıp tastı qızdırǵan hám suwıq suw quyıp, jarıp jibergen. Olar kereginshe shiyki zattan alıp, keyin ala uralardıń awzın domalaq taslar menen jawıp qoyǵan. Arxeologlar bul jerde 100 den artıq bunday ózine tán ura-shaxtalardı tapqan, olardıń 35 i Úshtut shaxtasında úyrenilgen. Úshtut jarında ushırasqan shaxtalar tek neolit dáwiriniń esteliklerinde kórinedi.

Orta Aziyada, sonıń ishinde Ózbekstanda reńli boyawlar-oqra menen islengen súwretler júdá kem ushırasadı. Tiykarınan urıp oyıw, sızıw usılı menen islengen súwretler, yaǵnıy petroglifler júdá keń tarqalǵan.

**2. Qatlamlıq jámiyettiń payda bola baslawı hám bul processtiń bir tegis rawajlanbawı**. Negizinde alǵashqı jámáát urıwshılıq jámáátiniń payda bolıwı menen baslanadı. L.M.Morgan pikiri boyınsha geypara jámiyettanıwshi alımlar F.Engels hám V.I.Lenin sıyaqlılar bul pikirge qosıladı, biraq olar urıwshılıq jámááti dáwirin “alǵashqı kommuna”, “áyyemgi kommunizm” sózleri menen almastırıp, úlken teoriyalıq qátege jol qoydı. I.V.Stalinniń “Dialektika hám tariyxıy materializm haqqında” shıǵarması payda bolǵannan keyin, másele jáne de

shiyelenisip ketti. Ol alǵashqı jámáát túsinigine shekem adamzat tariyxına alǵashqı jámáát basqıshın da qosıp jiberdi. Stalinshe koncepsiya keyin ala burıngı Keńes dáwiri tariyxtanıwında tiykarǵı jol-joba bolıp qaldı. Negizinde tariyxıy jaqtan birinshi jámiyetlik-ekonomikalıq formaciya algashqı urıwshılıq jámááti edi. Ol urıw jámáátleriniń payda bolıwınan baslap tap birinshi qatlamlı jámiyettiń qáliplesiwine shekem bolǵan dáwirdi óz ishine aladı. Alǵashqı jámáát dáwirinde bolsa óndiristiń ózi bolmagán. Bul dáwir adamzattıń uzaq dawam etken evolyuciyalıq qáliplesiw basqıshı bolıp, ol haqıyqatında da alǵashqı jámáátke ótiw dáwiri esaplanadı. L.S.Morgan óz waqtında alǵashqı jámáátti 2 basqıshqa bólgen: birinshisin "alǵashqı uriwshılıq jámááti", ekinshisin bolsa "áskeriy demokratiya basqıshı" dep ataydı. 20 ásir dawamında etnologiya hám arxeologiya tarawında, ilim áleminde qolǵa kiritilgen tabıslar áskeriy demokratiya dáwirin qatlamlarsız jámiyetten birinshi qatlamlı jámiyetke ótiw basqıshı sıpatında qarawdı, sonday-aq, "alǵashqı urıwshılıq jámááti" dáwirin eki fazaǵa bóliwdi talap etedi. Alǵashqı urıwshılıq jámáátiniń hár eki fazası dawamında insan ómirindegi júdá úlken sapa ózgerisleri júz berdi. Bul dáwirde dáslepki jámáát bolıp jasawdıń búrtigi payda boldı. Bul búrtik urıw jamáátiniń quralıwına tiykar salǵan analardıń átirapında júz berdi. Sonıń ushın da urıwshılıq jámáátiniń bul fazası – ana urıwı – matriarxat dep ataldı.

Urıwshılıqtıń birinshi evolyuciyalıq rawajlanıw fazasında óndiris qatnaslarınıń tolıq halında urıwdıń máplerine sáykes keliwi, jámáátte jámiyetlik óndiris húkimdar. Endi áǵashqı urıwshılıq jámááatiniń ekinshi fazası'nda óndiris qatnasları áste-aqırın urıw mápleriniń sheńberinen shıǵıp kete baslaydı. Bunday jámiyetlik-ekonomikalıq ózgerisler aǵashqı jámáát xojalıǵında diyqanshılıq hám sharwashılıqtıń kelip shıgıwı, rawajlanıwı menen jámáátte artıqsha ónimniń payda bolıwı hám bazar qatnaslarınıń ornawı menen baylanıslı edi. Bul processler, álbette, óndiriste erkeklerdiń miynetine talaptıń kúsheyiwi hám uriwlararalıq toparlıq nekeniń buzılıwı hám urıw jámáátinen sırtta partiarxat jup shańaraqtıń ornawı menen baylanıslı. Alǵashqi uriwshılıq jamáát dáwirinde júz bergen bul ózgerisler matriarxat urıw jámáátine óz ornıń bosatıp beriwge alıp keldi. Ata urıwı (patriarxat) qáliplesti.

Jámáátte erkeklerdiń roliniń kúsheyiwi tábiyiy ráwishte patriarxat jup shańaraqtı keltirip shıǵardı. Patriarxat urıw jámáátindegi jup shanáaraq nekeler hám onıń quramında monogam neke sistemasınıń ornawına alıp keldi. Dáslepki uriw'shılıq jámááti dáwirinde adamzat birinshi ret ámeliy ónerdi oylap taptı, yaǵnıy óner dáslep hayal háykellerin jasawdan, birinshi hámiledar hayaldıń súwretin islewden baslandı. Bul dáwir payda bolǵan waqtında dinniń payda bolıwı múmkin bolǵan. Abstrakt oylawdıń payda bolıwı nátiyjesinde ǵana mine usınday dárejege erisiw imkaniyati tuwılǵan.

**3.Eneolit dáwiriniń ózine tán ózgeshelikleri.** Eneolit dáwiriniń dáslepki basqıshında xalıq bir-birine tıǵız qurılǵan bir bólmeli úylerden ibarat awıllarda jasaǵan. Úyler tar, kvadrat formasında qám gerbishten qurılǵan bolıp, bólmeniń diywalların saban ılay menen sıbaǵan. Orta basqıshta bolsa, awıllardıń oraylıq bólimi qorǵanıw diywalı menen oralǵan, kóp bólmeli úyler de ushırasadı. Olardıń arasında sheńber formasındaǵı bólmeler de bolıp, izertlewshilerdiń pikiri boyınsha

bul ibadatxana bolıp, olar bul jerde otqa sıyıngan. Eneolittiń sońgı dáwirinde awıllardıń aymaǵı keńeyip hám kóp bólmeli úylerdiń sanı artadı. Olarda dálizler ham háwliler payda boladi. Háwlilerdi birlestiriwshi tar kósheler qáliplesken hám olardıń hámmesi awıl orayındaǵı maydanǵa shıǵarılǵan. Hár bir úyde xojalıq kompleksi – qoymalar bolǵan.

Bronza dáwirine kelip awıllar jetilisip, qala kórinisine óte baslaǵan. Usı tárepin esapqa alıp, arxeologlar onı qalalarǵa shekem (protogorod) bolǵan dáwirdiń mádeniyat belgileri dep esaplaydı.

Eneolit dáwiriniń estelikleri. Neolit dáwirinen keyingi dáwir eneolit dep ataladı. Latınsha "eneus"-mıs hám grekshe "litos"-tas sózlerinen alıngan bolıp, mıs-tas dáwiri mánisin ańlatadı. Elonit b.e.sh. 4-3 mıń jıllıqlardı óz ishine aladı. Ol kóp aymaqlarda neolit dáwiri jámáátleri menen bir waqıtta húkimdarlıq etken. B.A.Kuftin hám V.M.Masson Qubla Túkrmenstanda alıp barılǵan arxeologiyalıq izertlewleriniń tiykarında eneolit dáwiriniń rawajlanıw basqıshların anıqladı hám eneolit dáwiriniń rawajlanıwın dáslepki, orta, sońgı basqıshlarǵa bóldi. Olardıń izertlewi nátiyjesine kóre, Namazgah-1- dáslepki eneolit dáwirine, Namazgah-2 – orta eneolit dáwirine, Namazgah-3 - sóńgı eneolit dáwirine tán boıp tabıladı. Eneolit dáwirinde suwǵarılıwshı diyqanshılıq hám úy sharwashılıgı alǵashqı xojalıqtıń tiykarın quradı.

Eneolit dáwiriniń klimat sharayatı házirgi dáwirden ádewir parıq etken. Jawıngershilik kóp bolǵan. Taw aldı sayları, dáryalar mol suwlı bolıp, olar shól zonalarınıń ishkerisine shekem kirip barǵan. Eneolit zamanındaǵılar usı suwdıń jaǵalarınan ózlerine mánzil orınların qurıp, jańa jerler ózlestirgen.

Eneolit dáwirinde miynet quralları tiykarınan tastan, haywan súyekleri hám azı-kem mıstan jasalǵan. Mıs miynet qurallarınıń bar bolǵanlıǵı eń áyyemgi miynet qurallarǵın ximiyalıq analizlew tiykarında dálillendi. Dáslepki mıs qurallar sap mıstan jasalǵan. Adamlar dáslep mıstı tastıń bir túri dep, suwıq halında qayta islegen. B.e.sh. IV mıń jıllıqlarda ǵana onıń otta eriw qásiyeti ashılǵan. Mıs qurallları jumsaq hám iyilgish bolǵanlıǵı sebepli tas qurallarǵın qısıp shıǵara almaǵan.

Bekkemlew ushın sorawlar

1. Miynet bolistiriliwi degende neni túsinesiz?
2. Birinshi miynet bólistiriliwi qanday jaǵdayda payda bolǵan?
3. Ekinshi miynet bólistiriliwi bul.....?
4. Siziń pikirińiz boyınsha qáwim awqamı hám uyımlasıwı ortasındaǵı parıqlar nelerde kózge taslanadı?
5. Etnikalıq process túsinigi neni ańlatadı hám neni úyrenedi?
6. Qatlamlıq jámiyettiń payda bolıwı nelerge alıp keldi?
7. Xojalıq qatnasiqları bul ....?
8. Alǵashqı dinniń qanday formaların bilesiz?
9. Eneolit dáwiri esteliкleriniń tariyxıy áhmiyeti nelerde kórinedi?

**Tema: Áyyemgi Mesopatamiya.**
**Joba:**

1. Áyyemgi Mesopotamiya (eki dár`ya araliǵi).
2. Mesopotamiyaniń áyyemgi tariyxi boyinsha derekler.
3. Áyyemgi Mesopotamiya tariyxnaması.
4. Eń áyyemgi Mesopotamiyada klassliq jámiettiń qáliplesiwi.
5. Mesopotamiyada orayliq mámlekettiń dúziliwi.

**Tayanish túsinikler***:* Áyyemgi Mesopotamiyaniń geografiyaliq ortaliǵi, oniń tariyxi boyinsha derekleri, tariyxnaması. Mesopotamiyada klassliq jámiettiń qáliplesiwi. Áyyemgi Shumerdiń qala mámleketleri hám Mesopotamiyada orayliq mámlekettiń dúziliwi. Akkad mámleketi hám Urdiń III dinastiyasi. Mesopotamiyada, b.e.sh. 2 miń jilliqta Vavilon ústemligi.

**1. Áyyemgi Mesopotamiya (eki dár`ya araliǵi).** Arqadaǵi Armeniya tawlarinan qubladaǵi Persiya qoltiǵina shekem, Shiǵistaǵi Iranniń tawli oblast`larinan batistaǵi Siriya-Mesopotamiya dalalarina shekem keń aymaq jaylasqan. Ol áyyemgi grek geograflari tárepinen ***Mesopotamiya*** dep atalǵan. Qaraqalpaq tiline awdarǵanda *«Eki dár`ya araliǵi - Efrat hám Tigr dár`yalari araliǵi»* degen mánisti ańlatadi.

Uzinliǵi 2700 km bolǵan Efrat (Shumerlerde-Buranun, akkadlarda-Puratut) hám uzinliǵi 1900 km bolǵan Tigr (shumerlerde-Idigna, akkadlarda-Idiklat) Armyan ústirtinen baslanip, Persiya qoltiǵina quyadi. Mesopotamiya turǵinlari sheber irrigatorlar bolǵan. Arqada iqlimi kontinentalli, qublada hawa rayi issi hám qurǵaq bolǵan. Florasi jarli, faunasi bay bolǵan.

Mesopotamiya Jaqin Shiǵistiń orayinda jaylasqan, soniń ushin ol Aldińǵi Aziya sawdasinda jetekshi rol` oynaǵan.

Birinshi turǵinlar paleolit dáwirinde payda bolǵan. Neolit dáwirinde qonislasiw protsesi tezletilgen pát penen júrgizilgen, dár`ya oypatina tawli hám taw eteginde jasawshi turaqli turmisqa ótip, olar diyxanshiliq, mal-sharwashiliǵi, ónermentlik penen shuǵillana baslaǵan. Birinshi turǵinlar b.e.sh. VII-VI miń jilliqlar dawaminda Tigr hám Efrat oypatliǵin keńnen ózlestirgen.

Mesopatamiya qalalarında kóshpelilediń aqsaqalları shet ellik bólǵan degen pikir bar, biraq ólar bir-birine begana bólmaǵan. Ólar Mesopatamiya shahar hayatına hám madeniyatın anlawda muhim ról óynaǵan. Bul qıshlaq adamları hayanlardı suug'arıw ushın daryaǵa jaqın qislaǵanlar. Jazirama jazda ózleriniń salqın oypatlarǵa qaytqan.[2]

Transhumant herders may have been "foreigners" in the cities of Mesopotamia, but they were not strangers to them.They had always played an important role in Mesopotamian urban life and knew the culture of its city-states.

[2]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.96.

These rural folk wintered in villages close to the river to water their animals, which grazed on fallow fields.In the scorching summer,they retreated to the cooler highlands.

*Xassun hám xalaf mádeniyati.* IV miń jilliqtiń basinda hám V miń jilliqta birinshi turǵinlar payda boladi. (El`-Ubeyd, shumerlerden burinǵi xaliqlar). B.e.sh. IV miń jilliqta birinshi shumerler turar jerleri, olardiń tili payda boladi.

B.e.sh. III miń jilliqtan baslap Mesopotamiyaniń arqa tárepinde semitler jasaydi. Olar áyyemgi Aldińǵi Aziya, Siriya dalalari hám Arabiyaniń sharwa qáwimleri edi. Tigr hám Efrat oypatliǵinda jaylasqan semit qáwimleriniń tilin akkadlar tili dep ataǵan. Túslik Mesopotamiyada semitler Vavilon dialektinde, ol arqada Tigr oypatiniń orta tárepinde - assiriy dialektinde sóylegen.

Áyyemgi zamanlardan baslap Mesopotamiyaniń arqa tárepinde hurritler qáwimleri jasaǵan. Olar óziniń Mitaniy mámleketin dúzgen. Olar tili hám kelip shiǵiwi boyinsha Armyan ústirtinde jasawshi Urartu qáwimleriniń jaqin tuwisqanlari bolǵan.

B.e.sh. III miń jilliqtan baslap Arqa-Shiǵis Mesopotamiyada yarim kóshpeli kutiy (yaki tutiy) qáwimleri jasaǵan. Olardiń tili xurritler tiline júdá jaqin bolǵan. B.e.sh. XXIII ásirdiń aqirina kutitler Mesopotamiyaǵa basip kiredi hám júz jil dawaminda ol jerde húkim súredi.

Áyyemgi zamannan baslap kassitler Iranniń arqa-batisinda, elamitlerden arqaraqta jasaǵan. B.e.sh. II miń jilliqtiń ekinshi yariminda kassit qáwimleriniń bir bólegi Diali dár`yasi oypatinda jaylasip aladi, hár jaqtan Mesopotamiya mámleketleriniń birin-Vavilon mámleketin basip aladi hám ol jerde kassitler dinastiyasin ornatadi.

B.e.sh. II miń jilliqtiń ekinshi yariminda aramey qáwimleriniń úlken topari Arqa Mesopotamiyaǵa qaray baǵdar aladi. B.e.sh. V miń jilliqtiń basina kelip, olar Siriya hám Arqa Mesopotamiyaniń xurritler hám aramey xaliqlari arasina toliǵi menen sińip ketti. Aramey xalqiniń tiliniń kóp sanliǵi hám jeńil úyreniliwi aramey tiliniń usi aymaqta júdá keń taraliwina alip keldi. Persiya Vavilondi basip alǵannan keyin b.e.sh. VI ásirde aramey tili - bul eldiń mámleketlik kantselyariyasiniń rásmiy tiline aylanadi.

B.e.sh. VII miń jilliqtan IV miń jilliqqa shekem Mesopotamiya aymaǵinda alǵashqi-qáwimlik dúzimniń idirawi hám klassliq jámiettiń payda boliw protsesi júz beredi.

B.e.sh. III miń jilliqta eldiń qubla tárepinde, Shumer tariyxiy oblastinda dáslepki kishi mámleketler payda boladi. B.e.sh. III miń jilliqtiń birinshi yarimi erte dinastiyaliq dáwir dep ataladi. B.e.sh. XXIV-XXII ásirleri siyasiy oray Mesopotamiyaniń orayliq aymaǵina awadi. Bul jerde Akkad mámleketi payda boladi, ol óz hákimiyati astina Shumer hám Mesopotamiyaniń arqa oblast`larin biriktiredi. Mesopotamiyadaǵi gegemoniya Akkad patshaliǵinan Shumer-Akkad patshaliǵina ótedi. Oniń orayi qubladaǵi Ure qalasi boladi. Oniń tariyxi b.e.sh. III miń jilliqta tamamlanadi.

B.e.sh. II mıń jilliqta Vavilon patshalıǵı bolǵan.

| | |
|---|---|
| ***Vavilon patshalıǵı tariyxiniń dáwirlerge bóliniwi*** | • eski Vavilon dáwiri (b.e.sh. XIX-XVI ásirler);<br>• Orta Vavilon yamasa kassitler dáwiri (b.e.sh. XVI-XII ásirler);<br>• Vavilonniń siyasiy hálsirewi hám ǵárezsizlik ushin gúresiw dáwiri (b.e.sh. VII-VI ásirler), ol eldi Persiya basip aliwi menen juwmaqlanadi. |

B.e.sh. XVI-XIII ásirleri Arqa Mesopotamiyaniń batis tárepinde Mitaniy mámleketi úlken rol` oynaydi.

Oniń shiǵis tárepinde b.e.sh. III mıń jilliqta Assiriya mámleketi payda boladi. Paytaxti-Ashshur qalasi. Assiriya mámleketiniń tariyxi úsh dáwirge bólinedi:

| | |
|---|---|
| ***Assiriya mámleketiniń tariyxi dáwirlerge bóliniwi*** | • eski Assiriya dáwiri (b.e.sh. XX-XVI ásirler);<br>• orta Assiriya dáwiri (b.e.sh. XV-XI ásirler);<br>• jańa Assiriya dáwiri (b.e.sh. X-VII ásirler). Bul sońǵi dáwirde Assiriya júdá úlken, Jaqin Shiǵistiń derlik barlıǵin ishine qamtiǵan ulli mámleketke aylanadi, b.e.sh. VII ásirde bul mámleket qulaydi. |

## 2. Mesopotamiyaniń áyyemgi tariyxi boyinsha derekler.

Akkad patshalari Naram-Suen hám Elam arasinda dúzilgen kelisim b.e.sh. XXIII jilǵa tiyisli. Materialliq mádeniyat estelikleri, jazba hújjetler, fol`klor shiǵarmalari, antik avtorlariniń miynetleri Áyyemgi Mesopotamiya tariyxi boyinsha tiykarǵi derekler bolip tabiladi.

Eń áyyemgi turar jerlerdi qazǵanda tabilǵan zatlar, Mesopotamiyaniń erte tariyxi haqqinda úlken bay maǵliwmatqa iye. Ol waqitlari jazba derekler bolmaǵan.

Keyingi dáwirdegi jazba derekler bir neshe túrlerge: xojaliq, yuridikaliq, diplomatiyaliq hújjetler hám tariyxiy sipattaǵi tastaǵi jaziwlarǵa bólinedi.

Mesopotamiya qalalarin qazǵanda tabilǵan xojaliq hújjetleri eldiń ekonomikasi hám sotsialliq qatnasiqlari haqqinda bay material bolip tabiladi. (Uruk hám Djelet-Násirdan 1000 tas taqtayshalari, gasurdan Shan (in)a menen 200 hújjetler, Kúltepeden 10000 kesteler, Arapxanadan 4000 tas taqtayshalar, Nippur, Vavilon, Barsippa, Sippara hám Uradan Shan (in)a menen 10000 hújjetler). Olar Áyyemgi Mesopotamiyaniń hár qiyli dáwirlerine tiyisli.

Yuridikaliq estelikler, atap aytqanda, nizamlar jiynaǵi Mesopotamiya tariyxi boyinsha áhmietli derekler bolip tabiladi. Olar da Mesopotamiya tariyxiniń hár qiyli dáwirlerine tiyisli. Máselen, eń áyyemgi Ura-Nammu nizamlari b.e.sh. III mıń jilliqtiń aqirina tiyisli. Enshunda tabilǵan nizamlar (59-stat`ya) b.e.sh. XX ásirge tiyisli. Parsi hám Isinde tabilǵan nizamlar (40-stat`ya) b.e.sh. II mıń jilliqtiń basina tiyisli. Kirisiwden, 282 stat`yadan ibarat tiykarǵi bólimnen hám juwmaqtan turatuǵin Vavilon patshasi Xammurapidiń (b.e.sh. XVIII ásir) nizamlari eń úlken nizamlar jiynaǵi bolip tabiladi. Nizamlar jiynaǵi izertlewshiler ushin bay

materialdi quraydi. Olardiń tiykarinda Mesopotamiya mámleketleri ekonomikasin, menshik qatnasiqlarin qayta tiklewge boladi, olardan tariyxtiń hár qiyli dáwirlerindegi jámiettiń sotsialliq dúzilisin hám oniń ishindegi qatnasiqlariniń siyasiy dúzilisiniń uliwma belgilerin kóriwge boladi.

Olar álbette, ústem klass máplerin qorǵawǵa baǵdarlanǵan.
Eki tsilindr formasindaǵi tastan islengen diplomatiyaliq hújjetler b.e.sh. III miń jilliqqa tiyisli.

Mari Zimirilla patsha sarayi qazilǵanda tabilǵan diplomatiyaliq arxiv b.e.sh. II miń jilliqtiń basina tiyisli.

Áyyemgi Misr aymaǵinda tabilǵan diplomatiyaliq El`-Amarn arxivi b.e.sh. II jilliqtaǵi Mesopotamiya mámleketleri tariyxi hám usi dáwirdegi xaliq araliq qatnasiqlari ushin júdá úlken áhmietke iye. Oniń ishinde Assiriya hám Vavilon patshalariniń Misr faraonlari Amenxoten III hám Exnatonǵa jazǵan xatlari bar.

Assiriya patshalari ózlerine ǵárezli mámleketler menen dúzgen shártnamalari b.e.sh. V miń jilliqtaǵi xaliq araliq kelisimler ishinde ilayiqli orin tutadi.

Shumer, Akkad, Vavilon, Assiriya hám Mesopotamiyaniń basqa mámleketleri patshalariniń tariyxiy jaziwlari áhmietli derekler bolip tabiladi.

Xramlar salinǵanda, qudaylar statuyalari tayarlanǵanda, quday hám patshalarǵa arnalǵan gimnler jazilǵanda qollanilǵan patshalardiń siyiniw jaziwlari da úlken áhmietke iye.

Assiriya patshalariniń saray arxivlerinde patshalar xat alisiwilari boyinsha saqlanip qalǵan kóplegen bahali materiallar bar (Nineva sarayinda b.e.sh. VIII-VII ásirlerge tiyisli 5 mińnan aslam xatlar tabilǵan).

Shumer, Vavilon, Assiriya dáwirlerine tiyisli patsha dizimleri tabilǵan. (Ura dinastiyasi tusinda b.e.sh. XXII ásirde dúzilgen «Shumer patshaliq dizimi») Joqarǵi hámeldarlardiń Assiriya dizimi - «mimu» b.e.sh. 911-648 jj.) hám patsha dizimleri (b.e.sh. II miń jilliqtiń basinan VII ásirdiń aqirina shekem) Assiriya tariyxi jilnamasin (VII ásirdiń aqirina shekem) aniqlaw ushin júdá bahali hújjetler bolip tabiladi. Olarda Kún tutiliwiniń aniq múddeti ushirasadi - b.e.sh. 763 jil 15-iyuń. Soniń ushin bul jilnamaniń bekkem tiykari bar dep esaplawǵa boladi. B.e.sh. XVI ásirden IX ásirge shekemgi Assiriya-Vavilon óz-ara qatnasiqlarin bayanlawshi *«Sinxron tariyxi», «Persiya patshasi Kirdiń Jańa Vavilon patshaliǵin basip aliwi haqqinda sóz etetuǵin «Vavilon xronikasi»* saqlanip qalǵan.

Patsha jaziwlari menen bir qatarda, usi tariyxiy shiǵarmalar Áyyemgi Mesopotamiya tariyxin qayta tiklewde júdá bekkem tiykar bolip tabiladi.

Bul dereklerden basqa awizeki xaliq dóretpeleri, yaǵniy epikaliq poemalar bar, máselen, «Gil`gamesh hám Aga» shumer poemasi. Oǵan Keshtiń gegemoniyasinan Urukti azat etiw ushin gúres hám eń áyyemgi Uruktiń siyasiy dúzimi haqqinda bolǵan waqiyalar kirgen.

Mesopotamiya tariyxi boyinsha eń áhmietli sirt eller dereklериniń qatarina Bibliyani atap ótiw kerek.

Antik avtorlari Mesopotamiya tábiyati kórinislerin iqlimniń ózgesheliklerin, xaliq dástúrlerin, diniy inanimlardi, mádeniyat jetiskenliklerin kórsetken, tariyx haqqinda eske túsiriwler qaldirǵan.

Grek tariyxshisi Gerodottiń (b.e.sh. V ásir) miynetlerinde Áyyemgi Mesopotamiya haqqinda júdá bahali maǵliwmatlar berilgen. Gerodot usi el boylap sayaxat jasaǵan, óziniń miynetinde ańizlardan puxta paydalanǵan, ruxaniyler hám dilmashlardiń gúrrińlerin keltirgen.

Jáne bir avtor Ktesiy Kindskiy 22 kitaptan ibarat «Persiya tariyxin» jazǵan, onda Mesopotamiya tariyxina anaǵurlim  orin ajiratilǵan.

Grek avtori Ksenofont (b.e.sh. V-VI ásirleri) Mesopotamiyada saparda bolǵan, «Kirapefiya» hám «Anabasis» shiǵarmalarin jazǵan, olarda Tigr hám Efrat oypatin, xaliqlardi hám dástúrlerdi súwretlegen.

Strabonniń «Geografiyasi» Mesopotamiya haqqinda júdá bay maǵliwmatlar deregi bolip tabiladi.

Bul avtorlardan basqa, Iosif Flaviy hám Pompey Trog miynetlerin atap ótiwge boladi, olarda Vavilon Mesopotamiya haqqinda maǵliwmatlar berilgen.

### 3. Áyyemgi Mesopotamiya tariyxnaması.

Mesopotamiyaniń áyyemgi derekleri menen birinshi bolip sayaxatshilar Veniamin Gudel`skiy XVII ásirde, daniyali ilimpaz K.Nibur (Persiya patshalariniń jaziwlarinan kóshirmeler alǵan) tanisqan.

1802 jili nemets filosofiya muǵallimi G.F.Grotefend Perseopol`den tabilǵan klinopis`ti awdarǵan. Ol axeminidler dinastiyasin aniqlaǵan, Dariy, Kserks, Vispat patshalari atlarin aniqlaǵan hám oqiǵan.

Anglichan G.Rauminson klinopis`ler shifrlarin oqiwǵa úlken úles qosti. Ol Irandaǵi Xamadan qasinda tabilǵan Bexistun jarindaǵi Persiya patshasi Dariy V júdá úlken jaziwlarin úyrendi.

Klinopis` shifrlarin oqiwdaǵi tabislar assirologiya dep atalǵan izertlewlerdiń jańa tarawiniń payda boliwina alip keldi.

Házirgi waqitta assirologiyadan jańa tarawlar bólinip shiǵip atir: shumerologiya, elamitologiya, urartologiya hám xettologiya.

Mesopotamiyada arxeologiyaliq qaziwlar XIX ásirdiń ortasinda baslanadi, dáslep olar áyyemgi estelikler izlew menen qiziqsinǵan háweskerler tárepinen júrgizilgen. Mesopotamiyaniń áyyemgi qalalarin birinshi bolip 1842 jili frantsuz ilimpazi E.P.Botli ashqan. Ol Kúyinchik hám Xorsabad awilin qazǵan. Bul awil Assiriya patshasi Sargon II niń rezidentsiyasi - Dur-Sharruxin qalasi bolǵan.

1854-1847 jillari anglichan diplomati G.A.Leyerd Assiriya qalasi Kal`ku hám Kúyinchik tóbeshigin qazadi. Ol Nineviya qulandilarin, soniń ishinde b.e.sh. VII ásirdegi Sinaxxerib patsha sarayin hám oniń aqliǵi Ashshurbanipaldiń «Tas kitaplarǵa toli» kitapxanasin ashadi. Leyerdtiń kásiplesi O.Rassom tárepinen bahali

ashiliwlar islendi. Ol Assiriya patshasi Ashshurbanipal sarayin tabadi. Bul sarayda ań hám áskeriy kórinisler rel`efli súwretlengen. Sonday-aq ol Áyyemgi Sippara qalasin ol jerdegi kún qudayi Shalashtiń xramin ashadi. Sonday-aq oqiw qurallari menen qosa mektep, hár qiyli hújjetler tabiladi.

Anglichan geologi V.Loftus Mesopotamiyaniń áyyemgi qalalarin ashiwǵa salmaqli úles qosti. Ol xramlari, xram kitapxanasinda saqlanǵan hújjetleri menen qosa áyyemgi Uruk qalasin, quday xrami, is hám mektep hújjetleri menen qosa Larsu qalasin ashqan.

1854 jili anglichan diplomati Dj.Teyler Ur qalasin, El`-Ubeyd hám Erdu awillarin ashqan.

1888 jili Dj.Peters basshiliǵindaǵi Amerika arxeologiyaliq ekspeditsiyasi Áyyemgi Nippurdi ashqan. Ol jerde uliwma shumer qudayi Ellil xraminiń qaldiqlari, 60 miń tas taqtayshalarina iye júdá úlken xram kitapxanasi, xramniń xojaliq qurilislari, saray, mektep, baǵdar, turaq jaylar, is hújjeteriniń júdá úlken arxivi tabilǵan.

XX ásirdiń basinda R.Kol`devan basshiliǵindaǵi nemets ekspeditsiyasi Áyyemgi Vavilondi ashqan. Bul jerde minarlari menen qorǵan diywallari, patsha Navuxodonosor II niń sarayi, Marduk qudayiniń xrami tabilǵan.

1903-1914 jillari nemets arxeologi V.Andrey áhmietli ashiwlar islegen. Ol eń áyyemgi Assiriya paytaxtin Ashshur qalasin ashqan. Bul jerde patsha saraylariniń qulandilari, joqarǵi Assiriya qudayi Ashshurdiń xrami, patsha qábirleri, qala turaq jaylari hám kósheleri tabilǵan.

1933-1939 jillari frantsuz arxeologi A.Parro-Mari qalasin qazǵan. Nátiyjede 20 mińnan aslam xojaliq hám diplomatiyaliq hújjetleri menen qosa b.e.sh. II miń jilliqlarda Mari patshasi Zimprilim salǵan júdá úlken saray ashildi.

1922-1934 jillari L.Vulli basshiliǵindaǵi ingliz arxeologiyaliq ekspeditsiyasi Áyyemgi Ur qalasin (b.e.sh. IV ásirden b.e. IV ásirge shekem) sistemali túrde qazdi. Ay qudayi Nippar (Sin) hám oniń hayali Ningal` qudayina siyiniw menen baylanisli xramRlar, qimbat bahali buyimlarǵa toli qábir hám mazarlari menen qosa áyyemgi patsha nekropoli, mektepler, ustaxanalar, turaq jaylar hám arxivler ashilǵan. Tutasi menen ekinshi jer júzilik uristan keyingi Mesopotamiya aymaǵindaǵi arxeologiyaliq izertlewler tómendegiler menen sipatlanadi: birinshiden, sirt el arxeologlari menen bir qatarda qaziw jumislarina Irak ilimpaz-arxeologlar qatnasadi. Ekinshiden, burin qazilǵan esteliklerge qaytadan oraliw, úshinshi sipatli belgisi-arxeologlardiń Mesopotamiyaniń áyyemgi dáwirin, onnan burinǵi tariyxin izertlew bolip tabiladi. (R.Soletskiy Shanidar turar jeriniń paleolit úngirlerin; R.Breydvux, S.Lloyd-Djarleo, Xasuk h.t.b. paleolit turar jerlerin ashqan).

Arxeologiyaliq qaziwlar nátiyjesinde tabilǵan klinopis` hújjetleriniń úlken materiallarin járiyalaw sirt el assirilogiya hám shumerologiyasinda salmaqli orin tutadi. Shifrlardi oqiwshilardiń biri G.Raulinson bolǵan. Klinopis` kestelerin

járiyalaǵan K.Bergol`d, B.Maysner h.t.b. Siyasiy tariyx hám mámleketlik dúzilis máseleleri júdá belsene izertlenedi.

Sirt el alimlari Áyyemgi Mesopotamiyaniń mádeniyat hám dini máselelerine júdá úlken diqqat awdarip atir (K.Bergol`d, B.Maysner, F.Delichi, A.Parro, S.Kramer h.t.b.). Sirt el ilimpazlari ekonomika hám sotsial qatnasiqlar mashqalalarina onsha kóp diqqat awdarmaǵan. Belgili alim P.V.Nikol`skiydi haqiyqatinda «rus assirologiyasiniń atasi» dep ataydi. Ol b.e.sh. III miń jilliqqa tiyisli 500 aslam xojaliq hújjetlerin izertlegen hám járiyalaǵan. B.A.Turaev, I.V.Volkov, V.V.Shuleykolar da salmaqli úles qosqan.

20-50 jillari akademikler N.M.Nikol`skiy A.I.Tyumenev, V.V.Struveler kóp jumislar alip barǵan. Akademik V.V.Struve shiǵistaniw ilimi rawajlaniwina úlken úles qosti, ol Mesopotamiyadaǵi sotsial-ekonomikaliq qatnasiqlar haqqinda juwmaq jasadi, áyyemgi shiǵis jámietiniń, ásirese III Ur dinastiyasi tusindaǵi jámiettiń qul iyelewshilik sipati puxta izertlewler júrgizdi.

Rus assiriloglariniń mektebi dúziledi. Olardiń ishinde I.M.D`yakonov úlken orin tutadi, ol Áyyemgi Mesopotamiyaniń sotsial-ekonomikaliq tariyxin izertleydi. Bunnan tisqari I.M.D`yakonov óz izertlewlerinde Áyyemgi Mesopotamiya xaliqlari jaziwin hám tillerin úyreniwge úlken diqqat awdaradi, 50-70-jillarda rus assirilogiyasi kóplegen ilimiy baǵdarlardi islep shiǵadi. Olardiń ishinde Mesopotamiyaniń sotsial-ekonomikaliq qatnasiqlari mashqalasi bas orin tutadi (M.A.Dandamaeva).

Alǵashqi qáwim jámietinen erte klassliq jámietke ótiw mashqalasi keń arxeologiyaliq material tiykarinda sheshildi (V.M.Masson). Bunnan tisqari, rus alimlari Áyyemgi Mesopotamiya mádeniyatin hám sotsialliq institutlarin izertlegen. Rus arxeologlari Irak aymaǵinda qaziw jumislarin júrgizgen (Tell`-Sogda, Yarim Tepe V hám 11, R.M.Munchaev)

**4. Eń áyyemgi Mesopotamiya. Klassliq jámiettiń qáliplesiwi. Áyyemgi SHumerdiń qala-mámleketleri.**

Eń áyyemgi dáwirde tas ásiri ańshilariniń turar jeri tawli rayonlarda, Mesopotamiyaniń arqa-shiǵisinda hám Kurdistan (Shanidar) shegarasinda jaylasqan. Orta paleolit dáwirinde olar úngirlerde hám qoslarda jasaǵan. B.e.sh. XI-VIII ásirleri mezolit dáwirinde xaliq áste-aqirin diyxanshiliq hám sharwashiliq penen shuǵillana baslaydi, tabilǵan zatlar buniń dáliyli boladi (Zavi-Cheli-Shanidar, Karim Shaxir). B.e.sh. VII-VI miń jilliqlarda Djarmo mádeniyati payda boladi. Xojaliqtiń eski formalari saqlanadi, adamlar otiriqli jasaydi, hár qiyli qurallar, haywanatlardiń hám hayallardiń totem statuetkalari payda boladi (hasildarliq simvoli, bezew zatlari, keramika h.t.b.).

B.e.sh. VI miń jilliqta bul aymaqta diyxanshiliq-sharwashiliq xojaliǵi qáliplesedi. Buni **Xassun** mádeniyati estelikleri dáliylleydi. B.e.sh. V miń jilliqta Arqa Mesopotamiya turǵinlari turmisinda kúshlerdiń rawajlaniwi hám qáwimlerdiń keliwi menen baylanisli edi. Bul dáwirdiń sipatli belgileri menen aniq

kóringen Tell`-Xalaf atamasi boyinsha rawajlaniwdiń usi dáwiri **Xalaf** mádeniyati dep ataldi.

Sharwa xojaliǵinda úlken qara mal salmaqli orin tutqan, hár qiyli óndirisler tez rawajlanǵan (Yarim Tepe II). B.e.sh. V ásirdiń ekinshi yariminda IV ásirdiń birinshi yariminda Túslik Mesopotamiyada Ubeyd mádeniyati qáliplesedi. (Urdiń qasindaǵi El`-Ubeyd). Oniń suwǵariw kanallariniń sistemasi bolǵan soniń menen birge ónermentshilik rawajlanǵan**.** Bul dáwirde Túslik Mesopotamiyada jańa etnikaliq tolqin - jergilikli xaliq penen aralasip ketken shumerler qáwimi payda boladi.

Uruk mádeniyati (b.e.sh. IV miń jilliqtiń ekinshi yarimi) Shumer tsivilizatsiyasiniń tiykari saliniwi menen, klassliq jámiet hám mámlekettiń payda boliwi menen sipatlanadi. Suwǵarilatuǵin diyxanshiliq barǵan sayin kóp ónim bere basladi. Ónermentshilik diyxanshiliqtan tez pát penen ajirala basladi. Gúlalshiliq óndirisi arnawli tarawǵa bólinip shiǵadi. Tovar aylanisina tiykar salinadi, sirtqi hám ishki almasiw rawajlanadi. Awillar qalalarǵa aylanadi, olardiń orayinda xramlar salinadi. Freska, kolonna, mozaika menen bezelgen júdá úlken xramlar eldiń ekonomikaliq potentsiali ósiwin aytqan sipatlaydi. Tsivilizatsiya payda boliwin 2-miń súwretli belgilerden ibarat jaziwdiń payda boliwi juwmaqlaydi. Jámiettiń múlklik bóliniwi hám sotsialliq differentsiatsiyasi tez pát penen júrgiziledi (qullar, ruwxaniyler (jretsler), ǵárezli jumisshilar). Bul dáwirde Shumerde alǵashqi jámiettiń ornina kelgen klassliq jámiet hám mámleket qáliplesedi.

B.e.sh. III miń jilliqtiń basinda Mesopotamiya aymaǵinda kóplegen hár qiyli tillerde sóylewshi xojaliqlar jasaǵan, olardiń arasinda: qublada shumerler, Efrat hám Tigr oypatliǵiniń orta tárepinde-Akkadlar, arqada-xurritler jasaǵan. Bul dáwirde Shumerdiń qublasinda bir qatar qala-mámleketler - Eredu, Ur, Larsa, Uruk, Lagash, Umma, Isin, Nippa, Kish qalalari bolǵan. Bul jerde dáwirge sipatli tiykarǵi tariyxiy protsessler júz bergen. Bul dáwirdi erte dinastiyaliq dep ataǵan, ol óz ishine b.e.sh. XXVIII-XXIV ásirlerdi qamtiǵan.

B.e.sh. III miń jilliqtaǵi Shumerdiń ekonomikaliq rawajlaniwi, irrigatsiya hám metalldan paydalaniw tiykarinda ónermentshilik, diyxanshiliq xojaliǵiniń rawajlaniwi menen sipatlanadi. Sawda ónermentshilikten bólinip shiǵadi. Qul iyelewshilik qatnasiqlari tez pát penen rawajlanadi. Uris qulshiliqtiń tiykarǵi deregi bolip tabiladi. Qullardan basqa, Shumerde kóplegen eriksiz jumisshilar, sonday-aq mayda óndiriwshiler bolǵan.

Shumerdiń qala-mámleketinde jer eki toparǵa bólingen: bir bólegi aymaqliq qáwimler menshiginde bolǵan, ekinshisi xram jerleriniń qorin quraǵan. Shumerde klassliq jámiet rawajlaniwi menen alǵashqi jámiettiń demokratiya institutlariniń belgilerin saqlap qalǵan mámleket qáliplesken.

Erte dinastiyaliq dáwirdiń basinda mámleketti «En»-qala mámlekettiń joqarǵi ruwxaniyi (jrets) basqarǵan. Usi dáwirdiń aqirinda ǵana despotiya uqsaǵan monarxiyaliq hákimiyattiń túri payda boladi. Armiya hákimniń tiregine aylanadi.

Shumerdiń b.e.sh. III miń jilliqtaǵi tariyxin erte dinastiyaliq dáwirdi quraǵan úsh izbe-iz dáwirge bóliwge boladi.

Birinshi erte dinastiyaliq dáwir (b.e.sh. XXVIII-XXVII ásirler) Kish qalasiniń bálentlewi hám Kishlerdiń V dinastiyasi basqariwi menen sipatlanadi. Hákimleriniń arasinda Etenniń ati kórinedi. Birinshi erte dinastiyaliq dáwirdiń aqirinda Uruk bálentlep baslaydi. Oniń dáslepki hákimleri arasinda Zimerkar hám Lugal`banda bolǵan.

Ekinshi erte dinastiyaliq dáwir (b.e.sh. XXVII-XXIV ásirler) Kishtiń hálsirewi menen baslanadi. Bunnan gil`gamesh basqarǵan Uruk paydalanadi.

Úshinshi erte dinastiyaliq dáwir (b.e.sh. XXV-XXIV ásirler) birlesiw tendentsiyasi kúsheyiwi, irrigatsiyaliq tarawlar dúziliwi, basqinshiliq urislar júrgiziliwi hám tawli dalaniń qáwimleri shabiwillarinan qorǵaniw menen sipatlanadi.

Ur hákimleri «Álem lugali» ataǵina iye bolǵani menen, olar gegemoniyani Lagashqa beriwge májbúr bolǵan. Ol jerde b.e.sh. XXVI ásirde Ur-nayshl tiykar salǵan dinastiya húkimlik etip baslaydi. Lagashta mámleketlik awdarispaq júz beredi, oniń barisinda «ensh» Lugal`banda qulatiladi, hákimiyatqa oniń tuwisqani Urinimgina (b.e.sh. 2318-2312 jj.) keledi. Bul hákimniń tusinda Lagashta anaǵurlim ishki hám sirtqi siyasiy ózgerisler júz beredi. Soniń menen bir qatarda Umma da kúsheedi, Lagash Umma basshiliǵindaǵi jańa siyasiy birlespeden ǵárezli bolip qaladi.

**5. Mesopotamiyada orayliq mámlekettiń dúziliwi Akkad mámleketi hám Urdiń III dinastiyasi.**

Sargon Akkad patshaliǵin dúzedi hám barliq joqarǵi ataqlardi – «Kisht lugali», «El lugali», sonday-aq «Akkad lugali» ataqlarin ózi iyelep aladi. Tigr hám Efrat araliǵinda ol jańa paytaxt quradi, oni mámlekettiń ati menen Akkad dep ataydi. Sargon pútkil Shumerdi iyelep aladi. Bunnan keyin Akkadlilar arqa-batis tárepke – Mari, Eblaǵa, Subaret eline (Arqa Mesopotamiya), Elamǵa bir qatar tabisli atlanislar jasaydi.

Nátiyjede bir hákim qol astina pútkil Mesopotamiya biriktiriledi hám Aldińǵi Aziyada júdá iri Mesopotamiya mámleketi dúzilip, paytaxti Akkad boladi. Bul hádiyse eldiń ekonomikasiniń rawajlaniwina úlken tásir jasadi. Patshaniń qúdiretli hákimiyati payda boliwinan ibarat dinastiyalardiń payda boliwi b.e.sh. XXIV-XXIII ásirlerdegi Akkad rawajlaniwiniń juwmaǵi boldi. Biraq, patshaliqtiń aqirinda ol bir qatar qiyinshiliqlarǵa duwshar boladi: armiyada kóterilis júz beredi, bir qatar oblast`lar (Subaret) hám qalalar (Kazamu Vavilon) bólinip shiǵadi.

Sargonniń miyrasxori Rimush Shumerdiń uriwliq aristokratiyasi separatizmin saplastiriw ushin bir qatar sheshiwshi ilajlar iske asirdi. Ishki siyasatta Rimush xramlarǵa kóp sawǵalar berip, ruwxaniylerdiń qollap-quwatlawina erispekshi bolǵan. Rimushtan keyin oniń kishi inisi Manishtus patsha boladi. Keyin ala Naram-Suen (b.e.sh. 2236-2200 jj.) patsha boladi. Mámleket ishindegi birinshi

naraziliqlardi bastirip, Naram-Suen óziniń dinastiyaliq hákimiyatin bekkemlewge baǵdarlanǵan bir qatar ilajlarin kóredi. Ayirim qala baslarina «ensiler» ornina óziniń balalarin qoyadi. Ruwxaniyler, yaǵniy jretsler óziniń tiregi dep esaplaǵan. Ol batista Ebla patshaliǵina, arqada - Subaret, Elam, Zagros tawlarina h.t.b. tabisli atlanislarin jasaydi.

Akkad patshaliǵi kutiyler soqqisi astinda hálsireydi. Basqinshilar Mesopotamiyaniń kóplegen qalalarin hám xramlarin qiyratadi, olardiń xalqi tutqinǵa alinip, qalǵanlari úlken saliq tólegen. Olar Mesopotamiyalilar hám ásker basilar arqali basqaradi. Usinday nayiplardiń biri «ensi» Lagasha Gudea bolǵan, ol b.e.sh. XXII ásirdiń ekinshi yariminda 20 jilǵa Shan (in)alas waqit húkim súrdi. Gudea «ensi» hám xram xojaliǵiniń aqsaqallar keńesi hám xaliq jiynalisiniń dástúrlerinen paydalandi. Gudea Lagash Arqa Mesopotamiya, Elam, Siriya, Iran, hátteki Hindstan menen sawda baylanislarin ornatqan. 125 jilǵa jaqin dáwir ishinde kútip, el ústinen siyasiy húkimdarliqqa iye bolǵan. Eń sońinda basqinshilarǵa naraziliqlar payda bola basladi, oni Urdiń qollap-quwatlawinda Uruk basqardi. Dáslep Uruktiń basinda ápiwayi baliqshi Utuxengal` turǵan. Kóp keshikpey, ol ólgennen keyin azat etilgen Mesopotamiya ústinen hákimiyatti Ur patshasi Ur-Nammu iyelep aladi. Ol ataqli III Ur dinastiyasina tiykar saladi. Bul dinastiya birlesken Shumer-Akkad patshaliǵin basqaradi (b.e.sh. XXII ásirdiń aqiri XX ásirdiń basi).

Urdiń III dinastiyasi basqarǵan waqit ishinde Shumer-Akkad mámleketi ekonomikasinda bir qatar ózgerisler júz berdi. Buzilǵan irrigatsiyaliq sistema toliǵi menen qayta tiklenedi, jańa keń kanallar tarmaqlariniń qurilisi baslanadi, keń kólemde diyxanshiliq hám sharwa xojaliqlari dúziledi, xramlar (Ur-Nammu), saraylar qurilislari júrgiziledi.

Tiykarǵi jer massasin patshaniń jer qori quraǵan. Usiniń menen bir qatarda, qáwimler hám jeke adamlardiń jerleri bolǵan.

Urdiń III dinastiyasi dáwirinde jámiet ayqin qul iyelewshilik mámleketlik dúzilisi Áyyemgi Shiǵis despotiyasiniń jetilisken formasina iye boladi. Mámlekettiń basinda sheksiz hákimiyatqa iye patsha turǵan. Ol «Ur patshasi, Shumer hám Akkad patshasi» ataqlarina iye bolǵan, oni «Álemniń tórt tárepiniń patshasi» da dep ataǵan. Din patsha hákimiyatiniń tiregi bolǵan.

Shul`ga (b.e.sh. 2093-2046 jj.) basqarǵan waqittan baslap patshalarǵa qudayliq húrmetler kórsetilgen hám oǵan siyiniw ornatilǵan. Ruwxaniyler patshalarǵa baǵinǵan. Pútkil el nayipliqlarǵa bólingen, olardi nayiplar (wákiller) basqarǵan. Patsha sudi shólkemlestirilgen. Armiya áskerler-kolonistlerden turǵan. Urdiń III dinastiyasi dáwirinde mámlekettiń sirtqi siyasati belsene alip barilmaǵan. Iranǵa hám Mesopotamiyaniń arqa aymaqlarina ayirim atlanislar bolip turǵan, al tiykarinan mámlekettiń ishinde tinishliqti saqlawǵa kewil berilgen.

III dinastiyaniń besinshi patshasi - Ibbi-Suzna (b.e.sh. 2027-2003 jj.) húkim súrgen jillari Shumer-Akkad patshaliǵiniń idiraw dáwiri edi. Xaliq massalariniń naraziliqlari, patsha xojaliǵiniń idirawi daǵdarisqa alip keldi. Mámlekettiń idirawina alip kelgen sirtqi siyasiy soqqi batistan amoreylerdiń basip keliwi boldi.

Elamitler sheshiwshi soqqi berdi, olar Mesopotamiyaǵa basip kirip, Urdi qiyratadi. Ur III dinastiyasi usilayinsha qulaydi.

Basqinshılar kóbeyiwine baylanıslı kóshpeli adamlar ótırıqshı birlespelerin basıp algan. Eramızdan aldıngı 2004 jılda batistan shóllik Ammoreyler İrannıń yassi tawlıqlarınan kelgen adamlar menen bir awqamda bir ásirden kóbirek qubla-batıs İran ham pútkil Mesopatamiyanı qadaǵalap turǵan. Urdıń 3-dinastiyasın qulatadi.[3]

As scarcities mounted, transhumant peoples began to press in upon settled communities more closely. Finally, in 2004 BCE, Amorites from the western desert joined allies from the Iranian plateau to bring down the Third Dynasty of Ur (which had controlled all of Mesopotamia and southwestern Iran for more than a century).

Bekkemlew ushın sorawlar

1. Áyyemgi Mesopotamiyanıń geografiyalıq jaylasıwı hám xalqı haqqında nelerdi bilesiz?

2. Mesopotamiya aymaqlarında eń dáslepki mámleket uyımları qashan payda bolǵan?

3. Mesopotamiyada payda bolǵan qala mámleketler hám olardıń siyasiy basqarılıwı haqqında maǵlıwmat beriń?

4. Áyyemgi Vavilon mámleketi hám onıń oraylasqan mámleketke aylanıwındaǵı tiykarǵı faktorlar nelerden ibarat boldı?

5. Xammurapi dáwirinde ámelge asırılǵan reformalar hám olardıń ámeliy nátiyjesi haqqında maǵlıwmat beriń?

6. Xammurapi nızamlarınıń tiykarında Áyyemgi Mesopotamiyadaǵı jámiyetlik hám ekonomikalıq ahwaldı analizlewge háreket etiń?

7. Ossiriya mámleketi hám onıń basqarıw forması haqqında nelerdi bilesiz?

8. Assiriyanıń Aldıngı Aziya mámleketleri menen qatnasların qosımsha dereklerden paydalanıp keńirek bayanlap beriń?

9. Áyyemgi Mesopotamiyadaǵi diniy isenimler hám olardıń xalıqtıń turmıs tárizine tásirin ashıp beriń?

10. Mesopotamiya mádeniyatınıń jáhán mádeniyatına tásirin mısallar járdeminde analizleń?

[3] Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.96-97.

**Tema: Áyyemgi Mısr tariyxı.**
**Joba:**

1. Áyyemgi Shıǵıs civilizaciyası.
2. Derekler, tabiyiy sharayatı, xalqı, mámlekettiń payda boliwi
3. Áyyemgi patshalıq dáwirindegi Egipet (b.e.sh. XXIII-XVIII ásirler).
4. Orta patshalıq dáwiri (b.e.sh. XXI-XVIII ásirler)
5. Jańa patshalıq dáwirindegi Egipet mámleketi (b.e.sh. XVI-XII ásirler).
6. Áyyemgi Egipet mádeniyatı.

**Tayanısh sózler**: Áyyemgi Egipet, Jer Orta teńizi, Gerodot, Nil sawǵasi, civilizaciya, piramidalar, Egipet, Gor, Fraun, Snofru, Nubiya, Sinay, Falestina, Liviya, Ramzes, Setnaxt, Ramzes II, Fiva, Amon, Xerixor, Tanisda, Smendes, Liviya, Sheshonk, Quddus, Iudeya, Isida, Osiris, Soxmet, Xatxor, Nil Xap, ostrakon, papiruslar, ieroglif, matematika, astronomiya, medicina.

**1. Áyyemgi Shıǵıs civilizaciyası**. Adamzat tariyxında alǵashqı jámáátten civilizaciyaǵa ótiw, qalalardıń payda bolıwı, olardıń hákimiyat hám diniy oray sıpatında qáliplesiwi, ibadatxana, saraylardıń qurılıwı, jazıwdıń payda bolıwı menen hám sonday-aq jámiyette hár túrli klasslar hám mámleketlershiliktiń payda bolıwı menen baslandı. Civilizaciya tariyxı áyyemgi Shıǵısta b.e.sh. IV mıń jıllıqlardan jámiyettiń rawajlanıwı nátiyjesinde hár túrli jámiyetlik qatlamlardıń payda bolıwı menen baslanadı. Áyyemgi Shıǵıs civilizaciyası hár túrli geografiyalıq aymaqlarda, hár túrli mámleketlerde tamamlandı. Aldıńǵı Aziyada áyyemgi Shıǵıs tariyxı Makedoniyalı Iskender júrisleri (b.e.sh. IV ásir) menen tamamlandı, Qubla hám Shıǵıs Aziya mámleketleri ushın eramızdıń II mıń jıllıǵınıń ekinshi yarımına shekem dawam etti. “Áyyemgi Shıǵıs” geografiyalıq túsinigi arqa-batıs Afrikadan Tınısh okeanına shekem hám ullı shólden Hind okeanı, Saxaraǵa shekem bolǵan úlken aymaqtı qamtıp aladı. Tiykarınan bul aymaq subtropikalıq klimatqa iye, jazı júdá ıssı hám qurǵaq, jumsaqlıǵı menen kózge taslanadı. Áyyemgi Shıǵıs xalıqlarınıń civilizaciyaları tiykarınan úllı dáryalar Nil, Dajla hám Frot, Hind, Ganga, Xuanxe, Yanczi, Ámiwdárya sıyaqlı dáryalardıń basseynleriniń ónimdarlı oypatlarında jasalma suwǵarıwǵa tiykarlanǵan xojalıq turmısın nátiyjeli rawajlanıwı menen ajıralıp turadı. Áyyemgi Shıǵıs civilizaciyası jáhán xalıqlarınıń keyingi rawajlanıwına nátiyjeli tásir kóretedi hám onıń tırnaǵı bolıp esaplanadı.

**Áyyemgi qáwimlerdiń kelip jaylasıwları, jetilisiwi hám dáslepki mámleketlerdiń payda bolıwı**. Áyyemgi Shıǵıstıń kóp sanlı etnikalıq toparlarınıń turqalı túrde as’keriy-siyasiy, sawda, mádeniy baylanısları hár túrli etnikalıq toparlardıń aralasıp ketiwine hám jańa quramalı etnikalıq birliklerdiń payda bolıwına alıp keldi. Áyyemgi Shıǵıs civilizaciyasın jaratıwda hár túrli xalıqlar, etnikalıq toparlar hár túrli dáwirlerde belsene qatnasqan.

Eń áyyemgi zamanlarda Kishi Aziya jazıq tawlarında jasaǵan qáwimlerdi protexettler dep ataw dástúr bolǵan. Protexettler hám olarǵa til jaǵınan jaqın bolǵan palaylar Aldıńǵı Aziyanıń basqa eń áyyemgi qáwimlerine tuwısqan bolǵan bolıwı da múmkin: bul qáwimlerdi házirgi zaman izertlewshileri “azianik”

qáwimleri dep ataydı. Kishi Aziyadan tabılǵan áyyemgi jazıwlardı úyreniw sonı kórsetedi, bir ǵana Xett xalqı xalıq bolıp qáliplesiwden aldın olar kishi-kishi dialekt (sheva) hám de qáwimlik tillerde sóyleytuǵın qáwimlerden iibarat bolǵan. B.e.sh. II mıń jıllıqta Xett mámleketi payda bolǵanǵa shekem Kishi Aziyada jasaǵan eń áyyemgi xalıq arasında keńnen tarqalǵan til – protexett tili bolǵan.

Ertede Arqa-Shıǵıs Afrikada hám Aziyanıń kóp jerlerinde jasaǵan kóplegen qáwim hám xalıqlardıń tillerin hám jazıwların úyreniw tiykarında áyyemgi Shıǵıs tariyxı úyrenildi.

Áyyemgi Shıǵıs xalıqlarınıń jámiyetlik dúzimi alǵashqı jámáát dúzimine qaraǵanda ádewir rawajlanǵan dúzim bolǵan. Áyyemgi Shıǵıs jámiyetinde birinshi ret despotikalıq (eziwshi) mámleket payda bolǵan, alǵashqı jámáát dúzimi dáwirinde bolsa, bunday mámleket bolmaǵan.

Áyyemgi Shıǵıstaǵı úlken-úlken xojalıqlarda qullardıń miynetinen paydalanıwdıń dáslepki uyımlasqan formaları payda bolıwı menen bir qatarda, bul xojalıqlarda úy qulshılıǵı formaları uzaq waqıt saqlanıp qalǵan. Quramalı hám keń qulash jayǵan hámeldarlıq apparatınan ibarat oraylıq hákimiyat organlarınıń bar bolıwına qaramastan, Shıǵısta jámáát dúziminiń áyyemgi formaları da kóp waqıtqa shekem óziniń áhmiyetin joǵaltpaǵan. Jerdiń ádewir bólegi ámelde jámáátlerge qaraǵan, bul jerlerdi kóbinese erkin jámiyettegiler paydalanǵan.

Áyyemgi Shıǵıs xalıqlarınıń xojalıǵı, jámiyetlik dúzimi hám mádeniyatı ásten rawajlanıp hám salıstırmalı bir qálipte qalıp ketiwi qáwim yaki jámáát menshigi bolıwı menen baylanıslı. Sonıń menen birge din áyyemgi Shıǵıs dúnyasında adamlardıń sanalı áleminiń ústinen húkimdarlıq etip óz sáwleleniwin tapqan.

Áyyemgi Shıǵıs mámleketleriniń ekonomikası menen Greciya hám Rimniń antik xalıqları xojalıqlarınıń rawajlanıwı arasında áhmiyetli parıqlar bolǵan. Teńge formasındaǵı pullar hám sawdanıń jedel rawajlanıwı menen baylanısli qala dúziminiń, áyyemgi Shıǵıs mámleketiniń antik dáwiri sońında payda bolǵan mádeniyatı da ádewir ápiwayı bolǵan.

Áyyemgi Shıǵıstıń absolyut hákimligi tek sırtqı tarepinen ǵana qúdiretli hám bekkem bolıp kóringen. Negizinde bolsa, olar ishki tárepten ádewir hálsiz mámleketler bolǵan. Egipet, Assiriya ham Iran patshaları qaysı bir basıp alıwshınıń nabıt bolıwınan keyin óz quramlıq bólimlerine bólinip, tarqalıp ketken mámleketlerdi birlestirip, jáne de tiklew ushın udayı quraldan paydalanıwǵa májbúr bolǵan.

Áyyemgi Shıǵıs mámleketleri ishki tárepinen hálsiz bolıp, kóbinese sırttan bolǵan soqqılarǵa shıdam bere almay qulaǵan. Kayxısraw yaki Aleksandr dúzgen ullı mámleketlerdiń de daǵdarısına tiykarǵı sebep, tosınnan bir-biri menen jaqın baylanısqan qurama toparlardan quralǵanlıǵı, óziniń ekonomikalıq bazasına iye bolmaǵan waqıtsha hám túbi bos áskeriy hákimshilik birlespelerinen ibarat bolǵanlıǵınan edi.

Kishi Aziya hám Arqa Siriya aymaqlarındaǵı áyyemgi qáwimler menen bir qatarda b.e.sh. II mıń jıllıqta nesiyler dep atalǵan qáwimler de tariyx saxnasında payda bola baslaǵan (Nesiy degen atama Galis dáryasınıń batisında jaylasqan Nesiy yaki Nesha degen mámleket hám qalanıń atınan alınǵan). Nesiyler protexett qáwimlerinen tili boyınsha pariqlanǵan. Keyingi tekseriwlerdiń, atap aytqanda,

B.Grozniy izertlewlerinde kórsetiliwi boyınsha, nesiylerdiń tili hind-evropa toparındaǵı xalıqlardıń tiline júdá jaqın bolǵan. Sońǵı xett (nesiy) tilindegi bir qatar sózlerdi grek, latın, áyyemgi hind hám áyyemgi slavyan tillerindegi sonday mánili sózler menen salıstırıwǵa boladı.

**2. Derekler, tabiyiy sharayatı, xalqı, mámlekettiń payda boliwi**

XIX ásirdiń ortalarinda nemets shiǵistaniwshilari R.Lepsius, G.Brugsh, frantsuz alimlari O.Mariett, G.Maspero izertlewler nátiyjesinde arxeologiya boyinsha miynetler jazadi, misr tiliniń sózligin dúzedi.

XIX-XX ásirler qaziwlar júrgizilip, Misr mámleketi payda boliwi dáwirine tiyisli, kóplegen materiallar tabiladi. (J.De-Morgan, F.Petri, **G**.Karter). Tutanxamon faraoni qoyimshiliǵi tabiliwi ájayip jańaliq bolip tabiladi.

Áyyemgi Misr tilin úyreniw shiǵistaniwdiń eń áhmietli rawajlaniw baǵdari bolip esaplanadi. Oǵan A.Erman hám K.Zete salmaqli úles qosti.

Hár qiyli dáwirler tilin hám jaziw túrlerin úyreniw kóp sanli Áyyemgi Misr jaziwlarin evropaliq tillerge awdariwǵa hám basip shiǵariwǵa múmkinshilik berdi. Olar úsh júz jil dawaminda Áyyemgi Misr tariyxi hám mádeniyatin úyreniw boyinsha áhmietli materiallar bolip tabiladi.

Kóplegen materiallar bir qatar uliwma sorawlarǵa hám teoriyaliq mashqalalarǵa juwap tabiwǵa járdemlesti. Misr xalqiniń kelip shiǵiwi hám misr tili qaysi toparǵa tiyisli ekenligi haqqindaǵi másele usi mashqalalardiń biri edi. Aldińǵi Aziya, yaǵniy Arabstan hám Mesopotamiya tili semit hám semitler toparina tiyisli. Rus alimlari da shiǵistaniwǵa úles qosti. (A.N.Olenin, A.S.Norov, V.S.Golenishev, V.A.Turaev). V.A. Turaev Misr hám Aldińǵi Aziya, sonday-aq qońsi ellerdiń áyyemgi tariyxin izertlegen. Áyyemgi misrlilardiń kóp sanli kórkem, diniy hám ilimiy ádebiyatlarin óz betinshe izertlewlerge súyenip dóretken, óziniń «Misr ádebiyati» (1920-j) degen úlken miyneti de tiykarǵi ádebiy janrlarǵa bay túrde islep shiǵilǵan. Golenishev hám Turaev idealistlik kóz-qarasta bolǵan. Olar sotsial-ekonomikaliq qatnasiqlar boyinsha máseleler menen shuǵillanbaǵan.

Akademik V.V.Struve Áyyemgi Misrdiń sotsial-ekonomikaliq dúzilisin puxta izertlegen hám basqa ilimpazlar menen birge, Áyyemgi Misr jámieti qul iyelewshilik jámieti bolǵan degen pikirge keledi.

Rus shiǵistaniwshilari Áyyemgi Misrdiń siyasiy tariyxina úlken diqqat awdarǵan. V.I.Avdiev eki tomliq «Áyyemgi Misrdiń áskeriy tariyxi»n jazǵan. Nubiyaǵa ekspeditsiya shólkemlestirgen B.B.Piotrovskiydiń miynetlerin aytiwǵa arziydi.

Uliwmalastirip aytqanda, rus alimlari sotsial-ekonomikaliq qatnasiqlarǵa hám klassliq gúreske ayriqsha diqqat awdarǵan.

***ESTE SAQLAW KEREK***

Áyyemgi zamanda grekler Misrdi Magan, Musur dep ataǵan. «Misr» atamasi greklerden kelip shiqqan, ol Memfis qalasiniń arabsha atamasi edi. Grekler Misrdi «Nil sawǵasi» dep ataǵan. Haqiyqatinda Nil dár`yasi diyxanshiliq xojaliǵin júrgiziw hám bul aymaqtiń xalqi abadan turmista jasaw ushin tiykar bolǵan.

Áyyemgi egipetliler dúniyanıń tayixındag’ı eń áyyemgi, payda bolıwı b.e.sh. IV ásir ortalarına barıp taqalatug’ın civilizaciyanı jarattı. Áyyemgi Egipet Nil

dáriyasınıń oypatında, onıń birinshi bosag'asınan baslap Jer Orta teńiziniń jag'alawlarına shekem jayılg'an aymaqta jaylasqan edi.

Gerodot Egipetti "Nildiń inamı" dep atag'an. Áyyemgi Egipettiń úsh mıń jıllıq tariyxı bir neshe iri tariyxıy dáwirlerge bólinip, olardıń hár biri Egipet civilizaciyasınıń ózine tán tikleniw, órlew hám rawajlanıw basqıshları bolg'an.

Misr mámleketiniń aymaǵi paleolit dáwirinen baslap ózlestirilgen. Bul jerde Fayum, Kom Ombo h.t.b. paleolit hám neolit jasaw orinlari aniqlanǵan. B.e.sh. VI-I miń jilliqlardaǵi Taysin mádeniyatina tiyisli diyxanlar menen sharwalardiń neolit dáwirindegi jasaw orinlari tabilǵan. Olar uriwliq qáwimlerde jasaǵan, sol waqitlari ápiwayi jer suwǵariw usillari payda bolǵan. B.e.sh. IV miń jilliqtan baslap diywallari bekkem jasaw orinlari payda boladi.

Bul dáwirde qoldan suwǵariw sistemasina tiykarlanǵan diyxanshiliq úlken jetiskenliklerge erisedi. Sawdaniń kólemleri hám ósiw páti kúsheyedi. Sotsialliq dúziliste túpkilikli ózgerisler júz beredi, bay qáwim aǵzalari hám aqsúyekler ajiralip shiǵadi. Bunnan tisqari, b.e.sh. IV ásirdiń ekinshi yariminda qulshiliq instituti payda boladi hám keń taraladi.

| | |
|---|---|
| ***Úsh tiykarǵi qatlamlar*** | • klasslardiń uriwliq, qáwimlik aqsúyekler áwladlarinan-ruxaniylar hám qurǵin qáwim aǵzalarinan ibarat ústem klass;<br>• materialliq iygiliklerdiń tiykarǵi óndiriwshiliklerinen ibarat bolǵan diyxanshiliq qáwimlerdiń erkin aǵzalari;<br>qullardiń qáliplesip atirǵan klasiniń pishini payda boladi. |

Solay etip, bunday sotsialliq qatlamlardiń payda boliwi hám klasslardiń qáliplesiw protsesi arnawli uyimnń payda boliwina alip keldi. Bul uyim payda bolip atirǵan ústem klasstiń mápi ushin jańa sotsialliq toparlar hám klasslar arasindaǵi kóp túrli qatnasiqlardi retlestiriwi tiyis edi. Eziliwshi klasslardi baǵindiriw apparati hám irrigatsiyaliq tarawdi dúziw hám isletip turiw h.t.b. jumislardi shólkemlestiriwshisi apparatinda mámleket usilayinsha payda boladi. Misr aymaǵinda birinshi mámleketler kishi oblast`lar nomlar sheginde payda boldi. Eki mámleket Joqarǵi Misr hám Tómengi Misr dúziledi. Joqarǵi Misr kúshli hám turaqli birlespege aylanadi, oniń patshasi Tómengi Misrdi ózine baǵindiriwǵa urinadi.

Tómengi hám Joqarǵi Misr patshaliqlari birden bir Misr mámleketine birigiwi Áyyemgi Misr tariyxinda umitilmas revolyutsiyaliq qubilis boldi. Qáhárli gúres nátiyjesinde Joqarǵi Misr patshaliǵi jeńip shiqti, al oniń hákimi faraon Mina pútkil Misrdiń birinshi patshasi boldi. Ol birinshi uliwma Misr dinastiyasiniń tiykarin saldi. Mámlekettiń paytaxti-Memfis qalasi boldi.

I dinastiya faraonlari eldi biriktiriw máselesinde jetiskenliklerge eristi (faraon Djer).

II dinastiya faraonlariniń tusinda Misrdi birden bir kúshli oraylasqan mámleketke birotala biriktiriw máselesi tabisli sheshildi.

Áyyemgi patshaliq dáwirdegi oraylasqan Misr mámleketi (b.e.sh. shama menen 2800 j-shama menen 2250 j).

**3. Áyyemgi patshalıq dáwirindegi Egipet (b.e.sh. XXIII-XVIII ásirler).** Ónimdar diyqanshılıq Áyyemgi patshalıq dáwirindegi Egipet mámleketiniń ekonomika hám baylıǵınıń tiykarı bolǵan. Ónermentshilik hám texnikanıń tiykarǵı úsh tarawinda sezilerli tabıslarǵa erisilgen. Bular – mıs quyıw, tastı qayta islew hám gúlalshılıq. Óndiriste mıstı qollanıw úlken áhmiyetke iye bolıp, ol insannıń texnikalıq imkaniyatların keńyeytti. Áyyemgi patshalıq dáwiri tastan kórkem imaratlar (piramidalar, qala diywalları) qurılısınıń baslanıwı bolıp, ol tastı qayta islewdiń joqarı sheberligine mútájlikti keltirip shıǵardı. Húkimdar qatlamnıń jeńilliklerin qorǵawǵa, suwǵarılatuǵın diyqanshılıqtı shólkemlestiriwge, jámiyetlik tártipti saqlap turıwǵa zárúrlik kóp sanlı hám jaqsı shólkemlestirilgen mámleketlik basqarıwdı jaratıwǵa alıp keldi. Ol úsh tiykarǵı buwınnan ibarat, oraylıq, wálayat hám jergilikli (jámáát-jasaw orınları dárejesinde) basqarıw. Oraylıq basqarıwdıń basında patsha turıp, ol Joqarı hám Tómengi Egipet patshası, Goz qudayınıń tımsalı ataqların alǵan. Fraun Egipet mámleketiniń ayırıqsha qúdiretiniń tımsalı esaplanıp, tolıq hákimiyatqa iye, yaǵnıy óz qol astında nızam shıǵarıw, orınlaw hám sud hákimiyatların uslap turatuǵın edi. Fraunnıń Joqarı hám Tómengi patshası ataǵınan kelip shıqqan halda mámleketti basqarıw da eki túrli sistemaǵa iye: hár bir mákeme ámeliy jaqtan eki bólimge bólingen bolıp, Joqarı hám Tómengi Egipetke xızmet etetuǵın edi.

Pútkil Egipet úlken dereckleriniń oraylıq húkimet qol astında toplanǵanlıǵı sırtqı siyasatta da tabıslraǵa erisiwine alıp keldi. Tórtinshi dinastiyanıń tiykarın salıwshı Snofru (b.e.sh. XXVIII ásir) júdá puxta islengen basqınshılıq háreketin alıp bardı. Onıń basshılıǵında Egipet sırtqı siyasatınıń baǵdarları islep shıǵıldı: 1. Qublaǵa, Nubiyaǵa. 2. Arqa-shıǵısqa, Sinay hám Falestinaǵa. 3. Batısqa, Liviya qáwimleri tárepke. Bul baǵdarlarda ol úlken jeńislerge erisedi.

Biraq 4-dinastiyanıń basqarıwınıń aqırında Egipette ishki ahwal shiyelenisti. Úlken piramidalardı qurıw hám jedel basqınshılıq siyasatın ótkeriw mámlekettiń barlıq kúshleriniń agressiv háreketin talap etti, al bul bolsa insanıylıq hám materiallıq qurallardıń biykarǵa jumsalıwına hám aqır-aqıbetinde mámlekettiń hálsirewine alıp keldi. Xalıqtı ekspluataciyalaw narazılıqtı keltirip shıǵaratuǵın, jámiyetlik qarama-qarsılıqlarǵa alıp keletuǵın edi. 5-dinastiya fraunları (b.e.sh. XXVI-XXV ásirler) mámlekettegi ishki awhaldı bekkemlewge umtılıp úlken piramidalardı qurıwdan bas tarttı. Olar oraylıq basqarıwǵa jergilikli hám hámeldar adamlardı qatnastırdı. Bunıń menen aristokratlardıń keń sheńberlerine jol ashıp berip, Egipet aqsúyekleriniń ulıwma ahwalın bekkemledi. 4-dinastiya waqtında (b.e.sh. XXV-XXIII ásirler) kishi qalalardıń aqsúyekleri (nomalar) hám hámeldar shaxslardıń irilesiw procesi dawam etti. Materiallıq hám insanıylıq baylıqlardıń jergilikli hákimayattıń paydasına qayta bólistiriliwi júz berdi. Oraylıq hákimiyattıń Egipettiń sırtqı siyasiy tásiri siyaqli ekonomikalıq hám siyasiy qúdireti de qulaydı. 6-dinastiyanıń saplastırılıwınan keyin (b.e.sh. XXIII ásir) Memfis patshalıǵınıń hákimiyatı tek sóz júzinde qaladı.

Eramızdan aldıngı 2200 jıllar atrapında Áyyemgi Misr patshalıǵı qulaǵan.Qulawına sebep, Memfisde kóplegen samarasız patshalardıń nadurıs alıp barǵan siyasatı sebeb bólgan.[4]

Around 2200 BCE, the Old Kingdom of Egyptcollapsed. Evidence for its ruin includes ahistory of numerous ineffective rulers in Memphis.

Mámleket bir yaki birneshe nomalardan ibarat birneshe gárezsiz knyazliklerge bólinip ketedi.

Áyyemgi patshalıq dáwiri saplastırıladı. Egipettiń "Áyyemgi Egipet tariyxınıń birinshi ótiw dáwiri" dep atalǵan túskinlik hám ıdıraw dáwiri baslandı.

**4. Orta patshalıq dáwiri (b.e.sh. XXI-XVIII ásirler)** ulıwma Egipet mámleketi, Oraylasqan mámlekettiń yarım gárezsiz, bir-birine alternativalı nomalarǵa bólinip ketiwi ulıwma egipetlik suwǵarıw sistemasınıń buzılıp ketiwine, ekonomikanıń hám 1-gezekte pútkil awıl xojalıǵınıń daǵdarısına alıp keldi. Xojalıqtıń ıdırawı, ashlıq Egipet xalqınıń eń kámbaǵal qatlamlarınıń qarsılıǵında hám hátteki ashıq kóterilisinde kórindi.

Kópshilik egipettaniwshılar iri xalıq qozǵalańın (derlik mámlekettiń hár túrli bólimlerindegi birneshe qozǵalańlardı) tap usı 1-ótiw dáwiriniń aqırına tiyisli dep esaplaydı. Bular haqqında "Ipuser timsali", "Neferti timsali"inda bayan etiledi.

Biraq awır qıyralıwlardı saplastırıw zárúrligi Egipet húkimdarlarınıń aldına kúshli Egipet mámleketin qayta tiklew sıyaqlı mashqalanı qoyadı. Egipettiń jańadan birlesiwi ushın gúres hám arqada, hám batısta baslandı. Arqada birlestiriwshi oray bolıp Gerkleopol, batısta Fiva bolǵan.

Fiva hákimi Mentuxoteptiń jeńisi Geraklepol penen Fiva arasındaǵı ayawsız sawashtıń juwmaǵı boldı (b.e.sh. XXI ásir). Egipet jámiyeti, mámleket hám mádeniyatınıń jańadan rawajlanıwı baslanıp ol úsh júz jıl dawam etedi hám Orta patshalıq atın aladı (b.e.sh. 2005-1715 –jıllar. 11-13 dinastiyalar).

11- hám ásirese 12-dinastiya fraunları orayliq húkimettiń qol astında mámlekettiń insanıylıq hám materiallıq baylıqların jámlep, Áyyemgi patshalıq dáwirindegi ulıwma Egipet suwgárıw sistemasın tikleydi.

Bul waqıtqa kelip, egipetliler salıstırmalı jumsaqlaw dep esaplaǵan mıstan óziniń sapası menen joqarıraq turatuǵın bronzanı ózlestirdi.

Rawajlanǵan ekonomika tek pútkil xalıqtıń talabın ǵana qanaatlandırıp qalmastan, al ónimniń ádewir artıqsha bólegi: biyday, ónermentshilik ónimlerin de beretuǵın edi.

Orta patshalıq dáwiri Egipet ekonomikasınıń ózine tán ózgesheligi jeke xojalıq qatnasları, bazar menen baylanıslar, qullardıń miynetinen paydalanıw keń rawajlanǵan orta xojalıqlardı bekkemlew edi.

Ortasha jer-jaylar menen birge mayda jer iyeleriniń qádiri artıp baradı. Kishkene jer uchastkasın paydalanıw menen awıl xalqı shuǵıllanatuǵın edi. Tikkeley óndiriwshilerdiń tiykarǵı bólegin qurawshı mayda jer iyeleri Orta patshalıqtıń hújjetlerinde "xumuuni-sut" – "patsha adamlar" sózleri menen belgilengen. Orta patshalıq dáwirinde qullardıń sanı Áyyemgi patshalıq dáwirine

---

[4]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.85.

qaraǵanda kóbeyedi. Qullardı keltirip shıgáriw'shı tiykarǵi derek jenısli urıslar bolıp, olardan Egipetke on mıńlaǵan  tutqınlar aydap keltiriletuǵın edi. Olar bolsa patshaniń piramidalardı qurıwında, aqsúyeklerdiń xızmetinde, geyde orta xojalıqlarda da xızmet eter edi.

Orta patshalıq dáwirindegi jeke qulshılıqtıń rawajlanıwı Egipet jámiyetlik qatnaslarınıń xarakterli belgisi bolıp tabıladı.

Egipettiń oraylasqan mámleketke birlestiriliwinen keyin Áyyemgi patshalıq dáwirinde-aq júzege kelgen kóp sanlı byurokratiyalıq apparat qayta tiklendi. Pútkil basqarıwdıń eń joqarısında turǵan fraun, "Ranıń denesinen bolǵan uli", quday adam turıp, ol absolyut hákimiyatqa iye edi. Biraq Orta patshalıq fraunlarınıń qolınan jergilikli aqsúyeklerden kelip shıqqan nomarxlar dep atalǵan nomalardı basqarıw kelmedi.

13-dinastiya húkimdarlarınıń (b.e.sh. 1789-1645-jıllar) mámlekettegi ishki awhaldı turaqlastırıw mashqalasınıń sheshimin tabıwga shaması jetpedi.

Shiyelenisken ishki hám sırtqı ahwal, oraylıq hákimayattıń hálsirewi sharayatında keń xalıq qatlamınıń narazılıǵı ámeldegi dúzim hám onıń húkimdarlarına qarsı kóteriliske aylanıp ketedi. Mámlekette kelip shıqqan awır ishki ahwaldan giksoslardıń birlespesi paydalanıp qalıp, olar b.e.sh. XVII ásirde birinshi pútkil Nil dáryasın iyeleydi, al keyin ala óz hákimiyatların Joqarı Egipetke qarap tarqatıwǵa erisedi. Sonıń menen Egipette Orta patshalıq dáwiri tamamlanadı hám basqa jaqtan kelgenler – giksoslardıń húkimdarlıǵı dáwiri baslanıp, onıń húkimdarı 15-16-Egipet dinastiyaların (b.e.sh. 1675-1554 jıllar) quradı.

Egipet tek onı ǵana emes, al Sinay yarım atawın hám Siriya shólin birlestirgen sheksiz Giksos mámleketiniń bir bólegine aylandı. 3-dinastiyanıń qulawınan keyingi nomalardıń gárezsizliginiń dáwiri hám b.e.sh. XVIII ásirdiń aqırı–XVI ásirdiń ortaların qamtıp alǵan giksoslar húkimdarlıǵınıń waqtı "ekinshi ótiw dáwiri" atın aldı.

**5. Jańa patshalıq dáwirindegi Egipet mámleketi (b.e.sh. XVI-XII ásirler).** Giksoslar menen gúreste Egipettiń burıngı paytaxtı-Amon qudayı butınıń ulıwma Egipet orayı jaylasqan Fiva qalasınıń húkimdarları bas boldı.

Qubla dinastiyanıń fraunlarınan biri Kamesu basqınshılardı Egipetten quwıp shıǵarıw ushın bolǵan gúreste bas boldı. Sırt elliler  menen bolǵan gúres Kamesunnıń inisi fraun Yaxmos tárepinen dawam ettirilip, aqırına jetkeriledi. Áyyemgi Egipettiń ájayıp  dáwiri- shama menen bes júz jıl dawam etken Jańa patshalıq dáwiri 18-20-dinastiyalardı (shama menen b.e.sh. 1554-1075-jıllar) qamtıp aladı. Tap mine usı dáwirde aymaǵı boyınsha úlken Egipet mámleketi dúzildi, áyyemgi Egipet civilizaciyası bolsa óziniń rawajlanıwınıń eń biyik shıńına kóterildi. Fraunlar, úlken kúsh hám materiallıq baylıqlarǵa iye bola otırıp, xojalıqtıń turmısın janlandırıwǵa hám eń dáslep awıl xojalıǵınıń gúllep-jaynawına járdem beriwshi siyasattı alıp baratuǵın edi.

Miynet quralların jasaw ushın (ásirese 19-dinastiya dáwirinen) eń kóp qollanıla baslaǵan nárse bronza boldı.

Jańa patshalıq dáwirinde Egipet ekonomikası awıl xojalıǵı hám ónermentshilik ónimlerin burıngıǵa qaraǵanda kóbirek óndirip shıǵara basladi.

Egipettiń jámiyetlik turmısındağı áhmiyetli ózgeris – bul qulshılıq qatnaslarınıń tarqalıwı hám bekkemleniwi boldı. Qullardıń qatarı jeńisli júrislerden keyin aydap keltirilgen júz mıńlağan tutqınlardıń esabınan artıp bardı. Qullardıń úlken bir bólegin basqa jurtlar-Falestina, Siriya, Finikiya, livanlılar, nubiyalılar hám basqalar quradı. Aqsúyekler, saray xızmetkerleri hám joqarı ruwxanıylar armiyanıń komandalıq quramında, oraylıq hám noma basqarıw apparatınıń qol astında jámlenetuğın edi. Qullardı bay jer iyeleri hám ónermentler satıp alıwı múmkin. Qulshılıq qatnasları Áyyemgi Egipet jámiyetlik qatnaslarınıń ulıwma sistemasında áhmiyetli rol oynay baslaydı. Dáslepki waqıtlarda 13-dinastiya Egipet fraunların qollap-quwatlap turğan nomanıń aqsúyekleri hám joqarı ruwxanıylardıń joqarı qatlamı basqınshılıqlardan úlken payda kórdi. Úlken insanıylıq hám materiallıq baylıqlarğa iye bolğan nomanıń aqsúyekleri hám joqarı Fiva ruwxanıyları óziniń tásir kúshlerinen paydalanıp, fraunlar siyasatınıń qáliplesiwine tásir kórsetiwge háreket etti.

Nomanıń aqsúyekleri hám Fiva ruwxanıyları menen shah xızmetindegilerdiń arasında qarama-qarsılıqlar kúshli bolıp, bul aqır-aqıbetinde Exnatonnıń diniy reformasına alıp keldi.

Fraun Amenxotep IV diniy-siyasiy reformanı ótkeriwge háreket etip kórdi. Bundağı maqseti, bir tárepten, Egipet dinin ózgertiw, ekinshi tárepinen, joqarı ruwxanıylar, ásirese Fivalıqlardıń siyasiy tásirin joq etiw edi. Exnatonnıń diniy-siyasiy reforması hám onıń úziliske túsiwi Egipet jámiyetinde jámiyetlik dağdarıstıń kúsheyiwine alıp keldi. 9-dinastiyanıń húkimdarları aldında Egipet jámiyetiniń ishki birlespesiniń hám onıń sırtqı qúdiretiniń tikleniwi sıyaqlı quramalı wazıypalar turadi.

Askeriy-siyasiy tárepten alğa ilgerilewdiń baslanıwı Xoremxeb (b.e.sh. 1334-1306-jıllar) iskerligi menen baylanislı edi. Xoremxeb dáslep húkimdar qatlam hám armiyanıń ishinde ishki birlestiriwdi maqset etken bir qatar reformalarga kiristi.

Xoremxeb dáwirinde Egipet mámleketleriniń ishki hám sırtqı qúdiretin qayta tiklew ushın sharayatlar jaratıldı. Onıń mirasxorları Ramzes I hám Seti I bekkemlenip alğan áskeriy-ekonomikalıq kúshke súyengen halda hám arqa, hám batıs bagdarlarında kúshli sırtqı siyasat ótkeriwge kiristi.

Egipet imperiyasın qayta tiklew hám onıń Jaqın Shığıs ómirindegi úlken rolin tastıyıqlaw b.e.sh. XIII ásirde Ramzes II (b.e.sh. 1290-1224-jıllar) húkimdarlığı waqtında júz berdi.

Ramzes II niń uzaq jıllıq basqarıwı úlken Egipet mámleketi hám mádeniyatınıń rawajlanğan dáwiri boldı, biraq onıń miyrasxor dáwirinde-aq ahwal ózgere basladı. Ramzestiń miyrasxorı onıń 13 jasar ulı Merneptax (b.e.sh. 1224-1214-jıllar) mámlekettiń hám ishki, hám sırtqı shiyelenisken mashqalalarınıń sheshimin tabiwı kerek edi.

Ataqlı hámeldar Setnaxt ishki hám sırtqı ahwaldi turaqlastırıwğa eristi. Ol taxtqa otırıp, jańa 20-dinastiyanıń (shama menen b.e.sh. 1200 j.) tiykarın saliwshı adamğa aylanadı.

B.e.sh. XI ásirdiń basında Ramzes II (shama menen b.e.sh. 1075-jıl) óliminen keyin 20-dinastiya saplastırıladı. Qublada Fivadağı hákimiyat Amon qudayı joqarı ruwxanıy Xerixordıń qol astına ótedi. Arqada Tanisda bolsa 21-dinastiyanıń

tiykarın salıwshı, tek Tómengi Egipette hákimlik etken Smendes (Nesubanebdjed) qolına ótedi. Bul waqıyalar menen Egipet tariyxınıń jarqın dáwiri – Jańa patshalıq dáwiri tamamlanadı.

Shama menen b.e.sh.1075-jılda Jańa patshalıqtıń birden-bir oraylıq mámleketi qulawı menen Egipet óz tariyxınıń kelesi (Kech) dáwirine kiredi (b.e.sh. 1075-332-jıllar).

Bul dáwirde Egipetti birlestiriw isleri ya Egipet aqsúyekleriniń qandaydur toparı (24, 26 hám 28 sais, 29 mendes hám 30 sevennit dinastiyaları) tásiriniń esabınan yaki mámleket ústinde ózgeler (22-23 liviyalılar, 25 nubiyalılar hám 27 parsi dinastiyaları) húkimdarlıǵı ornatılıwı esabınan boladı. Mámlekette pútkil Kelesi dáwir dawamındaǵı haqıyqıy siyasiy tásir Egipet aq súyekleri noma toparlarınıń qolında boldı.

Shama menen b.e.sh. 945-jılı Liviyanıń ataqlı qáwimlerinen biriniń wákili Sheshonk I 22-liviya dinastiyasın dúzedi (shama menen b.e.sh. 945-722-jıllar). Sheshonk I shama menen b.e.sh. 930-jılı Iudeya (Yahudiya)ǵa bastırıp kiredi. Quddus, Iudeyanıń kóplegen qalaların hám xalıq punktlerin iyeleydi, baylıqların qolǵa túsiredi.

Mámlekettiń ishinde bóliniwshilik kúsheyip ketip, dinastiyanıń ózi hár túrli qalalar – Bibastis, Memfis, Garkleopolda jaylasqan tarmaqlarǵa bólinip ketedi.

Shama menen b.e.sh. 808-jılı Tanis húkimdarı ózin pútkil Egipettiń patshası dep járiyalaydı hám jańa 23-dinastiyanı baslaydı. Bul dinastiya da kelip shıǵıwı boyınsha Liviyadan bólinip, mámleketti 22-dinastiya menen parallel túrde b.e.sh. 730-jılǵa shekem, yaǵnıy bólsheklenip ketken Egipet Nubiyadan kelgen jańa basıp alıwshılardıń jeńil oljasına aylanǵan waqtına shekem basqaradı.

Egipet ózin b.e.sh. 664-jılǵa shekem basqarǵan kúshli fraunlar (25 Efiopiya dinastiyası, áyyemgi grekler kushitlerdi efioplar dep ataǵan) tárepinen pútkilley boysındırıladı. Egipet hám Kush bir mámleketke birlestiriledi.

Assiriya patshası Asarxadon b.e.sh. 674- hám 671-jıllardaǵı eki júristen keyin Egipetti boysındıradı. Assiriyanıń Egipet ústinen húkimdarlıǵı 15 jıl dawam etedi (b.e.sh. 671-655-jıllar). Kushitler ústinen jeńiske erisken assiriyalılar 25-efiop dinastiyasınıń Egipettegi basqarıwın saplastırdı. Arqa Egipettiń ekonomikalıq turmısında áhmiyetli rol oynaǵan Sais qalası ossuriylar menen gúres hám mámleketti qayta birlestiriwiniń shólkemlestiriwshisi bolıp shiǵadı. B.e.sh. 655-jılı mámleketti birlestiriw tamamlanadı. Birlesken Egipet, sonday-aq Lidiya, itimal, Vavilon menen bolǵan awqamǵa súyengen Psammetix I mámleketten ossuriylerdi quwıp shıǵaradı. Fraunlardıń taxtına 26-Sais dinastiyası (b.e.sh. 664-525-jıllar) keledi.

Psammetix I diń ulı fraun Nexo II (b.e.sh. 610-595-jıllar) Egipet Afrikadaǵı qúdiretin bekkemleydi, sonday-aq Orta Jer teńizi sawdasın kúsheytedi.

B.e.sh. 525-jılı Iran patshası Kambiz Egipetke qarsı urıs baslaydı. Egipettiń tariyxında "birinshi parsı húkimdarlıǵı" dep atalǵan dáwir (b.e.sh. 525-404-jıllar) baslanadı.

Irannıń húkimdarlıǵı tek b.e.sh. 332-jıldıń aqırında Iskender Zulqarnayn (Aleksandr Makedonskiy) áskerleri Egipetke kirip keliwi menen tamamlanadı. Jergilikli xalıq onı quwanısh penen kútip aladı hám fraun ataǵın aladı. Usınnan

baslap Egipet antik dúnyanıń mádeniy-tariyxıy aymagına kiredi hám óz tariyxınıń jańa ellinistlik basqıshına qádem qoyadı.

**Áyyemgi Egipet mádeniyatı.** Egipet mádeniyatı shama menen tórt mıń jıl dawamında jaratılıp, rawajlanıwdıń uzaq hám quramalı jólın basıp ótedi.

Áyyemgi egipetlilerdiń dini Nil oypatınıń tábiyiy ózgesheliklerin, jámiyettiń jámiyetlik-ekonomikalıq hám tariyxıy rawajlanıwınıń ózine tán táreplerin sáwlelendirgen.

Egipetliler quyash, ay, Nil dáryası, qorqınıshli sahra, jaratılısqa qáwip salıwshı jırtqısh haywanlar, tábiyattıń hár túrli kúshlerine sıyınatuǵın edi. Diyqanshılıqtaǵı suwǵariw sistemasınıń shólkemlestiriwshisi, adamlar hám tábiyiy kúshlerdiń húkimdarı esaplanǵan patshalıqtı alıp barıp atırǵan fraun da izzet-húrmettiń obyektine aylandı. Egipettiń dini uzaq joldı basıp ótip, Jańa patshalıq dáwirine kelip tamamlanǵan diniy dúzimge aylandı. Eń kóp húrmetke iye bolǵan joqarı qudaylar: sıyınıw orayı Geliopolda jaylasqan kúndizgı aspanda aspan atına aylanıwshı júriwshi quyash qudayı Ra, sıyınıw orayı Memfis bolǵan bir sózi menen qudaylar hám pútkil dúnyanı jaratqan quday – Ptax esaplanǵan.

Fivalılar Ra qudayına bir qatar wazıypalardı qosqan halda Amon qudayın kóterip shıqtı hám Egipettiń eń tiykarǵı qudaylarınan birine aylandırdı. Amon-Ra dúnyanıń jaratıwshısı, patsha hákimiyatı, Egipettiń qúdiretli qollawshısı esaplanatuǵın edi.

Áyyemgi Egipet qudaylarınıń ishinde Osiris te ataqlı bolıp, ol óliwshi hám tiriliwshi tábiyattıń tımsalı, o dúnyanıń iyesi, patsha hákimiyatınıń qollawshısı esaplanadi.

Onıń sińlisi hám hayalı Isida quday-ana, er-zayıplılıq hám analıq qollawshısı sıpatında túsiniletuǵın edi. Osiris hám Isidanıń ulı Xor aspan hám nurdıń tımsalı edi hám fraunnıń qorǵawshısı, onıń jerdegi sáwlesi esaplanatuǵın edi. Tot danalıq hám esap qudayı bolıp, hayal quday Soxmet qúdiretli kúshtiń tımsalı, hayal quday Xatxor aspan, muhabbat hám quwanıshtıń qudayı esaplanatuǵın edi. Nil Xapi atı menen húrmetlengen.

Patshalıq etip atırǵan fraunǵa sıyınıw kúshli edi. Ruwxanıyler pikirinshe, fraun insannıń kelbetine kirgen quday dep esaplanǵan.

Egipet jazıwı b.e.sh. IV asirde payda bolǵan, qáliplesiwdiń uzaq jolın basıp ótken hám rawajlanǵan sistema sıpatında Orta patshalıq dáwirinde tiykarlandı. B.e.sh. II as'irdiń ortasına kelip eń kóp qollanılatuǵın ieroglifler shama menen 700 den ibarat bolǵan edi. Olar tiykarınan tas, ılay taxtalar (ostrakon), aǵash hám shamǵa jazılǵan. Keyin ala ataqlı papiruslar oylap tabılgán.

Ieroglifler tiykarınan hákim klass wákillerine úyretiletuǵın edi. Joser fraunı ushın birinshi piramida qurılıp, keyin ala bul keń rawajlanǵan. Egipet mádeniyatı sistemasında ilim joqarı dárejege kóterilip, matematika, astronomiya hám medicina júdá jaqsı rawajlandı.

Bekkemlew ushın sorawlar

1. Áyyemgi Egipettiń geografiyalıq jaylasıwı hám xalqı haqqında nelerdi bilesiz?

2. Áyyemgi Egipettiń aymaǵında eń dáslepki mámleket uyımları qashan payda bolǵan?

3. Áyyemgi Egipet patshalıgı hám onıń siyasiy basqarıwı haqqında maǵlıwmat beriń?

4. Egipet oraylasqan mámleketiniń qáliplesiw procesin bayanlap beriń?

5. Egipetke qońsı xalıqlardıń basqınshılıǵı hám onıń nátiyjesin talqılań?

6. Giksoslar húkimdarlıǵı dáwirinde Egipettiń jámiyetlik-siyasiy ahwalı haqqında maǵlıwmat beriń?

7. Egipettiń Aldıńǵı Aziya mámleketleri menen bolǵan qatnasların qosımsha dereklerden paydalanıp keńirek bayanlap beriń?

8. Áyyemgi Egipettegi diniy isenimler háqqında maǵlıwmat beriń?

9. Egipette tálim sisteması hám onıń rawajlanıwı haqqında qosımsha derekler tiykarında analizleń?

10. Egipet mádeniyatınıń jáhán mádeniyatında tutqan ornına salıstırmalı baha beriń?

## Tema: Áyyemgi dáwirde Kishi Aziya.

**Joba:**

1. Kishi Aziya eli hám xalqi.
2. Xett patshaliǵi.
3. Kishi Aziya batisindaǵi mámleketler. Lidiya mámleketi.

**Tayanish túsinikler:** Kishi Aziya áyyemgi zamanda, onıń xalqi, derekleri hám istoriografiyasi. Tariyxiniń eń áyyemgi dáwiri, Xett patshaliǵi. Kishi Aziya batisindaǵi mámleketler. B.e.sh. V-II miń jillarda Troya patshaliǵi. Lidiya mámleketi.

Kishi Aziya - bul yarim ataw. Onıń jaǵalarinda bir neshe teńizlerdiń (Qara teńiz, Egit teńizi, Jer Orta teńizi) suwlari tolqinlap tur. Evropadan oni Bosfor hám Dardanella buǵazlari ayirip tur. Onıń shiǵis tárepi dala ústirti, ol tawlar (Pontiy tawlari hám Antitavr) hám Qizil Irmaq dár`yasi menen qorshalip tur. Batis tárepindegi jaǵalarda qolayli qoltiqlar jaylasqan.

Kishi Aziyaniń Evropa hám Aziya materikleri arasinda geografiyaliq jaylasiwi sawda, áyyemgi mádeniy baylanislardiń rawajlaniwinda hám etnikaliq kóship-qońislawlarda onıń áhmiyetli ornin belgiledi.

Xettler yamasa proxettler hám xurritlerdiń qáwimin Kishi Aziyaniń áyyemgi xalqi dep atawǵa boladi.

B.e.sh. II miń jilliqtiń basinda Kishi Aziyada hindevropaliq tilde sóylewshi xettler, al b.e.sh. II miń jilliqtiń ortalarinda grekler-axeyler hám friygiyler jasaǵan.

B.e.sh. VIII-VII ásirleri Kishi Aziyaǵa kimmeriyler kelip baslaydi.

1823-jili F.Shampol`on tárepinen Ramzes II jaziwlari ashiladi, XIX ásirdiń 40-jillari R.Lepshus tárepinen «Kadesh qasindaǵi sawash» atli Misr poemasi hám Misr-Xett shártnamasiniń járiyalaniwi, sonday-aq Xett mámleketi paytaxti –

Xattusti, qaziwlar qúdiretli Xett mámleketiniń ózi tariyxta bolǵanliǵi haqqinda maǵliwmatlar berip qoymastan, onıń mádeniyatin toliq ashiwǵa múmkinshilik bergen. Bul jerde Akkad tilinde, ayirimlari xett xaliqlari tilinde klinopis` hújjetleriniń úlken arxivi tabilǵan.

Xett jaziwlarin izerlewde chex ilimpazi B.Grozniy úlken rol` oynaǵan. 1915-1917-jillari ol xettler klinopisi shifrlarin oqiǵan (patsha jaziwlari, diplomatiyaliq, xojaliq hám ádebiy-diniy tekstler, faraonlardiń Assiriya hám Vavilon patshalari menen xat alisiwlari h.t.b.).

Materialliq mádeniyat estelikleri, epigrafiyaliq hújjetler hám antik avtorlariniń miynetleri Kishi Aziya batis mámleketleriniń tariyxi boyinsha tiykarǵi derekler bolip tabiladi.

Troya qalasi, Frigiya paytaxti-Gordion hám Lidiya paytaxti-Sard, sonday-aq batis Kishi Aziyaniń basqa oraylari qulandilarin qaziw úlken áhmiyetke iye boldi.

Kishi Aziya mámleketshiliginde Xettden keyin Gretsiya tásiri kusheyib, Troya mámleketi payda bolıp o‘z dáwiriniń qudretli mámleketine aylanadı. Aiyemgi Troyanı 1870 jıldan izertlegen nemis alımı G. SHliman aynan Turkiyanıń Arqa - batıs aymaqlarında eramızdan aldıngı 2 mın jılliqtıń aqırlarında o‘zine tán mámleketchilik basqıshı bo‘lǵanlıǵın anıqladı[5].

In the 1870s the German archaeologistHeinrich Schliemann identified Troy level I as a thirdmillenniumBCE fortified settlement with monumental stonegateways and stone-paved ramps. The extremely rich Troy level II had five large buildings called megarons, forerunnersof the classic Greek temple.

A.Sens, I.Fridrix, R.Gusmani, Z.Larosh h.t.b. ilimpazlar epigrafiyaliq esteliklerdi hám lingvistikaliq materiallardi izertlewge salmaqli úles qosti.

B.e.sh. II ásirdiń grek tariyxshisi Apolodordiń epikaliq ańizlari hám mifleri Troya, Frigiya hám Lidiya patshaliqlari tariyxi mádeniyati boyinsha bay materiallarǵa iye.

Greklerdiń «Iliada» hám «Odisseya» epikaliq poemalari Troya tariyxi boyinsha áhmiyetli derekler bolip tabiladi. Oni soqir jirshi Gomer dóretken. Dástanda keltirilgen kóplegen maǵliwmatlardiń haqiyqiy ekenligin jańa izertlewler dáliyllegen. Ilimpazlardiń pikirlerine qaraǵanda, shiǵarma Troya urisina (b.e.sh. XIII ásir) qatnasiwshilardiń jeke baqlawlari tiykarinda jazilǵan.

Lidiya tariyxi, ol haqqinda geografiyaliq hám tariyxiy maǵliwmatlar antik avtorlardiń miynetlerinde, atap aytqanda, Gerodottiń «Tariyxinda, Strabonniń Geografiya»sinda, Nikolay Damasskiydiń shiǵarmalarinda bayan etiledi. Rus alimlari da, atap aytqanda, V.V.Struve, I.M.D`yakov, P.N.Ushakov h.t.b. usi dáwirdi izertlewge salmaqli úles qosti. Olar Kishi Aziya etnomingvogenez, xronologiya, Batis Kishi Aziya mámleketleriniń grek hám Shiǵis dúńyasi menen óz-ara qatnasiqlari mashqalalarin izertlegen.

Kishi Aziya aymaǵinda neolit dáwirinde ańshilar jasaǵan. B.e.sh. X-IX ásirleri jergilikli xaliq jabayi ósimlikler jegen. Buǵan Bildibi úngirlerinde tabilǵan shaqmaq taslar, pishaqlar dálil bola aladi. B.e.sh. VIII-VII ásirleri bul jerlerde

[5]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.77.

ilaydan salinǵan úyler payda boladi, adamlar ańshiliq hám diyxanshiliq penen shuǵillanadi.

Diyxanshiliq hám sharwashiliq mádeniy jaqtan rawajlaniw tiykari boldi. Buni b.e.sh. VII-VI miń jilliqlarǵa tiyisli Chatal-xuyuk mádeniyati misalinda kóriwge boladi. Bul mádeniyat usi dáwirdiń pútkil Áyyemgi Shiǵistaǵi eń rawajlanǵan mádeniyatiniń biri bolip esaplanadi. Metalldi eritiw eń áhmiyetli texnologiyaliq jetiskenlik boldi. Diyxanshiliq-sharwa ekonomikasiniń rawajlaniwi abadanshiliqtiń joqari dárejesin támiyinledi.

Bul dáwirde ógizge hám quday ana-hasildarliqtiń qáwenderine siyiniw júdá keń taralǵan. B.e.sh. III miń jilliq dawaminda sheshiwshi ózgerisler júz beredi. Oraylar bekkemlenedi, ónermentshilik rawajlanadi (Troya, Polioxni). Bayliqlar toplap alip, qáwim kósemleri, sawdagerler hám ónermentler qalalardiń bekkem qorǵalǵan diywallari artinda jasirindi. Ózlerine sadiq áskeriy toparlarǵa súyengen qáwim kósemleri-áskeriy basliqlar qatardaǵi qáwim aǵzalarinan barǵan sayin bóleklene basladi. Alǵashqi dúzimniń hálsirew protsesi jigerli pát penen dawam etti.

**Xett patshaligi.** B.e.sh. XVIII ásirdiń birinshi yarımında Kussar patshalari – Pitxana hám Anitta tárepinen Shıǵıs Kishi Aziyanıń úlken bóleginiń birlesiwi bolıp ótedi. Anitta húkimdarlıǵı Qara teńizden Duz kóli basseynine shekem sozılǵan, ol bizge “Xett” patshalıǵı sıpatında belgili bolǵan úlken mámlekettiń huqıqıy tiykarın salıwshı boldı.

Áyyemgi Xett dep atalǵan dáwirde (b.e.sh. XVIII-XVI ásirlerde) Xett mámleketinde elege shekem urıwshılıq dúziminiń dástúrleri kúshli edi. Xett patshaları as’keriy xalıq májilisi – pankustı shólkemlestirgen jámiyettiń barlıq sawashqa uqıplı tolıq huqıqlı aǵzalarınan dúzilgen xalıq láshkerlerine súyenip húkimin júrgizetuǵın edi.

Pankus islerinde bir tárepten “tuliya” keńesi (pankustıń joqarisindaǵilar) basshılıq etip, ol tiykarınan qúdiretli urıwlas aqsúyeklerdiń máplerin qorǵagan. Pankus hám tuliya patshalar hákimiyatin belgili dárejede shekleytuǵın edi.

B.e.sh. XVIII ásirdiń juwmaǵında Anitta dinastiyası hakimiyattı Kussarda jaylasqan basqa (ulıwma “áyyemgi Xett”) patshalıqqa tapsıradı. Bul dinastiyanıń patshalarinan Labarne I dáwirinde (shama menen b.e.sh. 1675-1650-jıllar) mámlekettiń qáliplesiwi tamamlanadı. Onıń jiyen-miyrasxorı Xattusili (shama menen b.e.sh. 165-1625-jıllar) paytaxttı Xettusuǵa kóshiredi (mine usınnan keyin mámleket Xett dep atalǵan). Orta Xett dáwirinde (b.e.sh. XV ásirdiń birinshi yarımı) Xett patshalari Kiccuvadnadtaǵı tásir ushın Mitannige qarsı nátiyjesiz gúres alıp baradı hám Mitannidiń qas dushpanı Tutmos III penen doslasıwǵa háreket etedi.

Mitannilerdiń qısımı xettler tariyxında sezilerli ósgerislerge sebep boldı. Shama menen b.e.sh. 1450-jılı taxtqa zorlıq penen kelgen, Kiccuvadtıń urıwınan shıqqan Tudxali II jańa Xett dinastiyasın dúnyaǵa keltiredi. Bul dinastiyanıń basqarıwı waqtında Jańa Xett dáwiri (b.e.sh. XV ásirdiń ortası-XII asırdiń bası) dúzildi. Jańa Xett patshalari ámelde Jaqın Shıǵıstıń tipik millatusı–áskeriy-byurokratiyalıq monarxiyası jaratıldı. Patsha absolyut húkimdarǵa aylanıp, óziniń ornına miyrasxor

tayarlaytuǵın edi. Sol sebepli saraydaǵı ózgerisler keleshekte alǵaw-dalǵawlı jaǵdaylarǵa alıp kelmegen.

B.e.sh. XIV ásirdiń basında Xattide ájayıp siyasatshı hám ásker bası Suppiluliuma I (shama menen 1380-1335-jıllar) hákimiyattı zorlıq penen qolǵa kirgizedi. Suppiluliuma I diń mámleketti basqarıwdaǵı ájayıp talanti xettler qol astında Xettler patshalıǵı siyasiy imkaniyatların artıqsha qadaǵalaytuǵın sheksiz keńliklerdi kiritti. Sonıń ushın Suppiluliuma I tiykar salǵan úlken mámlekettiń ómir súriwi ushın onıń miyrasxorları bárqulla kóteriliske shıqqan jerlerine hújim etip turıwǵa tuwrı kelgen. Taxttı zorlıq penen iyelegennen keyingi patsha Xattusili III (b.e.sh. XIII ásirdiń 2-sheregi) Egipet penen tınıshlıq hám awqam shártnamasın dúzip, Egipet-Xett urıslarına ulıwma shek qoyadı hám dinastiyalar bir-biri menen quda boladı (Xattusilidıń qızı Ramzes II niń hayalı boladı).

Shártnamada Shıǵıs Orta Jer teńiziniń burınnan bar bóliniwi bekkemlendi, tárepler bir-birine áskeriy kúshler menen ishki hám sırtqı dushpanǵa qarsı qollap-quwatlaw hám qashqınlardı qaytarıw minnetlerin júkledi.

Aqırǵı Xett patshasi – Tudxali IV hám onıń eki ulınıń húkimdarlıǵı waqtında Xettler patshalıǵın "teńiz xalıqları", yagnıy Egey teńizi atawlarınan shıqqan grek qáwimleri awqamı iyelep aldı. Sonıń menen Jańa Xett mámleketshiligi tolıǵı menen saplastırıldı.

Xett ekonomikasınıń tiykarı awıl xojalıǵınıń ónimlerin islep shıǵarıw bolǵan. Sharwashılıq (ásirese, qoyshılıq hám iri shaqlı maldı baǵıw) ta keń rawajlandı. Xettler diyqanshılıǵı tiykarınan jawın-shashınnıń muǵdarına baylanıslı edi. Jasalma suwǵarıwdıń sheklengen muǵdarda ǵana imkaniyatı bar edi. Bunday imkaniyatlı jerler eń qımbat bahalı esaplanǵan. Baǵshılıq hám júzimgershilik úlken rol oynaǵan.

Bul jerde metallurgiya ayırıqsha áhmiyetke iye bolıp, mıs tiykarǵı shiyki zat esaplanǵan, keyin ala oniń ornin bronza iyeledi.

Tiykarǵı jámiyetlik baylıq – jer mámleketke yaki qala hám awıllar jámááti jıyınlarına qaraslı bolıp, olardıń jerge iyeligi uzaq ótmishke barıp taqaladı.

Nizamlar jiynaǵi Jańa Xett patshaliǵi xojaliǵin hám sotsialliq qatnasiqlarin sipatlawshi tiykarǵi derek bolip tabiladi. Usi nizamlar jiynaǵi hám súwretler boyinsha mal sharwashiliǵi basim awil xojaliǵi ekonomikasiniń tiykari bolǵan, xettlerde diyxanshiliq ekinshi orin iyelegen. Patsha barliq jerlerdiń rásmiy iyesi bolǵan. Xram hám qáwimlerdiń de jerleri bolǵan.

Ónermentliktiń rawajlaniwi haqqinda nizamlar hám basqa hújjetler dálilleydi. Olarda shoyinshi, gúlalshi, aǵash hám teri ustalari, tigiwshiler tuwrali sóz etiledi.

Jańa Xett patshaliǵinda sitrqi sawda da jaqsi rawajlanadi. Misr hám Mesopotamiya áyyemgi tsivilizatsiyalari turaqli mádeniy dástúrlerge iye bolǵan dáwirde Xett mámleketi iri mámleket sipatinda qáliplesedi, bul joqari rawajlanǵan oraylardiń belgili mádeniy tásirinde boladi. Olardiń kóp qudayliq dini bolǵan. Káramatli ógiz, arislan h.t.b. haywanlar menen quslarǵa siyiniw úlken rol` oynaǵan. «Ómirbayan» dep atalǵan jazba shiǵarmalar saqlanǵan. Sonday-aq, arxivlerde kutiy patshasi Impakrudiń Akkadǵa atlanisi haqqinda tariyxiy poema saqlanip kelgen. Áskeriy mámleket sipatinda Xett mámleketi áskeriy-injenerlik

hám qurilis jumislarin rawajlandiradi. Statuyalar bolǵan, diywallarǵa rel`efli súwretler salinǵan.

**Kishi Aziya batisindagi mámleketler b.e.sh. II-V miń jilliqlarda.**

**Troya patshaliǵi**. Troya Kishi Aziyaniń eń áyyemgi oraylariniń biri bolǵan. Ol bekinisli qalasha, áhmiyetli ónermentshilik hám sawda orayi bolǵan. Troyashilar kúshli armiya dúzgen, onıń basinda patshaniń balasi turǵan. Mámleketti patsha basqarǵan. Gomer óziniń poemasinda aqsaqallar keńesi hám xaliq jiynalisi haqqinda sóz etedi. Xalqi Xett-Liviya, Frakiya hám Frigiya qáwimleri, sonday-aq greklerden turǵan. Troya patshaliǵiniń gúlleniwi b.e.sh. 1800-1300-jillarǵa tuwra keledi. Troya urisi waqtinda (b.e.sh. XIII ásir) ol grek-axeyler menen awir uris júrgizedi. Gomerdiń «Iliada», «Odisseya» poemalarinda axeyler Troyai on jil kamalǵa alǵanliǵi haqqinda sóz etiledi. Frigiya patshaliǵi qulaǵannan keyin Troya onıń miyrasxori bolǵan Lidiyaniń quramina kiredi. B.e.sh. 546-jili Persiya mámleketi Troya hám Lidiyani basip aladi. Troyashilar Italiyaǵa kóshiriledi. Bunnan tisqari, "troyashilar Batis Sitsiliyani koloniyalastirǵan", dep jazadi antik avtori Fukidid.

**Frigiya patshaliǵi.** Troya patshaliǵinan keyin Frigiya eń áhmiyetli siyasiy dúzilis bolǵan. B.e.sh. II miń jilliqtiń ekinshi yariminda frigiyler Makedoniya yamasa Frakiyadan yarim atawdiń arqa-batis tárepine kóship kelgen. Olar diyxanshiliq, mal sharwashiliǵi hám júzimgershilik penen shuǵillanǵan. Hár qiyli ónermentshilik rawajlanǵan. Olar grekler menen bolǵan urista Troyashilarǵa járdem bergen, Xett mámleketin qiyratiwǵa qatnasqan. B.e.sh. X-VIII ásirleri Frigiya patshaliǵi eń joqari rawajlaniwina jetedi. Onıń paytaxti Gordion qalasi bolǵan. Ol Frigiya patshaliǵina tiykar salǵan Gordiy patshasi húrmetine atalǵan.

Sargon II tusinda Assiriya áskerleri Frigiya aymaqlari hám qalalarin basip aladi. B.e.sh. VII ásirde Frigiya patshaliǵi qulaydi, onıń aymaǵi Lidiya patshaliǵi hákimiyati astina ótedi, keyin ala b.e.sh. 547-jili Persiya mámleketine kirgiziledi.

***ESTE SAQLAW KEREK***

| |
|---|
| Frigiyler alfavit jaziwin dúzgen. Din máselesinde frigiyler tábiyat hám hasildarliq kúshleriniń simvoli bolǵan qudaylardiń Ulli Anasi hám onıń súyiklisi-*Attis* qudayǵa siyinǵan. Xramlar hám mazarlar saliw keń taralǵan (Midas). |

**Lidiya mámleketi.** Lidiya mámleketi Kishi Aziyaniń batis tárepiniń orayliq aymaǵinda jaylasqan. B.e.sh. V miń jilliqtiń basinda Lidiya Frigiya mámleketi quramina kirgen, biraq ol hálsirep qulaǵannan keyin óz betinshe mámleketke aylanǵan. Onıń paytaxti-Sardi qalasi edi.

Diyxanshiliq hám mal sharwashiliǵi Lidiya ekonomikasiniń tiykarin quraǵan hám bul aymaqlar metallǵa bay bolǵan. Batis (grek) hám Áyyemgi Shiǵis dúńyalari kesispesinde jaylasqan Lidiya belsene sawda júrgizgen. Lidiya sawda aylanisiniń eń qolayli qurali bolǵan teńgeniń watani bolǵan. Lidiya qul iyelewshilik jámiyet bolip, onda qul iyelewshilik klasi (jer iyeleri, áskeriy hám ruwxaniy aqsúyekler hám sawdagerler) ústemlik orin iyelegen. Jámiyettiń klassliq hám sotsialliq dúzilisiniń eń tómeninde qullar turǵan.

Óziniń siyasiy dúzilisi boyinsha Lidiya monarxiya bolip, mámleket basinda patsha turǵan, áskerler onıń tiregi bolǵan. Aristokratiyaliq keńes hám xaliq jiynalisi bolǵan.

B.e.sh. VII-VI ásirleri Lidiya patshaliǵi júdá jaqsi rawajlanǵan. Ol waqitlari hákimiyat basinda Merinadlar dinastiyasi turǵan, oǵan Tiges (b.e.sh. 692-654 jj.) tiykar salǵan. Ol Lidiyaǵa Frigiya hám Kariyaniń bir bólegin, Troya hám Midiyani qosip alǵan, solay etip, Qara teńiz boylarindaǵi teńiz jolǵa shiǵiw imkaniyatina iye bolǵan.

654-jili Kimmeriyler qáwimleri Lidiya paytaxtin hám pútkil eldi basip aladi. Lidiya patshaliǵi Midiya menen uris júrgizedi (b.e.sh. 590-585 jj.), ol paraxatshiliq pitim menen juwmaqlanadi. Kishi Aziyadan kimmeriy qáwimlerin quwip shiǵariw bul dáwirde Lidiya sirtqi siyasatiniń eń iri jetiskenligi boldi.

Krez (b.e.sh. 562-547 jj.) basqariw dáwirinde Lidiyaniń sirtqi siyasati bálentleydi. Ol Kishi Aziyadaǵi grek qalalarin baǵindiradi. B.e.sh. 547-jili Persiya patshasi Lidiyaǵa basip kiredi, Sardini iyeleydi, Krezdi tutqinǵa aladi. Usi menen Lidiyaniń 150 jilliq ǵárezsizlik tariyxi tamamlanadi, ol satrapiyalardiń biri sipatinda Persiya mámleketi quramina kiredi.

Óziniń alfavit jaziwin lidiyler Kishi Aziya greklerinen ózlestirip alǵan. Lidiya muzikasi jaqsi rawajlanǵan. Sheber shipakerler bolǵan. Lidiyler bekinisli qorǵanlar, náhán mazarlar (Tigesu hám Yar) qurǵan. Lidiya dininde ólip tiriletuǵin qudaylarǵa (Saydan, Attis, Sabadi) siyiniw taralǵan.

Hasildarliq nishani bolǵan Ulli Ana, Qudaylar Anasina siyiniw júdá keń taralǵan. Uris qudayi retinde oǵan pútkil Kishi Aziya siyinatuǵin edi. Lidiya mádeniyati grek mádeniyatina úlken tásir jasadi. Gretsiyaǵa Shiǵistiń bir qatar mádeniy jetiskenliklerin inam etti.

Bekkemlew ushın sorawlar

1. Kishi Aziyanıń tábiyatı hám xalqı haqqında maǵlıwmat beriń?
2. Eń dáslepki mámleket uyımlarınıń qáliplesiw halatın bayan etip beriń?

## Tema: Urartu mámleketi

**Joba:**

1. Urartudıń tábiyatı hám xalqı.
2. Urartu mámleketiniń tariyxtanıwı.
3. Mámleket uyımlarınıń payda bolıwı ham rawajlanıwı.
4. Urartudıń mádeniyatı

**Tayanısh túsinikler**: Frigiya, Balkan qáwimi, Jer Orta teńizi jagálawları frigleri. assimiluaciya, Ilion, Troya, Kishi Aziya, Tavr, Gordiy, Midas, Kimmeriy, quday Attisa, Sard, Gig, Mermnad qáwimi, Ashurbanipal, Skif, Assiriya urıwı, Urartu, Van kóli, Menua, Rusa I, Assiriya, Teyshebaini, Musasir, Argishti, Eribuni, fortifikaciya, Menua, Sarduri, Menua kanalı, medicina, veterinariya, diyqanshılıq ilimi, jılnamalar jazıw, astronomiya, birlesken mádeniyat.

**1. Urartudıń tábiyatı hám xalqı**. Urartu Qubla-batıs Aziyadaǵı áyyemgi mámleketlerden biri bolǵan. Bul mámleket kúsheygen waqıtta Kavkazartı

wálayatları Dajla hám Frot dáryalarınıń baslanıwındağı jerlerdi iyelegen. Ol geografiyalıq jaqtan Assiriya mámleketiniń arqa tárepinde jaylasqan edi, onıń aymaģınıń úlken bólegi házirgi kúnde Túrkiya hám Armeniya tawlarına tuwrı keledi. Bul mámlekettiń aymaģınan Kura, Araks, Frot hám Dajla tarmaqları aģıp ótedi. Frottıń eki tarmaģı da usı jerden baslanadı. Bul mámlekettin eń áhmiyetli kólleri Van, Urmiya hám arqada Sevan (házirgi Armeniyanıń aymagında) bolģan. Armeniya jazıq tawlıqları diyqanshılıq etiwge qolaylı, biraq qońsı Mesopotamiyadan ónimdar jerlerdiń kem bolıwı menen parıqlanadı.

Mámlekette jaylawlar kóp bolıp, ázelden Urartu xalqına sharwashılıq penen shuģıllanıwına qolaylıq tuwdırģan. Arxeologiyalıq izertlewler sonnan derek beredi, úlkeniń xalqı neolit dáwirinen (5-4 mıń jıllıqlardan) Kura hám Araks dáryalarıniń oypatlarında diyqanshılıq penen shuģıllanģan. Diyqanshılıqtıń rawajlanıwına b.e.sh. I mıń jıllıqlarda temirden miynet quralların jasala baslawı úlken tásir etti. Ásirese, diyqanshılıq Araks oypatında júdá jaqsı rawajlanģan, sońģı ilimiy izertlewler sonı kórsetedi, hátteki olar suwģarıw jumısların da alıp barģan.

Insanlar ushın isenimli suw dereklerdi tabıw zarur edi, sugarıw dereginiń anıqlıģı birinshi xalqi azıq awqat benen támiynlew ushın zarur darejede egin egiwge imkaniyat jaratadı[6].

They built long canals to promote communication and trade, and they dug impressive irrigation netorks to convert arid lands into fertile belts.

Bul tawlı aymaqta hár qıylı etnikalıq toparlar jasaģan, olardıń úlken bólegin urartlar quraģan. Urartlar házirgi zamanagóy xalıqlar armiyan hám gruzinlerdiń áyyemgi ata-babaları bolıp tabıladı.

Urartlar tili boyınsha xurrit xalıqlarınıń toparına kirgen. Arqa-batıs wálayatta, Xayas mámleketinde hind-evropa xalqı kópshilikti quragán. Urartlar Armeniya xalqınıń ata-babaları tap mine usı jerden kelgen degen boljawdı ózlerine sińdirip alģan.

**2. Urartu mámleketiniń tariyxtanıwı**. Urartu tariyxına tiyisli Urartu hújjetleri, patsha jazıwları, sonday-aq az muģdarda xojalıq hújjetleri belgili. Urartudıń óz ieroglif jazıwları bolsa da, keń tarqalmaģan. Urart patshalıģı dáslep ossuriy tilinde, sońinan óz tilinde – mixxat jazıwında jazģan. Urartu tariyxınan áhmiyetli maģlıwmat beretuģın tas taxtalarģa jazılģan mixxat tekstlerin úyreniwde kópshilik alımlar xızmet etti. Bunda M.V.Nikolskiy, G.A.Milikishvili, G.A.Kapancyan, N.V.Arutyunyanlar úlken rol oynadı. Urartu mámleketine tiyisli materiallıq esteliklerdi izlestirip tabıw hám tekseriwde I.A.Orbeli, B.B.Piotrovskiy, A.A.Martirosiyan hám basqa alımlardıń xızmeti úlken boldı. Urartu tariyxın izertlegen shet elli alımlar A.G.Seys, K.F.Leman-Xauptalardıń ornı ayırıqsha maqtawģa turarlıq.

**3. Mámleket uyımlarınıń payda bolıwı ham rawajlanıwı.** Xurritlerge tuwısqan bolģan Urartu (Uruatriy) qáwimleri b.e.sh. 1300-jıllar átirapında qáwimler awqamına birlesken. B.e.sh. IX ásirdiń ortalarında bul awqam Biayneli (“Van”, ossurlar Urartu dep ataģan) degen mámleketti tikledi. Onıń orayı Van kóliniń shıģısında jaylasqan Tushpa qalası bolģan.

[6]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.125.

B.e.sh. XV-XIV ásirlerde Van kóliniń átirapındaǵı qáwimler Urartu átirapına birlesti. Usı mámlekettiń birinshi húkimdarı Aramu (b.e.sh. 964-845-jıllarda húkimdarlıq etken) bolǵan. Onıń dáwirinde Assiriya húkimdarı Salmanasar II niń Urartuǵa basqınshılıǵı nátiyjesiz tamamlanadı.

Patsha Sarduri (b.e.sh. 835-825-jıllarda) dáwirinde Urartu mámleketi kúsheyedi. Ossur áskerleriniń ústinen birneshe márte jeńiske erisedi. Onıń húkimdarlıǵı dáwirinde Urartu shegaraları keńeyedi. Paytaxt qala Tushpani de Van kóliniń jaǵasında boy tikleydi hám paytaxt dep járiyalanadı.

Menua (810-786-jıllar) dáwiri Urartu mámleketiniń óz rawajlanıp gúllep-jaynaǵan dáwiri esaplanadı. Mámlekettiń paytaxtı Tushpa qalasın bekkemlep, kóplegen suw qurılısları, atap aytqanda "Menua kanal"ın qurdıradı. Ol mámleket shegaraların keńeytiw maqsetinde Araks hám Frot dáryası átirapındaǵı aymaqlarǵa jeńisli júrislerdi ámelge asırıp, kóplegen baylıqlar hám tutqınlardı alıp keledi.

Menuanıń miyrasxorı (Argishti II b.e.sh. 786-764-jıllar) dáwirinde Urartu Qubla-Batıs Aziyadaǵı eń qúdiretli mámleketke aylanadı. Hátteki qúdiretli Assiriya Urartudıń qısımı menen Jaqın shıǵıstaǵı ekinshi dárejeli mámleketke aylanıp qaladı.

Patsha Rusa I (b.e.sh. 735-714-jıllar) dáwirinde mámlekettiń ishinde ishki qozǵalańlar kúsheyedi. Bunnan paydalanǵan Assiriyanıń patshası Tiglapalasar III Urartugá júrisin ámelge asırıp, jeńiske erisedi.

Tınımsız basqınshılıqlar Urartu mámleketiniń qúdiretin hálsiretedi. Arqada kimmeriyler, skifler, shıǵıstan midiyalılardıń basqınshılıǵınıń nátiyjesinde Urartu óz gárezsizligin joǵaltadı. Urartu b.e.sh. 590-jılı Midiya mámleketi tárepinen basıp alınıp, onıń gárezli aymaǵına aylanadı.

**4. Urartudıń mádeniyatı** hám ekonomikası haqqında arxeologiyalıq qazılmalar bay maǵlıwmat beredi. Teyshebainı (Karmir Bilur), Eribunı (áyyemgi Erevan) hám Argishtihinil (patsha Argimshi) qalaları kúshli fortifikaciya imaratları menen qorshap alınǵan.

Alımlardıń maǵlıwmat beriwine qaraǵanda Urartu shege-sına tárizli óz jazıwına iye bolǵan.

Áyyemgi Urartuda medicina, veterinariya, diyqanshılıq ilimi, jılnamalar jazıw, astronomiya ilimi rawajlanǵan.

Urartu qáwimleri Assiriya, Egipet, Mesopotamiya, Xett mámleketleri menen udayı mádeniy baylanısta bolıp, bir-biriniń mádeniyatlarınan paydalanıw menen birge basqa xalıqlar mádeniyatına da sezilerli tásirin ótkergen. Bunıń nátiyjesinde ózine tán úylesimli mádeniyat qáliplesken.

Bekkemlew ushın sorawlar

1. Áyyemgi Urartudıń tábiyatı hám xalqı qanday bolǵan?
2. Urartudıń xojalıq júritiwi hám iskerligi nelerden ibarat?
3. Urartudıń tariyxına tiyisli materiallıq hám jazba dereklerdi talqılań?
4. Áyyemgi Urartu aymagında eń dáslepki mámleket uyımları qalay payda bolǵan?

5. Urartu-Assiriya qatnasları hám onıń Jaqın shıǵıstaǵı xalıqaralıq ahwalǵa tásirin analizlen?

6. Urartu mámleketi rawajlanıwınıń qońsı mámleketlerge tásiri qanday bolǵan?

7. Urartu mámleketi daǵdarısınıń sebepleri nelerden ibarat?

8. Urartu mádeniyatı hám onıń jáhán mádeniyatına tásirin qosımsha ádebiyatlar járdeminde keńnen bayanlap beriń?

## Tema: Shıǵıs Jer orta teńizi territoriyası

**Joba:**

1. Jer Orta tenızi mámleketleri.

2.Finikiya mámleketi

3. Izrail-Yahudiy patshalıǵı..

**Tayanısh sózler**: Siriya, Falestina, Yamxad, Zimrilim, Xaleb, Falestina, Yaxmos, Siriya Kadet, Amur, Ugarit, filistum, peleset, Finikiya, Sidon, Xiram, Adad-nerari III, Merneptax, “shofetler (sudyalar), Saul, Dovud, Solomon, Izrail, Jańa Vavilon.

### 1. Jer Orta tenızi mámleketleri.

Shama menen b.e.sh. XXII ásirde, Akkad mámleketi qulaǵannan keyin Orta Evfratqa jaqın jerde jaylasqan Jabal Bishru tawı hám Siriya shegaraların jańa som kóshpelileri – sutiler (buǵan shekem Tómengi Mesopotamiyanıń qubla shegaralarında jasaǵan) iyeleydi. Mesopotamiyalılar belgilegen “amoreyler” atı solarǵa tiyisli bolıp, ilimge de usı at penen belgili bolǵan.

B.e.sh. XXI ásirdiń ekinshi yarımında suti-amoreyler pútkil Siriya-Falestinadan ótip, aymaqtıń arqa bólegine tıǵız jaylasadı. Usı waqıttan baslap Shıǵıs Jer Orta teńiziniń tariyxında Orta bronza dep atalatuǵın dáwir baslanadı.

B.e.sh. XIX ásirdiń aqırında Siriya amoreyleriniń bir qawiminiń topars Yamxad degen úlken mámleketti dúziwge háreket etedi. Onıń tiykarın salıwshı hátteki óz sarayına da iye emes edi, biraq Mari patshası menen ózara xat alısıp, pútkil Arqa hám azı-kem Qubla Siriyanı qadaǵalaǵan. Vavilonlı Xammurapi hám marili Zimrilimanıń zamanlası hám awqamlası ekinshi húkimdar Yamxada patsha ataǵın alıp, Xalpudi (Aleppo, házir Xaleb) óziniń paytaxtı etti.

Yamxad Mari menen keń sawda eter edi, bul mámleketti awıl xojalıǵı ónimleri (nan, zaytun mayı, júzim vinosı hám pal) menen támiyinleytuǵın edi. Sonday-aq, gezlemelerdi berip, ornına qalayı alatuǵın edi.

B.e.sh. XVIII ásirdiń aqırında pútkil Shıǵıs Orta Jer tenızi boylap arqadan batısqa shekem sozılǵan Ónimdar Yarım ay mámleketlerine xurrit qáwimleri kiretuǵın edi. Amorey Yamxadı xurritleri “ullı patshalıǵı”nıń tásir sheńberi Tavrǵa shekem jetken Xalpa menen almasadı.

B.e.sh. XVII ásirdiń bası hám XVI asirdiń aqırında Arqa Siriyanı xettler basqaratuǵın edi, XVI ásirdiń aqırına kelip bolsa ol Mitannige boysınǵan.

Falestina hám Qubla giksoslar Egipetten quwılǵannan keyin Sharuxen qulawı menen Egipet fraunı Yaxmos I diń qol astına ótedi. Solay etip, b.e.sh. XVI ásirdiń aqırında Shıǵıs Jer Orta tenızi Egipet hám Mitanni ortasında bólip alındı.

Metallurgiya hám basqa ónermentshiliktegi ózgerisler (atap aytqanda, finiluyalılar tárepinen qırmızı reńdi islep shıǵariwdıń ashılıwı) kelesi birneshe júz jıllıqtı (b.e.sh. XVI-XII ásirler) Siriya-Falestina tariyxında Sońǵı bronza dáwiri bolatuǵının kórsetti.

Onıń birinshi júz jıllıǵı Egipet hám Mitanni arasında Shıǵıs Jer Orta teńizin iyelew ushın bolǵan toqtawsız gúresler menen ótedi.

B.e.sh. XIII ásirdiń birinshi sheregindegi jańa Xett-Egipet urıslarınan keyin, bir yarım ásir aldın bolǵanınday, tárepler jáne tınıshlıq penen Shıǵıs Jer Orta teńizin bólip aladı. Siriyanıń úlken bólegi Kadet hám Ammurudı da qosqanda xettlerge, Qubla Finikiya, Damask hám Falestina bolsa Egipetke tiyisedi. Bul dáwirdiń ádettegi qala-mámleketi Ugarit esaplanıp, ol eki dárya aralıǵı Egipet hám Kishi Aziya menen Falestina hám de teńiz artı mámleketleri menen keń sawda alıp bardi.

Ugarit mámleketiniń rawajlanıwı b.e.sh. XV ásirdiń aqırı hám XIV ásirdiń baslarına kelip páseńledi. Mámlekettiń barlıq azat xalqı úsh qatlamǵa bólinetuǵın edi: 1. "Ugarit mámleketiniń ulları"nıń dárejesi barǵan sayın páseńlep baratırǵan dıyqan-jámáátshiler. 2. Patshadan jer maydanların alıwshı jaqınları - "Patsha qulları". 3. Óziniń jerine iye bolmaǵan hám hámeldarlardıń jerlerinde otırǵan – "Patsha qullarınıń qulları". Bular óziniń jeri hám jámáátinen ayırılǵan, daǵdarısqa ushıraǵan dıyqanlar bolǵan.

B.e.sh. XII ásirdiń basında Shıǵıs Jer Orta teńizine egey-anatoliya xalıqları (Egipet dereklerinde "teńiz xalıqları" delingen) basıp kiredi. Kelgindiler áste-aqırın jergilikli xalıq "filistim"lerge, yaǵnıy "peleset"ke qosıladı. Usı sózden Falestina atı kelip shıqqan.

**2. Finikiya** qalaları "teńiz xalıqları" basqınshılıǵınan keyin ózine kelip alıwı ushın kóp waqıt talap etilmedi.

Áyyemgi Finikiya aymaqları házirgi zamanagóy Livan aymaqlarına tuwra keledi[7]

To the south of the mountains of Lebanon, the homeland of the Phoenicians.

B.e.sh. XII ásirde-aq, Sidon qayta qurılıp bólindi, onnan shıqqan bir topar adamlar Tirdi iyelep, abadanlastırdı (sonnan keyin barlıq finikiyalılardı "sidonlikler" dep atadı).

B.e.sh. XII ásirde Egipettiń Aziyadaǵı hákimiyatı hálsirep joǵaladı hám keyingi on jıllıqlarda finikiyalılar (dáslep "sidonlıqlar" dıń Tir patshalıǵı) gárezsiz túrde Batıs Jer Orta teńiziniń "ullı Finikiyanıń koloniyalastirılıwı" dep atalǵan procesin ámelge asırdı. Keyin Tir Sidondı hám basqa qalalardı baǵındıradı hám pútkil Qubla – oraylıq Finikiya hám Tir-Sidon mámleketin birlestiredi. Bul mámleket óziniń rawajlanıwınıń eń shıńına patsha Axiram (Xiram, b.e.sh. 969-936-jıllar) dáwirinde shıǵadı; Tir, Sidon hám Vavilon Egipet Vavilonnıń zatların Greciyaǵa, grek zatların bolsa, Shıǵısqa satıp, tranzit sawda arqalı bayıdi. Finikiya zergerleriniń ásbapları (altın hám gúmis keseler, taǵınshaqlar, pil súyeginen

[7]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.144.

islengen bezeiniw buyımları hám basqa) Shıǵısta hám antik dúnyada joqarı bahalandi. Finikiyalılardıń sawdası qaraqshılıq penen teńdey alıp barıldi.

Aymaqlıq Siriyanıń tariyxı bul aymaqqa bastırıp kirip, oǵan b.e.sh. XI ásirdiń ekinshi yarımında jaylasqan oromiyler menen belgilenedi. Siriya oromiyleriniń tiykarǵı orayı Damask oypatı bolıp, ol jerde b.e.sh. X-VII ásirlerde olardıń úlken mámleketi (Aram-Damask) bar edi. Onıń ekonomikası rawajlanǵan qara malshılıq, Jaqın Shıǵısta ataqlı qural islep shıgarıw hám jún tranzit sawdasına tiykarlanǵan.

Biraz waqıt pútkil Shıǵıs Jer Orta teńizi Damask hákimiyatı qol astında boladı. Biraq Damask patshalıǵı awır hám haldan taydırıwshı urıslar sebepli b.e.sh. IX ásirdiń aqırında Assiriya patshası Adad-nerari III tárepinen basıp alınadı hám talanadı (olja sıpatında júdá kóp muǵdarda temirdi qolǵa kirgizedi).

**3. Izrail-Yahudiy patshalıǵı**. Izrail qáwimlik awqamı b.e.sh. XIII ásirde aytarlıqtay ózgerislerge ushıraydı. Onıń ózegi Egipet patshası fraun Merneptax tárepinen joq etilip, olar Falestinadan quwıp shıǵarılǵan hám usılayınsha tarqalıp ketken edi.

Izraillılardıń basqa bir toparı burın Egipette otırıqshı bolıp, soń b.e.sh. XIII ásirdiń aqırında onı taslap shıǵıp ketedi hám Sinayǵa jaylasadı. Bul Egipette rixlat (kóshiw) haqqındaǵı áyyemgi yahudiy rawayatında óz sáwleleniwin tapqan.

Shıǵıs Jer Orta teńizi ushın tınıshlıq bolmaǵan dáwir – b.e.sh. XIII-XII ásirlerde izraillı toparlar birlesip (Egipetten shıqqan yahudiylerdiń mádeniy hám shólkemlestiriw tárepinen kúshlirek bolǵan), jáne Falestinaǵa Iordaniyadan soń bastırıp kiredi.

B.e.sh. XII ásirde Izrail Falestina aymaǵında on eki qáwimniń awqamı sıpatında pútkilley qáliplesip boladı. Saylanıwshı sárdarlar - “shofetler” (sudyalar) joqarı ruwxanıy dep esaplanıp, qáwimniń erkli áskerleriniń ústinen ásker basılıq ece, tınıshlıq paytında bolsa olar qazılıq etken.

B.e.sh. XI ásirdiń basında Falestinada filistimli áskeriyler taxtqa otıradı. Izraildıń qáwimlik dúzimi qarsılıq kórsetiwge uqıpsız ekenligin kórsetedi. Filistimliler menen gúreste áwmetli áskeriy jetekshiler jetilisip shıǵadı. Solardan biri-Sauldı yahudiy qáwimler Izrail patshası dep saylaydı. Patsha hákimiyatınıń ornatılıwına aqsúyeklerdiń qarsılıǵına qaramay kópshilik tárepinen jedellik penen qollap-quwatlanadı. Saul óziniń jaqınların armiyanıń mıń basısı hám júz basıları etip tayınlaydı, olarǵa atızlar hám júzimzarlardı sıylıqqa beredi. Bul ǵamxorlıq aqsúyeklerdiń narazılıǵın keltirip shıǵaradı. Biraq Saul áwmeciz ásker bası bolıp shıǵadı. Filistimlilerden birotala jeńilgennen keyin óz janına qastıyanlıq etedi.

Onıń kúyewi Dovud patshaliqti qabıllaydı (b.e.sh. 1000-965-jıllar). Ol oraylasqan monarxiyanı dúziw siyasatın alıp baradı.

Batıs alımları izertlewlerinde Dovud hukmranlıq jılları (er. ald.1000-960-j.j) deb ko’rsetiledi[8].

culminating with the emergence of a state in the form of a kingdom centered at Jerusalem under King David (ca. 1000–960 BCE).

Onıń dáwirinde Quddus qosıp alınıp, jańa patshalıqtıń paytaxtına aylandırıladı. Mámleketti basqarıw ushın oraylıq mámleketlik basqarıw dúziledi.

[8]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.145.

Onıń basında joqarı hámeldar shaxs turǵan. Dovudtıń sırtqı siyasatı jaqsı jolǵa qoyıladi. Ol filistimliler menen pitim shártnama dúzedi. Dovudtıń ornına onıń ulı Solomon taxtqa otıradı (shama menen b.e.sh. 965-928-jıllar). Dástúr boyınsha ol danalıǵı ushın kóklerge kóteriledi, aqıllı hám ádil sudya dep súwretlenedi. Solomon húkimdarlıǵı paytında qurılıs islerine úlken itibar beriledi.

Solomon Yaxva qudayınıń húrmetine Quddusta jarqın jilwalanǵan piramida qurdıradı. Bul dinde  montestik  qaraslar alg'a surilgeni birinshi dinlerden biri ekenligi menen áhmiyetli.[9]

Especially amongthe educated upper classes linked to the temple, an absolute priority focused on one god, Yaxva, over other regional deities.

Bul barlıq imaratlardı tiklew ushın Tir patshası Axiram Solomonǵa eń jaqsı ustalar hám súwretshilerdi, qurılıs materialların jiberedi. Bunıń ushın Solomon Axiramdı biyday hám zaytun mayı menen támiyinleydi, oǵan jigirma qalanı da berip jiberedi. Qurılıs isleriniń en jayıw'ı hám saraydıń islep turıwı ushın úlken qarjı talap etiletuǵın edi. Al bul bolsa salıqtı kóbeytiwge alıp keldi.

Izrail-Yahudiy patshalıǵınıń aymaǵı 12 wálayatqa bólinip, olardıń hár biri jılına bir ret bir ay dawamında sarayǵa azıq-awqat keltirip turǵan. Miynet minneti kiritilgen edi. Solomonnıń húkimdarlıǵınıń aqırında sırtqı siyasiy ahwal' jamanlasadı. Arqa shegaranıń artında kúshli Damask patshalıǵı payda boladı. Kóplegen qáwimler Yahudiyadan bólinip, jańa Izrail patshalıǵın dúzedi. Keyin ala (b.e.sh. IX ásirde) onıń paytaxtı etip jańadan tiklengen Samariya járiyalanadı.

Dovud hám Sulayman tárepinen payda etilgen mámleket sheńberinde tereń diniy hám mádeniy ó'zgerisler bolıp ótti Búgingi kúnde Quddusdaǵi ullı ibadatxanalardan biri dunyadaǵı barlıq ibadatxanalardan anaǵurlım joqarı abıroyǵa iye bolǵan[10].

Within the microstate founded by David and Solomon, profound religious and cultural changes took place. A single great temple in Jerusalem now outranked all other shrines in the land .

Iláhiy diniy basshılardan eń ayawsızlıqlarınan Ishayo (shama menen b.e.sh. 720-jıl), Ezra (shama menen b.e.sh..600-jıll) hám Eramiya (shama menen b.e.sh. 590-jıl) lar o'zine tán monoteistik din hám mádeniyattı qaliplestiriwde tiykarǵı rol` oynaǵan. Olardı jańa birmabud, bir quday hám bir ruwxıylıq sistema ideyasına qarsı) iláhiy qirg'in qilıwdan da toqtata almadı[11].

The most ferocious of these charismatic religious figures, men like Isaiah (ca. 720s BCE), Ezra (ca. 600s BCE), and Jeremiah (ca. 590s BCE), were central to the formation of an exclusive monotheistic religion and culture. They did not shrink from threatening divine annihilation for groups that opposed the new idea of one temple, one god, and one moral system to the exclusion of all others

B.e.sh. 722-jılı Assiriya qalanı iyelep aladı hám Izrail mámleketi saplastırıladı. Qubla patshalıq jáne 120 jıl jasaydı. B.e.sh. 587-jılı vavilonlılar Quddustı basıp alıp, talaydı. Onıń aymaǵında Jańa Vavilon wálayatı payda boladı.

---

[9]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York.   2011, p.146.
[10]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.145.
[11]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.147..

Bekkemlew ushın sorawlar

1. Finikiyanıń tábiyatı hám xalqınıń tiykarǵı iskerligi haqqında nelerdi bilesiz?

2. Finikiya jazıwı hám onıń basqa xalıqlar jazıwlarınıń genezisine tásiri qanday bolǵan?

3. Finikiy - Xett qatnasların qosımsha maǵlıwmatlar járdeminde talqılań?

4.Izrail-Yahudiy mámleketiniń rawajlanıwı hám daǵdarısqa ushırawınıń sebeplerin analizleń?

5. Siriya, Finikiya, Falestina mámleketleriniń jáhán tariyxı hám mádeniyatına qosqan úlesin qosımsha maǵlıwmatlar járdeminde salıstırıw arqalı talqılap beriń?

## Tema: Ayyemgi Arabstan

***Joba:***

1. Arabstan sharayatı hám xalqı.
2. Áyyemgi Arabstan tariyxi derekleri hám tariyxnaması.
3. Arqa Arabstan
4. Qubla Arabstanniń áyyemgi mámleketleri.
5. Qubla Arabstanniń social hám siyasiy turmisi.
6. Áyyemgi Arabstan madeniyati.

**Tayanısh sózler**: Qizil tenizi, Fors qóltiǵi, Omon qóltiǵi, «Xushbóy moy yóli», Hindistan, Magan, Petra, Meluxxa, nabatey, Yaman, Astar, Kataban, Karnava, Marib tóǵoni, kabirlar, sakral vazifalar, mugarrib, Zafar, Timna, Saba, protosinay.

**1. Arabstan sharayatı hám xalqı.**

Aziyada eń iri Arabstan yarim atawi shama menen 3 mln. kv. km. maydanda jaylasqan. Bul aymaqti tiykarinan kúnniń shiǵarǵan nurlari astinda kúygen sahralar ájayip ósimlikler quraǵan. Jasaw ushin diyxanshiliq júrgiziw ushin qolayli oblast`lar tiykarinan yarim atawdiń qubla-batisinda hám túslik tárepinde jaylasqan. Arabstan yarim atawi anaǵurlim tábiyǵiy bayliqlarǵa, bahali metallarǵa, qimbat bahali taslarǵa iye bolip, jahlawlarinda norallar qazip alinǵan.

Arabstan yarim atawi arqali bir qatar sawda jollari. Gaza hám Zamas qalalarina, Mesopotamiya hám Misirǵa, Shiǵis Afrika menen Hindstanǵa sawda jollari ótken.

Arab tenizshiller xind okeanına jol alıp Shiǵis Afrika, Shiǵis O‘rta jer tenızi, Hindstan hám Arabstan yarim atawi, Kubla, Aziya Shiǵis Aziya kabi mámleketler menen baylanıs o‘rnatdı[12]

Arab seafarers led the way into the Indian Ocean, forginglinks that joined East Africa, the eastern Mediterranean, andthe Arabian Peninsula with India, Southeast Asia, and EastAsia.

Basqa Shiǵis ellerindegidey, bul jerde de paleolit dáwirine tiyisli zatlar tabilǵan (Laxdja). Olardiń ishinde b. e. shekemgi 10-9 ásirlerge tiyisli petroglifler

[12]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.236.

ań kórinisleri kórsetilgen. jardaǵi súwretler júdá úlken áhmietke iye. Dereklerde b.e. shekemgi 4-3 ásirlerge tiyisli Magan hám Moluxna elleri kórsetilgen. B.E.shekemgi ǵ miń jilliqta Arabstan yarim atawiniń qubla-batisinda semit tili dialektinde sóylewshi bir qatar qáwimlerdiń sabey, miney, katatanlardiń awqami qáliplesken. Yarim atawdiń arqa-batis tárepinde Madiyanitler qáwimleri jasaǵan.

**2. Áyyemgi Arabstan tariyxi derekleri hám tariyxnaması.**

Arabstanniń áyyemgi tariyxin izertlewde epigrafiyaliq materiallar, arxeologiyaliq terminler, antik avstralariniń jazba hújjetleri úlken rol` oynaydi.

Tas, qala, peramikada ón mińnan aslam Túslik Arabstan jaziwlari saqlanip qalǵan. B.E. shekemgi 1-2 miń jilliqlarǵa tiyisli bul mámleketlik hám jeke huqiqiy hújjetler Túslik, Arqa hám Orayliq Arabstanda, sonday-aq Misir, Mesopotamiya hám Paleonnada tabilǵan.

Sabey patshaliǵi bas qalasi Mariba hám Timna sonday-aq Petre qulandilarin qazǵanda áhmietli materiallar tabilǵan. Arablar hám Arabstan haqqinda maǵliwmatlar Áyyemgi Shiǵis elleri hújjetlerinde Bibliyada, Assiriya jilnamalarinda, Jańa Vaviloniya hám Persiya patshalariniń jaziwlarinda, antik avtorlarinda saqlanip kelgen. Máselen, Gerodottiń Tariyxinda, Diodordiń «Tariyxiy kitapxanasinda» Strabonniń Geografiyasinda.

Arabstan áyyemgi tariyxin izertlew XIX ásirden baslanǵan. XX ásirdiń 50-60- jillari Túslik Arabstan aymaǵinda amerikan arxeologiyaliq ekspeditsiyasi islegen. Olar Sabeydiń paytaxti Maribani hám Kababona Timnani qazǵan.

XIX ásirdiń aqiri XX ásirde, tutasi menen arablardiń tariyxina, Arabstanniń ayirim mámleketleri menen xaliqlarina, sonday-aq anaǵurlim áhmietli mashqalalarǵa tariyxiy geografiya, ekonomika, siesiy dúziliske, mádeniyat hám dinge, xronologiya, onomastika hám taǵi da basqa máselelerge baǵishlanǵan miynetler jazildi hám jazilip atir. I. Yu. Krachkovskiy hám N.V. Pigulevenar uqsaǵan alimlar da usi mashqalalar menen shuǵillanǵan. Jaziwlar basilip shiǵarilip, Túslik Arabstan jaziwlar tili izertlenip atir.

**3. Arqa Arabstan.** Áyyemgi Arqa Arabstan, Siriya hám Mesopotamiya shólleriniń keń aymaqlarında adamlardıń tiykarǵı mashǵuloti sharwashılıq bolip, iyt, eshek, iri shaqlı qaramallar baǵılǵan. Bul aymaqta jasaǵan urıw hám qáwimler awqamı hám kishi mámleket birlespelerin qáliplestirildi. Olardıń hákimleri Asuriya hújjetlerinde «patsha» dep ataladı. Áyyemgi mámleket birlespeleri áste-aqırın áskeriy sanatı hám áskerleri qáliplestirildi. Áskerler túyege eki adamnan minip, sawash etken. Arablar ózleriniń kúshli áskerleri Misr, Shıǵıs Órta Jer teńizi boyındaǵı kishi mámleketleri hám Assiriya menen xalıq-aralıq qarama-qarsılıqlarǵa tartıldı.

B.e.sh. 853-yilda Qarkara janında bolǵan sawashta osuriyalılar arablar da kirgen koalitsiya áskerlerin qıyrattı. Arablar Assiriyaniń Misrǵa qarsı júrisinde tiykarǵı tosiq boldi. Bir neshe arab qáwimleri Assiriya tárepinen boysundirildi. Arablar Assiriyaniń qarsılasları Misr hám Bobil menen awqam dúzdi. Assiriya b.e.sh. VII ásirdiń 40 jıllarında arab qáwimlerin tolıq boysındırdı. Jańa Bobil patshalıǵı hám Arabstan yarım atawda ornalasıwǵa urındı. Bobil patshası Nabonid Arqa Arabstanniń bas oraylarınan biri Teymu qalasın boysundırıp, onı óz rezidentsiyasına aylantırdı. Ol bir neshe qońsı arab qáwimleriniń qala hám

alapların ózine bóysundirdi. B.e.sh. VI ásirde İran mámleketleriniń qúsheyiwi hám onıń basqinshılıq júrisleri rejesi Arabstan yarim atawınıń arqa bóliminde parsılardıń arablar menen baylanıs ornatıwǵa alıp keldi. Shártnama boyınsha, parsı patshası Kambiz b.e.sh. 525-jıl Misrǵa júris waqtında arab nabateylari jerinen ótiw huqıqin hám sahradan ótiw dáwirinde olardan parsı áskerlerin suw menen támiynlew razılıǵın aldı. Arab qáwimleri Ahamaniyler İranına bir jılda mıń talant (30 tonna) muǵdarında xiraj tólew májburiyatin aldi. Arablar áskeriy júrisler dáwirinde fars áskerleri quramına kiritildi. Olar grek-parsı urıslari dáwirinde parsı áskerleri quramına kirdi. Arablar Ǵazo qalası ushın sawashta (b.e.sh..IV-asr) grek-makedon áskerlerine qattı qarsılıq kórsetti. Iskanderdiń Misırǵa júrisi dáwirinde arab qáwimleriniń kópshiligi grek-makedonlarǵa boysunbadı. Sol sebepli, Iskender Shıǵısqa júrisin tamamlaǵannan keyin oǵan boysınǵanlıǵın bildirip, elshi jibermegen arablarǵa qarsı júris islewdi rejelestirdi. Lekin bul reje ámelge aspay qaldı. Arablar Rim mámleketi menen de baylanısta boldı. Rimlikler b.e.sh. 106-jıllar átirapında Yamanǵa suǵılıp kiriwge urındı hám Nabatey mámleketin basıp aldı.

**4. Qubla Arabistannıń áyyemgi mámleketleri.** Arabistan yarim atawı qubla hám qubla-batısında (házirgi Yaman Arab Respublikası hám Yaman Arab Demokratik Respublikaları aymaǵı) b.e.sh. X-IX ásirlerde bir neshe mámleketler payda boldı. Qubla Arabiyanıń shetki arqadaǵı bas qalaları Isil hám Karnava bolǵan Main mámleketi dúzildi. Maindan qubla tárepindegi orayı Marib qalası bolǵan Saba, onnan qubla táreptegi paytaxtı Timna bolǵan Kataban, Katabandan qubladaǵı Ausan mámleketi, shıǵıstaǵı orayı Shabva bolǵan Xadramaut mámleketleri bar edi.

Áyyemgi Yaman mámleketleri b.e.sh. IX-VIII ásirlerde qáliplese basladı. B.e.sh.. VI-V ásirlerde Main, Kataban, Saba hám Xadramaut mámleketleri ortasında jetekshilik ushın gúres baslandı. Saba, Kataban hám Xadramaut dáslep Ausanǵa qarsı birlesip, gúres basladı. Nátiyjede Ausan Katabanga qosıp alınadı. Main mámleketi Kataban hám Sabanıń basımǵa zorǵa shıdadı. B.e.sh. III-I ásirlerde hálsirep qalǵan Kataban Arabiyadaǵı eń kúshli mámleketler Saba hám Xadramaut tárepinen bólip alındı. B.e.sh. II ásirde eń qúdiretli mámleket Saba patshalıǵı bolǵan. Saba gúllep jasnaǵan dáwirinde onıń aymaǵı Qizil teńizinen Xadramautqa shekem, Oraylıq Arabiyanı Hind okeanina shekem sozıladı. Bul mámleket Jaqin Shıǵıs penen jaqın baylanısların ornattı.

B.e.sh. II ásir aqırnda sol waqıtqa shekem Kataban quramında bolǵan, paytaxti Zafar bolǵan jańa Ximyarit mámleketi jetekshi orınǵa shıqtı. Eramizdıń IV ásir baslarında Ximyarit mámleketi pútkil Qubla Arabiyaǵa óz hukimdarlıǵın ornattı. Ximyarit mámleketi dáwirinde Qubla Arabiyanı hám Efiopiya ortasında urıs hám tınıshlıq qatnasıqları xúkim súrdi.

B.e.sh. I mıń jıllıq ortalarinan eramizdıń I mıń jıllıq ortalarına shekem Arabiston Gretsiya, Ptolomeyler Misr hám Rim imperiyasi menen júdá serqatnaw sawda baylanısların alıp bardı. Bul baylanıslar aymaǵında sawda-ónermentshiliktiń rawajlanıwına unamlı tásir etti. Kóshpeli sharwadarlar sawda jolların qorǵawda jolların aktiv qatnastı.

Qubla Arabiya mámleketleri ekonomikanı birinshi gezekte, jasalma suwǵarıwǵa tiykarlanǵan diyxanshılıq hám kóshpeli sharwashılıq penen belgilenedi. Saba mámleketi aymaǵındaǵı Marib tóǵoni (uzunlıǵı 600 metr, bálentligi 15 metr) b.e.sh. VII ásirde qurildi hám XIII ásir dawamında aymaqtıń suwǵarma diyxanshılıqta suw támiynatın ámelge asırıwda jetekshi orın tutı.. Ǵálle, paliz eginleri, xurmo óstirildi. İri hám mayda sharwa malları hám túye baǵılǵan. Ónermentshilik tarawlarınan tasqa islew beriw, qurılıs isleri, metallardı qayta islew, gulalshılıq, toqımashılıq hám terige islew beriw joqarı dárejede rawajlandı.

B.e.sh. I mıń jıllıqta Qubla Arabiya ekonomikası túskinlikke ushırawına bir neshe faktler sebep boldı. Olardan biri grekler, misrliklar hám parsılardıń Arabistandı shetlep ótip, tuwrıdan-tuwrı Hindistan menen baylanıs ornatıwları edi. Endilikde qurǵaqlıqtaǵı qáwipli sawda jolınan kóre, qáwipsiz bolǵan teńiz jolı jetekshi orındı iyeledi. Túskunlikke sebep bolǵan ekkinshi fakt bar bolǵan suwǵarıw sistemalarınıń joq bolıwı, klimattıń ózgeriwi menen ónimdar jerlerdiń sahraǵa aylanıwı boldi. Bundan tısqarı, ishki hám sırtqı urıslar Qubla Arabiston mámleketleriniń túskinlikke júz tutınıwına sebep boldı.

**5. Qubla Arabiyanıń jámiyetlik-siyasıy ayahalı.** B.e.sh. II mıń jıllıq ortalarında Mina, Saba hám Kataban qáwimleri qáliplese basladı. B.e.sh. I mıń jıllıq basında óndiris kúshleriniń rawajlanıwı nátiyjesinde klasslıq teńsizlik kúsheydi. Siyasıy hákimiyattı óz qolına toplaǵan kohin hám sawdagerlerden iborat hukimdar siyasıy qatlam payda boldı. Tiykarǵı óndiris quralı bolǵan jer awıl hám qala jamaatları qolında edi. Tiykarǵı xojalıq buwını patriarxal sem`ya (yaki úlken sem`yalı jámáát) edi.

Eń úlken jer iyeleri ibodatxanalar hám mámleket jerleri edi. Qullar urıslarda tutqın etip alıw yaki satıp alıw arqalı payda boldı. Qarızı ushın qul etiw shárt edi.

Jamiyettiń jámiyetlik qatlamlınıwı qáwim awqamlarınıń mámleketke aylanıwına alıp keldi. Qubla Arabistan mámleketleri siyasıy dúzilisin Saba patshalıǵı misalında kóriw múmkin. Saba patshalıǵın 6 qáwimnen quraldı. Oniń 3 i qaram ahwalda edi. Hár bir qáwim úlken shaxabshaǵa shekem, ol jáne kishi hám ayrıqsha urıwlarǵa bóliner edi. Qáwimler aqsúyekler baslıqlar (kabirler) hám olardan dúzilgen kollegial shólkemler arqalı basqarılǵan. Qáwimlerde aqsaqallar keńesi bolǵan bolıwı múmkin.

Imtıyazlı qáwimler ózleriniń aristokrat ruwlarınan belgili bir múddetke (Sabada 7 jıl, Katabanda 2 jılǵa) mámlekettiń joqarı lawazımlı shaxsları-eponimlerdi saylaǵanlar. Olar joqarı quday Astar menen baylanıslı bolǵan kohinlik wazıypalardı da orınlaǵan. Astronomiyalıq hám astrologiyalıq kalendar baqlawların hám jer-suwdan paydalanıwdı shólkemlestirgendey, bazı bir xojalıq islerin basqarıwda olardıń moynında edi.

Eponimler boyinsha mámleket hám jeke xuqıqıy xújjetler nomerlengen jıl esabı menen alıp barıladı. Olar 30 jastan ámelge shıǵıp, wákillik muddeti tamam bolǵannan keyin, aqsaqallar keńesine aǵza boladı.

B.e.sh. III-II ásirlerge shekem Saba patshalıǵınıń basqarıw isleri hám atqarıw xákimiyatına iye bolǵan lawazımlı shaxslar mugarriblar bolǵan. Olardıń wazıypasına qurılıs iskerligi, sakral wazıypalar (qurbanlıq keltiriw, diniy awqatlanıw máresimlerin shólkemlestiriw) hám mámleketti dúzgen qáwim

awqamların dáwirlik jańalaw, mámleket xújjetlerin járiyalaw, huquqiy qaǵıydalar, qala aymaqları, jeke múlk shhegaralarin aniqlaw hám basqalar kirgen. Mugarrib ámeli miyrasıy edi. Urıs dáwirinde mugarriblar kewillilerine basshılıq etken hám waqtınsha ataq-malik, yaǵnıy patsha ataǵına iye bolǵan. Mugarriblar áste-aqırın óz qollarında pútkil hákimiyat wákalatların toplap, b.e.sh. I mıń jıllıq aqırında ámelde absolyut patshalarına aylandı.

Saba patshalıǵınıń joqarı organı aqsaqallar keńesi edi. Oǵan 6 qáwimniń wákilleri kirgen. Aqsaqallar kenesi sakral, nızam shıǵarıwshı wazıypalar, adminstrativlik xojalıq wazıypaların orınlaǵan. Basqa qubla arab qáwimleri hám usınday mámleket sistemasına iye edi.

**6. Áyyemgi Arabistan mádeniyatı.** Áyyemgi Arabstan sivilizaciyasınıń eń úlken jetiskenlikleriniń biri jazıwdıń alfavit sistemasınıń jaratılıwdur. Bul jazıw eleslerge kóre, Finikiya protosinay (Sinaydan tabılǵan jazıwlarǵa qaraǵanda) alfavitlerinen kelip shıqqan. Arqa Arabiya xalqı nabateyler de aramey jazıwlarına uqsas óz alfavitlerin jarattı.

Jazıwlar tasqa, qojartaslarǵa oyılǵan; aǵash ham ılay taxtashhalarǵa jazılgan, jez buyımǵa quyılǵan; jumsaq byımlarǵa bitilgen. Tarixiy waqıyalar bayanı, nızamlardıń stat`yaları jazılǵan bitiklar tabılǵan. İslew hám qurilis tekstleri, soǵona jazıwları, is jazıwları bizge shekem jetip kelgen.

Arab teńizshileri Hind okeaninda jańa zamonagóy texnikadan paydalanıwǵa qol urdi. Yaǵnıy olar keme ornı hám júzipatırǵanlar baǵdarın aspandaǵı baǵdarlarǵa qarap juldızlar járdeminde anıqlaǵan[13].

Arab sailors who ventured into the Indian Ocean benefited from new navigational techniques, especially celestialbearings (using the position of the stars to determine the position of the ship and the direction to sail).

Monumental arxitektura tarawında úlken jetiskenliklerge eristi. Marib, Timna, Shabva hám Karnava qalaları qarabalarına kóre, qalalar tuwrı tórtmúyeshli qalalar formasında qurılıp, bálentligi 10-12 metrli tas diywallar menen orap alınadı. Qala diywallarında kvadrat formasında minoralar salınǵan. Petra qalası jartasta bolıp, onıń imaratları qoyalarda qurilǵan. Alebastr, jez hám ılaydan háykallar jasalǵan. Haywanlar (ógiz, túye, at) súwreti dinamikalıq hám kórinisli súwretlengenedi.

Arabstan yarim atawı dini politeistik qásiyette bolǵan. Qubla Arabistanda bas quday Astar esaplanǵan. Saba qáwimlerde Almakaxon ay qudayı esaplanıp, oǵan ógiz qurbanlik keltirilgen. Aspon, quyash hám bir neshe sayyoralarga hám sıyınǵan. Nabateylar Ilaxu yaki Alla («quday»), Dusharg (shaqmaq qudayı, dúńya basqarıwshısı)qa siyınǵan.

***Talabalardiń bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1.Finikiyaniń sawda-satiq hám kolonizatsiyasi.

2. Palistinada ruwliq dizimniń qulawi sebepleri?

3. Finikiyalilar jer orta teńizi boylarinda qashan ústemligin ornatqan?

4. Qashan Damask patshaliǵi payda boladi?

5.Qubla Arabstanda dáslepki mámleketler qashan payda boldi?

---

[13]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.236.

**Tema: Ayyemgi Iran**

**Joba:**

1. Ayyemgi Irannıń tábiyiy sharayatı hám xalqi
2 Ayyemgi Irannıń tariyxı boyınsha derekler.
3.Elam mámleketi
4.Midiya mámleketi
5. Ahamaniyler mámleketiniń payda bolıwı.
6.Dara I (b.e.sh. 552-486-jıllar) húkimdarlıǵı dáwirinde Ahamaniyler mámleketi.
7. Ahamaniyler mámleketiniń mádeniyatı.

**Tayanısh sózler:** Kopetdoǵ, Dajla, Pamir, Frot, hind-evropa, Elbrus, Túrkmen, Xorasan, Zagros, Huron, Kerxa, Elam, Lulubbey, mixxat, Persopol, Posagard, Kserks, Gerodot, Fukidid, Ksenofont, Avesto, Elam, kassit, kutey, hurrit, Suriya, Falestina, Finikiya, Lidiya, Assiriya, Diador, Grishman, Zorastrizm, Parpiya, Sasaniyler, Gaumata, Bardiya, Behistun, Elamtu, Midiya, Suza, Keyqısraw, Kambiz, Dara I, Kserks, Dara III, Astiag, Vaxayazdata, satrap, Iskender, Fravortish, Ahamaniyler, Oromiy, zardushtiylik, sinkretizm, Axriman, Axuramazda, Naqshi, Rústem, Vavilon, Persepol, monoteistlik, Mitra, Got, grek-makedon.

**1. Tábiyiy sharayat**. Mesopotamiyanıń shıǵıs tárepinde átirapı taw dizbekleri menen qorshap alınǵan sheksiz Iran jazıqlıǵı jatar edi. Irandı Dajla hám Frot basseyninen Zagros taw dizbegi ajıratıp turatuǵın edi. Arqa tárepinen Elbrus taw dizbegi Kaspiy teńiziniń qubla jaǵası boylap ótedi, arqa-batısta bolsa Kopetdaǵ hám Pamir tawları Iran menen Orta Aziyanıń shegarasın payda etedi.

Oraylıq Irannıń ádewir bólegi, batıs Irannıń kópshilik wálayatları áste-aqırın shólge hám geybir jerleri suwsız sahraǵa aylanıp barǵan. Bunda kóshpeli sharwashılıq ústin bolǵan, biraq eki órkeshli túyelerdi (Baktriya túyesi) jetistiriw ayırıqsha órın tutqan. Bul túyeler b.e.sh. I mıń jıllıqlarda Assiriyada da az da bolsa payda bolǵan. Diyqanshılıq oshaqları Irannıń shetki úlkelerinde, jerdi saydiń suwları menen suwǵarıw múmkin bolǵan jerlerde bolǵan. Orta Aziyada, Irannan parıqlı túrde oypatlar keń jerdi iyelegen.

Biraq Dajla, Frot hám Nil suwların jılawlawdan kóre qaraǵanda Ámiwdáryanıń suwın ózlestiriw ádewir qıyın bolǵan hám bunda irrigaciya isleri ádewir keyin (b.e.sh. I mıń jıllıqlarda ǵana) baslanǵan. Diyqanshılıq mádeniyatınıń eń áyyemgi oshaqları Aral teńiziniń jaǵalarında emes, al ádewir qublada, Iranǵa shegaralas

rayonlarda (házirgi Ózbekstan aymagında) bolǵanlıǵı anıqlandı. Arxeologlar bunda b.e.sh. V mıń jıllıqlarda-aq diyqanshılıqtıń bolǵanlıǵınan guwalıq beriwshi arpa, biyday dánleri hám úy haywanlarınıń súyeklerin taptı, biraq sonıń menen bir waqıtta Ámiwdárya basseyninde ańshılıq hám balıqshılıq húkim súrgen.

Iran sheksiz tawlı hám kóp shóllerden ibarat kontinental klimatqa iye bolǵan mámleket. Diyqanshılıq ushın qolaylı bolǵan oypatlar, taw aldı aymaqları júdá kóp. Arqada Elbrus taw dizbegi hám oǵan Túrkmen, Xorasan tawları qosıladı. Batısınan hám qublasınan Zagros hám túslik Iran tawları qorshap turadı. Qubla batıs Iranda (Huzistan) Korun hám Kerxa dáryalarınıń oypatlarında joqarı ónim beretuǵın jerler bar.

**Xalqı.** Iran menen Orta Aziyanıń áyyemgi zamandaǵı etnikalıq quramın anıqlaw júdá qıyın. Tek bir nárseni úlken isenim menen aytıw múmkin, b.e.sh. II mıń jıllıqlarǵa shekem bundaǵı tillerdi ya semit, ya hind-evropa tillerine kirgize almaǵan. Bundaǵı tillerden bizge belgili bolǵanı elamiy tili, bul til Irannıń qubla-batısında ómir súrgen, biraq uzaq ótmishte elamiy tili ádewir burın, shıǵıs hám shıǵıs-arqada da tarqalǵan bolıwı itimaldan jıraq emes.

Tek b.e.sh. II mıń j'llıqta, ásirese I mıń jıllıqta etnogenez kórinisi ayqınlasıp barǵan. Keńes dáwiriniń ilimiy ádebiyatlarında Orta Aziya hám Iranda hind-iran qáwimleri payda bolǵan, olar arqa tárepten kelgen dep boljaw etiledi. Biraq iran tilleri arqadan qublaǵa kirip kelgen degen pikirdiń tiykarsız ekenligi haqqında jańa pikirler bar, yaǵnıy Parsı qoltıǵı aymagında iran tillerin  dariy shevası bolǵanlıǵı haqqında boljawlar bar.

B.e.sh. I mıń jıllıqtıń baslarında Batıs Iranda iran tilinde sóylesiwshi qáwimler jasaǵan. Bunı Ossur jılnamashılarınan bizge shekem jetip kelgen birqansha rayonlardıń onomastika hám toponomikası dálilleydi. Iranda mezolit hám neolit dáwirine tiyisli orınlar, arxeologiyalıq tabılmalar, gúlalshılıq buyımları Suza, Ekbatana, Pasargad qarabaxanalarınan tabılǵan úlken háykeller, jar tas relefleri, qımbat bahalı metallardan islengen buyımlar-riton-qadalar, áskeriy qurallar hám taǵınshaq-bezekler tawıp úyrenilgen. Evropa alımları J.de Margo hám Grishman bul áyyemgi qalalardıń qarabaxanaların úyrenip, irantaniwshılıq pánine áhmiyetli úlesin qostı.

B.e.sh. VII-VI mıń jıllıqlarda Batıs Evropada diyqanshılıq penen shuǵıllanatuǵın otıriqshı hám sharwa qáwimler b.e.sh. VI-V mıń jıllıqlarda Irannıń basqa aymaǵına tarqaladı. B.e.sh. III mıń jıllıqlardıń basında qubla-batıs Iranda Elamtu (vavilon hám ossur tilinde "mámleket") yaki Elam – eń dáslepki mámleket birlespesi qáliplesedi. Elam Mesopotamiya arqa hám shıǵıs Iran menen baylanısqan Korun, Kerxa dáryalarınıń oypatlarında jaylasqan. Suza qalası paytaxtqa aylandı.

**2. Derekler.** Midiya hám Iran tariyxı boyınsha maǵlıwmat beretuǵın dereklerden biri grek avtorlarınıń shıǵarmaları bolıp tabıladı. Gerodot (b.e.sh. V ásir)tıń tariyxı, Fukidid (b.e.sh. V ásir) tariyxı, Ksenofonttıń "Grek tariyxi" miyneti, onıń "Anabasis" memuari, siciliyalı Diodordıń "Tariyxıy kitapxana" siyaqli shıǵarmalar áyyemgi parsı tariyxına tiyisli bay siyasiy, jámiyetlik, áskeriy-diplomatiyalıq maǵlıwmatlardi beredi.

Iran hám Orta Aziyanıń xojalıǵı, ondaǵı jámiyetlik qatnaslar haqqında biz tiykarınan arxeologiya esteliklerinen bilip alamız. Uzaq ótmishtiń sazaları Iranda keń tarqalǵan diniy shıǵarma – "Avesto"nıń eń dáslepki qatlamlarında saqlanǵan.

Hár túrli hújjetlerden ibarat pútkil bir arxiv bizge shekem tek Elam dáwirinen ǵana jetip kelgen. B.e.sh. VI ásirden baslap Ahamaniylerdiń jazıwları payda bola baslaǵan. Kóplegen máselelerdiń sheshimin tabıwda Gerodot, Ktesiy hám basqa antik dúnya avtorlarınıń shıǵarmaları járdem beredi.

**3. Elam.** Iran xalıqlarınan joqarıda birneshe ret tilge alınǵan elamiyler hámmeden aldın tariyx saxnasına shıqqan. Elamiyler mámleketi Parsı qoltıǵına kelip quyatuǵın eki dárya -Kerxa hám Karina dáryalarınıń basseynin hám arqada oǵan tutasqan tawlı Anchan úlkesin basıp alǵan. Elamnıń paytaxtı Suza (Kerhi boyındaǵı) oypatta jaylasqan. Arxeologlar bul jerden (b.e.sh. IV-III ásirlerdegi) eneolit esteliklerin, ásirese kórkemlik jaqtan joqarı, naǵıs salınǵan keramika buyımlardı tapqan.

Elam pútkil tariyxı dawamında eki dáryanıń aralıǵı menen bekkem baylanısta bolǵan hám bul baylanıs onıń ekonomikası, mádeniyatına tásirin tiygizedi. Sol nárse dıqqatqa ılayıq, Elamnıń ózine tán jazıw sisteması jergilikli piktografiya tiykarındaǵı mixxat b.e.sh. III mıń jıllıqta qollanıwdan qaladı. Dáslep mixxat tekstleri akkad tilinde jazılǵan, b.e.sh. II mıń jıllıqta bolsa elamiy tilinde jazıla baslaǵan. Elamnıń eki dárya aralıǵındaǵı mámleketler menen siyasiy qatnasları turaqlı bolmaǵan. Waqtı-waqtı menen Elam Akkadqa (b.e.sh. XIII ásir) hám Shumerge (Urdıń III dinastiyası waqtında - b.e.sh. XXI ásirde) gárezli bolıp qalǵan. Biraq bunın kerisi bolǵan waqıtlar da bolǵan. Elam patshaları batıstaǵı qońsılarınıń hálsirep qalǵanlıqlarınan paydalanıp, olarǵa qarsı hújimge ótken. Máselen, b.e.sh. XX-XVIII ásirlerde kelispewshilik hám ózara urıslar dáwirinde Elam, Dajla hám Frot basseyninde óz basqarıwın ornatqan. B.e.sh. II mıń jıllıqta elamiyler jáne kúsheyip ketip, Vavilonǵa qarsı urıs ashqan.

Elamnıń jámiyetlk qatnaslarında qońsı eki dáryanıń aralıgına usagan orınlar kóp bolǵan. Biraq, sonıń menen birge jergilikli belgileri de bolǵan, álbette. Bunda ornatılǵan qatlamlıq jámiyet sharayatında hár túrli matriarxat qaldıqlari Eki dárya aralıǵına qaraǵanda kóbirek saqlanǵan. Bul áyyemgi Egipette júz bergen usınday ahwaldı esletedi. Sebebi, jer uchastkaları birotala hayallardıń erkinde bolǵan. Taxttıń miyrasxorlarınıń ózine tán tártibi de ibratlı bolıp tabıladi, taxt atadan balasına ótpegen, al aǵasınan inisine ótken (fratiarxat).

B.e.sh. VII-VII ásirlerde Elam menen Assiriya ortasında júda qatań hám keskin gúres bolıp, bul gúres Ashshurbanipal áskerleriniń Suzdı qıyratıwı menen tamamlanǵan. Bunnan keyin Elam ayırıqsha orın iyelemegen, biraq elamiy tili parsı hám vavilon tilleri menen birge jasay bergen. Behistun jazıwınıń úsh tilde bolǵanlıgı buǵan dálil boladı.

Elamnıń qulawı jańa xalıqlardıń, bul saparı iran tili toparındaǵı midiy hám parsılardıń kelip shıǵıwına sebep bolǵan.

**4. Midiya.** Midiya arqa-batis Iranda jaylasqan. Mámlekettiń batıs bólegi Zagros tawı aymaǵı bolıp, keyin ala Midiya Atropatenasi dep atalǵan. Atropatenadan shıǵısta Midiyanıń oypatlıq bólegi jaylasqan. B.e.sh. III-II mıń jıllıqlarda bul

aymaqlarda kassit, kutiy, xurrit tillerinde sóylesetuǵın otırıqshı hám sharwalar jasaǵan.

Grek dástúrlerinde Midiya mámleketine Deyok degen adam tiykar salǵan. Ol mámleketke patsha etip saylanıp jeke hákimligin ornatqan. Midiya paytaxtı Ekbatana (házirgi Hamadan) tiklegen adam da sol adam delinedi. Ekbatana ápiwayı bir awıl bolıp, Deyok onı birneshe diywal menen qorshalǵan bekkem qorǵanga aylandırgán.

Midiya húkimdarlıǵınan eń ataqlısı hám Midiya mámleketiniń negizgi shólkemlestiriwshisi Kiaksar bolǵan (b.e.sh. 625-585-jıllar). Ol Assiriyanıń Vavilon hám Elamǵa qarsı gúresiniń nátiyjesinde hálsirep qalǵanlıǵı sebepli, pútkil Aldıńǵı Aziyada skiflerdiń basqınshılıq háreketinen imkanı barınsha paydalanǵan. Kiaksar urısqaq arqa qáwimleriniń bul háreketine qarsi Midiyanıń ayamǵına zıyan jetiwine de qaramastan, skiflerdi tınıshlandırǵan hám hátteki óz xızmetine qoyıwǵa erisken.

Assiriya Elamdı qıyratqanı menen onı ózlestiriwge kúsh hám imkaniyatı qalmaǵan, keyin Elam Midiyanıń tásir sheńberine kirip ketken. Kiaksar ózin tiklep alǵan Vavilon menen jarasqan. Áyyemgi avtorlar Kiaksardıń qáwimlerden dúzgen láshkerlerden ibarat burıńǵı saylandı áskerdiń ornına turaqlı armiyanı dúziwi eń úlken tabısı dep esaplaydi.

Assiriya menen gúres ájayıp jeńis penen tamam bolǵan. Kiaksar b.e.sh. 612-jılda Assiriyanıń paytaxtı bolǵan Nineviyanı iyelegen hám ossur miyrasın Vavilon patshası Nabupalasar menen bólisip alǵan. Urartu aymaǵınıń úlken bólegi hám Kishi Aziyanıń shıǵıs bólegi – Kappadokiya da Midiya mámleketiniń quramına kirgen.

Midiya jer múlikleriniń batısqa qarap keńeyiwi usınıń menen juwmaqlanǵan. Lidiya menen urıs Kiaksar ushın júda awır bolǵan hám ol (Vavilonnıń aralasıwında) shıǵıs penen grek álemi ortasındaǵı sawda-satıq jumısların óz qolında uslap turǵan qúdiretli bay mámleket penen kelisimdi abzal kórgen. Kiaksar menen Lidiya patshası Aliatt ortasındaǵı pitimge muwapıq Galis dáryası eki mámlekettiń shegarası bolıp qalǵan.

Kiaksardıń ulı, Midiyanıń aqırǵı patshası Astiag dáwirinde Jańa Vavilon patshalıǵı menen bolǵan doslıq qatnasları buzılǵan. Ortada kelispewshilik kelip shıǵıwına hár eki tárep dawager bolǵan shegaradaǵı Xarran qalası sebep bolǵan. Midiya áskerleri batısta Vavilon patshası Nabonidqa qarsı júdá keskin sawashlar júrgizip atırǵan Irannıń qubla bólimi-Midiya patshasıńıń joqarı húkimdarlıǵı astında parsı patshalıǵı Astiagqa qarsı qozǵalań kótergen.  B.e.sh. 585-550-jıllarda patshalıq qılǵan Astiag dáwirinde Midiya úlken qúdiretli mámleketke aylandı. Bul waqıtta Elam da qosıp alındı.

Qozǵalanǵa Ahamaniyler shańaraǵınan bolǵan hám Midiya húkimdarlıǵı astındaǵı basqa hákimler sıyaqlı patsha ataǵın alǵan Keyqısraw II basshılıq qılǵan. Gerodottıń aytıwınsha (ol ádewir isenimli dásturden paydalanǵan bolsa kerek), Keyqısraw Astiagtıń (ana tárepinen) aqlıǵı bolǵan. Bunda usı  nárseni de názerde tutıw kerek, midiyalılar menen parsilar bir-birine jaqın tuwısqan xalıqlar esaplanadı. Grek avtorları geypara waqıtları hátteki parsılardı midiyalılar dep ataydı, olardıń bunday dep atawı tosınnan emes, álbette. Irannıń tiykarǵı xalqın

quraǵan parsılar menen midiyalılardıń tilleri hám mádeniyatlarında ulıwmalıq kóp bolǵan. Keyqısrawdıń qozǵalańı b.e.sh. 553-jılda baslanıp 3 jıl dawam etken. Astiag bul gúreste úlken qaharmanlıq kórsetken, biraq armiyanıń bir bólegi batısta bánt bolǵanlıǵı hám óziniń arasınan satqınlar shıqqanlıǵı sebepli isi júrispegen. 550-jılda Astiag taxtınan awdarılıp, birqansha waqıttan keyin óltirilgen (dereklerge qaraǵanda Keyqısraw bunnan xabarsız bolǵan) hám Midiya parsılarǵa boysındırılǵan.

**5. Ahamaniyler mámleketiniń payda bolıwı**. Keyqısrawdıń Astiag ústinen erisken jeńisi nátiyjesinde áyyemgi parsı mámleketi júzege kelgen hám (Ahman júzege keltirgen parsı shańaraǵınıń atı menen) Ahamaniyler mámleketi dep júritilgen. Bul mámleket (b.e.sh. 330-jılǵa shekem) eki ásirden artıq ómir súrgen. Iranlılardıń qubla áwladınan bolǵan parsılar bul mámlekette tiykargı orındı iyelegen. Midiyalılar ekinshi orında bolǵan, olardıń kópshiligi Keyqısraw tárepke ótip, sonıń esabınan birqansha jeńilliklerge iye bolǵan.
Jáhán tariyxında birinshhi ulken patshalıq bolǵan İran axamaniyleri mámeketi 200 jıl jasadı.Bul mámleket quramına Persiya jerleri, qubla grek jerleri, O‘rta Aziya, sarqa Hindistan hám de Mısır aymaqları kirgen. [14]..

From their base on the Iranian plateau, over the next 200 years the Persian rulers developed an enormous empire that reached from the Indus Valley to northern Greece and from central Asia to the south of Egypt.

Midiyalılardıń jeńilisinen Vavilon patshası Nabonid quwanıshqa bólengen, sebebi midiyalılar qáwip tuwdırıp turǵan ay qudayı Sinannıń muqáddes qalası Harrannıń qáwipsizligi olardıń jeńiliske ushırawı menen támiynlengen. Biraq jańa mámlekettiń tikleniwi Keyqısrawdıń bunnan keyingi basıp alıwshılıq rejelerinen qáwiplengen batıs áskerlerin táshwishke salǵan.

Parsılar patshalıǵına qarsı úlken bir awqam dúzilip, buǵan Irannıń tikkeley qońsıları (Jańa Vavilon patshalıǵı, Lidiya) ǵana emes, al birqansha alıs Egipet te qosılǵan. Sonday-aq, Greciyadan da járdem keliwi kútilgen.

Hár túrli mámleketlerdiń bunday keń kólemdegi (Assiriyaǵa qarsı awqamın esletetuǵın) awqamnıń dúziliwi áyyemgi dúnyada xalıqaralıq baylanıslardıń bekkemlenip hám rawajlanıp barıwınan gúwalıq beretuǵın edi.

Bul mámlekette ónermentshilik oǵada rawajlanǵan, ondaǵı boyawshılıq ustaxanaları júdá dańq shıǵarǵan, olar jún gezleme hám pil suyeklerin toq qızıl reńge boyawda Finikiya ustaxanaları menen básekilesken.

Lidiyanıń sońǵı patshaları Aliyatt hám Krez dáwirinde mámlekettiń ekonomikalıq rawajlanıw'ı hám siyasıy qúdiretiniń kúsheyiwi qosılıp barǵan. Kishi Aziyanıń úlken bólegin, sonnan greklerdiń teńiz boyındaǵı (Miletten basqa) kaloniyaları da Lidiya húkimdarnlıǵı astına túsip qalǵan.

Keyqısraw Lidiyaǵa qarsı atlanıp olardıń saylandı atlı áskerlerin qıyratqan. Keyqısraw lidiyalarǵa qarsı olarǵa belgili bolmaǵan túye minip urısqa túsetuǵın áskerlerin jibergen. Sonnan keyin parsı patshası jedel soqqı menen Lidiyanıń paytaxtı Sardtı basıp alǵan.

---

[14]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York.. 2011, p.136.

Lidiyadan keyin Vavilonǵa náwbet kelgen. Vavilon patshalıǵınıń ishki kelispewshlikleri sebepli hálsirep qalǵanın joqarıda aytıp ótken edik. Ol endi óziniń qúdiretli qorǵanıw qurılısların Keyqısraw áskerlerine qarsı qollana almaǵan. Keyqısrawdıń ózi (bizge shekem jetip kelgen jazıwlarda) "Vavilonǵa tınıshlıq penen kirip keldim" degen hám muqáddes qalanıń barlıq jeńilliklerin tastıyqlap, onıń qudaylarına húrmetin bildirgen. Ekinshi tárepten Keyqısraw taqacızlıq penen óziniń keliwin kútken yahudiylerdi óz tárepine ótkerip alǵan. Bir waqıtları vavilonlılar quwıp alıp kelgen bul yahudiy xalqınıń úmiti pushqa shıqpaǵan. Keyqısraw olardı "Vavilon qullıǵı"nan qutqarıp, Falestinaǵa qaytıp ketiwlerine hám qayta Quddustı tiklewine ruxsat bergen. Egipetke tayarlanıp atırǵan hújim ushın zárúrli bolǵan placdarm mine usılayınsha Keyqısraw qolına ótken. Keyqısraw tap usı maqsetin ámelge asırıw hám Orta teńiz jaǵaları óz hákimiyatın bekkemlew ushın Finikiyanıń sawda-satıq qalaları menen kelisimge keliwge háreket etedi, sebebi bul qalalardıń flotınan paydalanıwdı niyet etken.

Diyqanshılıq mádeniyatınıń ekinshi oshaǵı (házirgi Túrkmenstan topıraǵindaǵı Murǵob oypatı) Marǵiyanada bolǵan.

Sol diyqanshılıq zonaları átirapındaǵı sheksiz shóllerde padashı sak-massaget qáwimleri kóshpeli bolǵan. Keyqısraw arqa-shıǵıs úlkelerin pútkilley óziniki qılıw hám ónimdar Ámiwdárya oypatına alıp baratuǵın jollardı qolǵa kirgiziw maqsetinde mine usı qáwimler ústine ózi ushin qáwipli júris etedı. Usı sheksiz shóllerde parsılar áskerlerin dushpan qorshap alǵan hám ondaǵi sawashlardıń birinde Keyqısraw nabıt bolǵan. Gerodottıń aytıwı boyınsha, massagetlerdiń malikası basqınshınıń denesinen juda etilgen basın qan menen toltırılǵan meske salǵan hám "mine endi qanǵa toy", dep aytqan. Jergilikli dástúrlerden kelip shıqqan ápsanalarda Qara teńiz boylarındaǵı hám Tawlı Altay skiflerine tuwısqan erkiń sak qáwimleriniń basıp alıwǵa umtılǵan basqınshı parsı patshasına kóz-qarasları sáwlelengen.

Biraq Keyqısrawdıń jeńilisi hám nabıt bolıwı Ahamaniyler mámleketinniń keńeyip barıwına tosıq bolmaǵan. Egipetke bastırıp kiriw nátiyjesinde Keyqısraw tayarlaǵan isti onıń ulı Kambiz (b.e.sh. 529-523- jıllar) ámelge asırǵan. Ol da atasına usap áskeriy ilajlar menen birge diplomatiya usılların da qollanıwǵa háreket etken. Kambiz óziniń áskerlerin Falestinaǵa toplap, Sinay shóli arqalı Egipet shegaralarına baratuǵın jollarǵa iyelik qıliwshı arablar menen kelisiwge kirisken. Sol arqalı óz áskerlerin túyelerde tasılatuǵın suw menen támiynlegen. Teńizde parsılardıń óz flotı bolmaǵan, biraq olar finikiyalılardıń hám greklerdiń kemelerinen azıraq paydalanǵan. Bunıń ústine XXVI dinastiyanıń sonǵı fraunları waqtında teńiz kúshlerine ásker basılıq etken hámeldar satqınlıq etken degen gáp te bar. Bunnan tısqarı Egipettegi grek jallanba áskerleriniń ásker basshısı Fanat ashıqtan-ashıq Kambiz tárepke ótip, oǵan oǵada úlken xızmetler kórsetken. Parsı áskerleri Egipet shegaralarına jaqınlasıp qalǵan waqıtta Egipettiń kúshli fraunlarınan Amasis tosınan ólip qalǵan.

Mine usı sıyaqlı hámme qolaysız jaǵdaylarǵa qaramastan, Egipet áskerleri Pilusiya jaqınındaǵı urıslarında basıp alıwshılarǵa qatań qarsılıq kórsetken. Sonnan 70 jıl ótip Gerodot usı jerge kelip urıs maydanın tamasha qılǵan hám onda óltirilgen oǵada kóp adamlardıń súyeklerin kórgen. Parsılar bul urısta Egipet

áskerleriniń mártligin sindiriwǵa miyasar bolǵan, keyin olardıń jetiskenligine heshkim tosqınlıq etpegen. Memfis basıp alinǵan hám Amasistıń ulı fraun Psammetix II tek ǵana birneshe ay patshalıq qılıp tutqınǵa alınǵan (keyin óltirilgen).

Kambizdiń Efiopiyanı boysındırıwǵa urınıwı nátiyjesiz bolǵan. Ol tábiyiy tosqınlıqlardan óte almaǵan hám óz ǵarezsizligin qorǵap atırǵan xalıqtıń qatań qarsılıǵın sındıra almaǵan.

Parsı mámleketiniń ózinde de mashqalalar tuwılǵan. Keyqısraw waqtında bolǵan eski patriarxal ádetler menen Kambizdiń esaplaspay qoyǵanınan hám onıń basıp alıwshılıq is-háreketlerinen aqsúyekler arasında narazılıq tuwıla baslaǵan. Kambiz óziniń inisi Bardiyanı satqınlıqta gúman etip, satqınlar oǵan súyenip háreket etedi dep óltiriwge jasırın buyrıq bergen. Biraq bul jaǵday waqıyanıń tezlesiwine sebep bolǵan. Shahzadanıń óltirilgenin derlik heshkim bilmegen hám bet-álpeti Bardiyaǵa júda usaǵan Gaumata degen bir midiyalı ruwxanıy bunnan paydalanıp, qozǵalańǵa basshılıq etken. Parsı mámleketi, Midiya hám basqa mámleketler onıń tárepine ótken.

Kambiz qozǵalańdı joq etiw niyetinde asıǵıslıq penen Egipetten watanına jol alǵan, biraq qaytarsın júda sırlı hám gúmanlı jaǵdayda nabıt bolǵan (aytıwlarǵa qaraǵanda ol tosattan súrnigip óz qanjarına qadalıp ólgen emish).

Biraq Bardiya atın alǵan Gaumata mámleketti uzaq waqıt basqara almaǵan. Ol basıp alınǵan mámleketler xalqına súyenip is júrgizgen, olardı birneshe jıl salıqlardan azat etken. Biraq Irannıń ózinde qarsılıqqa dus kelgen hám oǵan dushpan (Behistun jazıwların jazǵan) jılnamashılardıń gápine isenetuǵın bolsaq, ol birqansha zorlıqlar qılǵan, qáwimniń ibadatxanaların buzıp taslaǵan.

Parsı áskeriy aqsúyekleri arasında jańa patshanıń aldawshılıǵı haqqındaǵı áńgimeler tarqalıp ketken. Jeti hámeldar qastıyanlıq uyımlastırıp, nátiyjede Gaumata óltirilgen. Qastıyanshılar taxttı Ahamaniyler shańaraǵınıń urıw-aymaǵınan bolǵan Gistasptiń ulı Daraǵa tapsırǵan. Daranıń taxtqa iye bolıw huqıqı haqqında qarsılıqlar hám tartıslar bolǵan, áne usı tartıs hám qarsılıqlardı saplastırıp, taxtqa bolǵan huqıqın bekkemlew ushın ol Keyqısrawdıń qızına úylengen.

**6. Dara I (b.e.sh. 552-486-jıllar) húkimdarlıǵı dáwirinde Ahamaniyler mámleketi.** Dara I taxtqa otırıwı menen-aq mámlekettiń barlıq jerinde (Vavilonda, Elamda, Lidiya hám basqa jerlerde) baslanǵan qurallı qozǵalańlarǵa qarsı qatal gúres alıp barıwǵa májbúr bolǵan. Eramızdan aldıngı 522-jıl pútkilley usı qozǵalańlardı bastırıw menen ótken.

Dara I taxtqa rásmiy otırıp alǵannan keyin, kóp qáwimli mámlekettiń basqarıw sistemasın qayta qurıwga kirisken, hákimshilik hám finanslıq islerge baylanıslı birqansha reformalar ótkergen. Ol mámleketti 20 satrapliqqa bólgen. Hár biriniń basına ásker (satrap) qoyǵan. Bul wálayatlarda jaylastırılǵan áskeriy bólimlerge ayırım áskeriy baslıqlar ásker basılıq qılǵan. Sonıń menen birge, satraplar menen áskeriy baslıqlardıń bir-biriniń ústinen shaǵım etiwleri marapatlanǵan. Hár ekewiniń de shaǵımlari olardıń óz wazıypaların hújdan menen hadal orınlawınıń belgisi bolıp esaplanǵan.

Bunnan tısqarı pútkil mámleketke “patshanıń qulaǵı” dep qolaysız atalǵan baqlawshılar jiberilgen. Qálegen bir adam ústinde gúman tuwılıwı menen-aq tutıp alınıp, hátteki satrap bolsa da óltirilip jiberiliwi múmkin bolǵan.

Júda keń mámlekettiń hár túrli aymaqları arasındaǵı baylanstı bekkemlew maqsetinde tas to’selgen keń jollar islengen. [15].

First he suppressed revolts across the lands, recording thisfeat on a monumental rock relief overhanging the road to hiscapital, Persepolis.

Júdá keń mámlekettiń hár túrli bólimleri arasında baylanıstı ańsatlastırıw maqsetinde tas tóselgen keń jollar islengen. Bul jollardıń eń úlkeni (Persepol, Ekbatan hám Vavilon menen bir qatarda Ahamaniylerdiń rezidenciyasına aylandırılǵan) Suza (Elamnıń burıngı paytaxtı)dan Egey teńiziniń jaǵasındaǵı grekler koloniyası Efesge alıp barılǵan. Bul jollarda bir-birine jaqın at toqtaw orınları qoyılǵan. Júyrik at mingen shabandozlar patshanıń xatları hám posilkaların (estafeta tártibinde) bir bándirgiden ekinshisine alıp barǵan.

Salıqlar sistemasına ayırıqsha itibar berilgen. Dara I “sawdager” dep biykarǵa aytılmaǵan. Aldıngı tosınnan hám tártipsiz jıyımlar (“sawǵalar”) ornına hám pul menen, hám ónim menen tólenetuǵıń tólemlerdiń anıq muǵdarı belgilengen. Mámlekettiń parsı qáwimleri jaylasqan tiykarǵı bólegi Persidadan basqa pútkil aymaǵına xiraj salınǵan. Xirajdıń ulıwma muǵdarı 1400 talant (400 tonna) gúmiske jetken. Onıń eń awır bólegi eń bay satraplılarǵa, yaǵnıy Vavilon menen Egipet úlkelerine túsken.

Salıqlardı toplaw ushın dáldálshılardan paydalanılǵan. Bul alǵır paydakúnem kóz boyawshılar salıqlardı satıp alıp aldınnan ǵaziynege tapsırǵan, keyin xalıqtan artıǵı menen tartıp alǵan. Vavilondaǵı sáwdager-sútxor “Murashu shańaraǵı”nıń jawızlıǵı haqqındaǵı hújjetler saqlanǵan. Bul kóz boyawshılar kompaniyasınıń wákilleri parsi hámeldarlarına ashıqtan-ashıq para bergen, olardıń esabınan hámeldarlar talanǵan xalıqtıń shaǵımların nátiyjesiz qaldırǵan.

Óz mámleketiniń hár túrli bólimleri arasındaǵı ekonomikalıq baylanislardı kúsheytiw, sawda-satıq hám pul xojalıgın janlandırıwdı gózlep, Dara I Lidiya hám Greciyadaǵıday teńge-pul tártibin ornatqan. Altın darik (6 gramm altın) tiykarǵı teńge pul bolıp, onı tek patsha oydırǵan (gúmis teńge pullardı bolsa satraplar da oydırıwı múmkin bolǵan).

Dara I júdá kúshli sırtqı siyasat alıp barǵan. Ol bir zamanları Keyqısırawdı qıyratqan sak-massagetlerdi jenıwge erisken hám Orta Aziyaǵa shıǵatuǵın joldi ashqan.

Keyin ala Gerodottıń aytıwı boyınsha, parsı patshaları Ámiwdáryadaǵı shlyuzlerdi óz qollarına alǵan hám bul olarǵa diyqanlardı suw beriwden ayırıw menen qorqıtıp, olardan “sawǵa”lar alıp turiwına imkan bergen.

Dara I shıǵısta Hindstannıń bir bólegin (Hind basseynindegi bólimin), al batısta bolsa, Kirenaikanı (Afrikada) Egey teńizindegi geypara atawlardı (sonnan, Samos atawın), sonday-aq, Frakiya menen Makedoniyanı ózine baǵındırgan. Biraq Qara teńizdiń boyındaǵı skiflerdi hám Evropadaǵı greklerdi de óziniń húkimdarlıǵınıń

---

[15]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York.. 2011, p.137.

astına aliw jolındaǵı umtılısları pútkilley nátiyjesiz bolıp, ol Ahamaniyler mámleketiniń hálsirewine alıp kelgen.

B.e.sh. 559-jılı parsı patshası bolǵan Keyqısraw II kelesi eki jıl dawamında Parfiya hám Girkaniyanı basıp aladi. B.e.sh. 545 hám 539-jıllarda Keyqısıraw házirgi Afganstan, Orta Aziya jerlerin basıp aladı. Parsı mámleketiniń aymaǵı Hindstannıń arqa-batıs shegaralarına, Hindikushtiń batıs janbawıraları hám Sırdáriya basseynine shekem jetti. Keyqısraw arqa-shıǵıs baǵıtında óz tásirin bekkemlegennen keyin Vavilonǵa júris etedi. 539-jılı eki ay dawamında avgust-sentyabr aylarında Vavilon jerleri basıp alınadı. Vavilon parshalıǵı rásmiy saqlap qalınadı, onıń jámiyetlik dúzimi ózgertilmeydi. Vavilon qalası parsı patshaları jasaytuǵın saltanatlardan birine aylandı. Vavilon mámleketlik apparatında vavilonlılar jetekshi orında qala beredi, vavilonlılardıń áyyemgi diniy iseninlerin parsı patshaları qollap-quwatlaydı. Ámelde Vavilon ǵárezsiz siyasiy birlespeden ahamaniyler satrapiyasına (wálayatına) aylandırıladı, mámleket ǵárezsiz siyasat alıp barıwdan  ayırıladı, ishki siyasatta joqarı as’keriy hám hákimshilik hákimiyatı parsı patshasınıń qolında edi.

Vavilon basıp alınǵannan keyin, barlıq batıs mámleketleri (Siriya, Falestina, Finikiya) Egipettiń shegaralarına shekem parsılardıń qolına ótti. Finikiya, Vavilon hám Kishi Aziyanıń sawda ónermentleri qatlamları tranzit sawda jollarınıń qáwipsizligin támiyinleytiǵın kúshli oraylastırılǵan mámleketten mápdar bolǵan. Sol sebepli olar parsı mámleketin qollap-quwatlaydı.

Keyqısraw Jaqın Shıǵıstaǵı Egipettiń shegaraların basıp alǵannan keyin parsı mámleketiniń arqa-shıǵıs shegaralarınıń qáwipsizligine aytarlıqtay qáwip salıp turatuǵın Orta Aziyadaǵı kóshpeli qáwimlerdiń ústine júris baslaydı. Keyqısraw b.e.sh. 530-jil’ı Ámiwdáryanıń arqa bólegine ótedi. Massaget qáwimleri parsı basqınshılariń óz jerinde qıyratadı. Keyqısraw da bul urısta nabıt boladı.

B.e.sh. 530-jılı parsılar taxtına Kambiz (Kombiz) otıradı. Egipet ishki kelispewshilikler, qozǵalańlardıń iyiriminde qalǵan edi. Parsılar Egipetke júris etip, onıń áskerin tez qırǵınǵa ushıratadı. Floti urissız baǵınadı, fraun Psammetix tutqınǵa túsedi. Bul waqiya b.e.sh. 525-jılı bolıp ótken.

Egipetti basıp algannan keyin Kambiz Efiopiyaǵa qarsı urıs baslaydı. Jetkilikli azıq-awqatqa iye bolmaǵan armiya suwsız sahraǵa barıp qaladı. Armiyada adamxorlıq baslanadı, Kambiz sheginiwge májbúr boladı. Kambiz Memfiske qaytıp, Egipette baslanǵan qozǵalańdı bastıradı. Kambizdiń miyrasxorı Dara I diń Behistun jár tas jazıwlarında bayan etken rásmiy boljawlarina qaraǵanda, Kambiz Egipetke kelemen degenshe óziniń inisi Bardiyadan gúmanlanıp, onı jasırın túrde óltiriwge buyrıq beredi. Mag Gaumata ismli adam bunnan paydalanıp, ózin Bardiya dep járiyalaydı hám ol 522-jılı ekinshi ret Bardiya atı menen taxtqa otıradı. Bardiya Gaumata ǵárezli xalıqlardı ózine tartıw ushın salıq hám áskeriy minnetlerdi úsh jılǵa biykar etedi. Ol parsı urıw-aqsúyekleriniń jeńilliklerin biykar etiw, olardıń ekonomikalıq hám siyasiy húkimdarlıq ornın toqtatıw siyasatın alıp baradı. Sol sebepli ol mámlekettegi keń xalıq qatlamınıń qollap quwatlawına erisedi.

Házirgi izertlewshilerdiń pikirine qaraǵanda Gaumata tuwrısındaǵı boljaw ótirik, hákimiyatqa haqıyqıy Bardiya kelgen. Ol jeti aylıq basqarıwdan soń 522-jıl

29-sentyabrde jeti parsı urıwı patsha áwladları hám II killari bar qastıyanshılar tárepinen óltiriledi. Qastıyanshılardan biri 28 jaslı Dara I (b.e.sh. 522-486-jıllar) patsha boladı. Ol urıw patsha áwladınıń joqarı qatlamına tiyisli bolǵanlıǵı sebepli Bardiya biykar qılǵan jeńilliklerdi qayta tikleydi. Dara I taxtqa otırıwı menen oǵan qarsı Vavilonda kóterilgen qozǵalańdı bastırıp atırǵan bir waqıtta Parsı, Midiya, Elaman, Marǵiyana, Parfiya, Sattagiyida (házirgi Afganistanda) Orta Aziyanıń sak qáwimleri hám egipetlikler qozǵalań kóteredi. Parsılar arasında ózin Bardiya dep járiyalaǵan Vaxayazdata degen kimse Daraǵa qarsı urıs kóterip, shıǵıs Iran wálayatın hám Afganstanǵa shekemgi aymaqlardı basıp alǵan. B.e.sh. 521-jılı 16-iyulda Dara Vavayazdata armiyasın qıyratıwǵa erisken.

Midiyada ózin Midiya patshası Kiaksar urıwınan dep esaplaǵan Fravartish (Fraorti II ) hákimiyattı qolǵa aladı. Dara bul qozǵalańdı da bastıradı. B.e.sh. 521-jıldıń jazına kelip Dara ármiyası bes urıstan soń Afganstandı tınıshlandıradı. Daranıń qaynatası Dadarish Parfiya hám Girkaniyadaǵı qozǵalańdı bastırǵan. Bul waqıtta Vavilonda songi qozǵalań baslanıp, b.e.sh. 521-jıldıń 27-noyabrine sheken dawam etken. Dara II taxtqa shıqqannan soń bir jıl ótip, óz hákimiyatın bekkemlep aladı. Parsı mámleketiniń Balkan Greciyada jeńis penen baslanǵan urısı Kserks (b.r.sh. 486-465-jıllar) ushın jeńilıs penen juwmaqlanadı. B.e.sh. 449-jılı "Kalliy" pitimine muwapıq parsılardıń Evropadaǵı múlkdarları, Kishi Aziyadaǵı grek qalalarınan bas tartadı. Ol Keyqısraw, Kambiz húkimdarlıǵı dáwirindegi eski shegaralardı qayta tikledi.

Keyingi patshalıq dáwirinde ishki qarsılıqlar, satraplardıń ózbasımshalıǵı, Orta Aziya saklarınıń ajıralıp shıǵıwı júz berdi. Biraq mámleket shegaraları ózgermey qala berdi. Tek ǵana b.e.sh. IV ásirlerde ǵayratlı Artakserks III b.e.sh. 404-jılda ajıralıp ketken Egipetti b.e.sh. 343-342-jıllarda jańadan basıp aldı. Kishi Aziyadaǵı grek qalaları ústinen jáne baqlaw tiklendi. Songı Iran patshası Dara III hálsiz, qorqaq bolıp b.e.sh. 334-330-jıllarda grek-makedonlar hújimin qaytara almadı. Ol Issa qásındaǵı urısta (b.e.sh.333-jıl) hám Gavgamela qasındaǵı sheshiwshi ekinshi urısta Iskenderden jeńiledi. Dara III jeńilgennen keyin Baktriyaǵa qosılıp ketedi hám ol jerde óz jaqınları tárepinen óltiriledi. Sonıń menen ahamaniyler Irani mámleketi qulaydı.

Satrapliqlardiń dizimi Behistun jar tasları hám basqa áyyemgi parsı jazıwlarında keltirilgen. Olarda 23 mámleket sanalǵan. Gerodot tariyxında jigirma satraplikq keltirilgen. Gerodot 20 satrapliq quramında Ahamaniyler mámleketi quramına kirgen 70 qalanı sanaydı. Gerodot hám ahamaniyler jazıwlarındaǵı parıqlardıń bar bolıwınıń sebebi satrapliqlar sanı hám shegaraları jańa basqınshılıq urısları yaki hakimshlik reformalar nátiyjesinde ózgerip turǵan. Parsı patshaları turaqlı túrde satrapliqlardı bólip turǵan, olardıń sanı artıp, aymaqlarınıń kólemi keńeygen. Mısal ushın Dara II dáwirinde Kishi Aziya tótr satrapliqqa, Dara III dáwirinde bolsa jeti satraplikke bólingen.

Satrap hám áskeriy baslıqlar oraylıq hákimiyat patshanıń hám ásirese onıń jasırın xızmetiniń turaqlı baqlawı astında bolǵan. Sebebi, wálayatlar satrapları turaqlı ǵarezsizlikke umtılıwǵa háreket qılǵan, ajıralıp shıǵıw qáwpin tuwdırǵan. Mámleket basqarıwı hám barlıq hámeldarlar ústinen joqarı baqlaw xazorapat dep

atalǵan hámeldardıń qolında bolǵan. Ol bir waqıttıń ózinde “On mıń ólmes” patsha jeke gvardiyasınıń basliǵı bolǵan.

Bul imperiya óraylasqan hám judá madeniyatlı edi. Parsılar isengen, boysındırılǵan xalıqlar teń bolǵan, tek ǵana bir talap ólar patshaǵa sadaqatlı bolıu hám oʻlpon toleui kerek bolǵan. Maxalliy parsı administratorları jergilikli tillerden paydalanıuına qaramastan. Sol payıtta aramey jazıuı imperiyanıń mámleketlik tili bolǵan. Nege deseń óqımıslı ulamalardıń kópshiligi Mesopotamiyadan kelgen. Olar pergament hám papirusqa aramey jazıuında jazǵan hám onnan paydalanıu tez tarqalǵan. [16].

This empire was both centralized and multicultural. ThePersians believed that all subject peoples were equal; the onlyrequirement was to give the king their loyalty and pay tribute—which was considered an honor, not a burden. Although localPersian administrators used local languages, in time Aramaic(a dialect of a Semitic language long spoken in SouthwestAsia) became the empire’s official language because many ofits literate scribes came from Mesopotamia. They wrote Aramaic on parchment or papyrus in an alphabetic script, and itsuse spread quickly.

Parsı patshalıǵınıń tiykarın parsı hám midiyalılardan quralǵan jawınger armiya belgilegen. Armiyanıń jawıngerlik qábiliyetin támiyinlewde parsı hám midiyalılardan basqa Orta Aziyanıń sak jawınger qáwimleri, baktriyalılar áhmiyetli orın tutqan. Saklar tiykarınan jeńillikke iye bolǵan atlı armiyada xızmet qılǵan. Áskeriy qorǵan, garnizon, tayanısh punktlerinde ádette joqarı áskeriy lawazımdı parsılar iyelegen Armiya atlı hám piyada bóleklerden quralǵan. Atlı bólekler aqsúyeklerden, piyadalar diyqanlardan alınǵan. Bul eki bóleklerdiń úylesimli háreketi urıslarda jeńisti qolǵa kirgiziwge sebep bolar edi. Piyada áskerdiń tiykarǵı quralı oq jay, atlı áskerdiń qural-jaraǵı temir sawıt, jez qalqan hám eki temir nayza bolǵan.

Egipet Greciyaǵa ǵálle, polotno eksport etip, vino hám zaytun mayın satıp alǵan, basqa wálayatlardı altın, pil súyegi menen támiyinlegen. Hindstannan altın, til súyegi, xosh iyisli maylar, arabilerden altin, Soǵdiyanadan lazurit, serdolik, Xorezmnen feruza shıǵarılǵan. Balkandaǵı grek qalaları ǵulalashılıq ónimleri, Vavilon ǵálle, Kishi Aziya temir hám basqa rudalardı islep shıǵarǵan. Xalıqaralıq teńiz sawdası finikiyalılardıń qolında qaladı.

Áyyemgi jámiyette qullardıń miynetinen paydalanıw joqarı dárejede edi. Qullar alıs-beris etilgen hám hár tur’li jumıslarda qollanılǵan. Tutqın qullardıń sanı júdá kóp edi, parsı patshalarınıń oraylasqan iri xojalıqlarında isleytuǵın islewshiler (kurtashlar dep atalǵan), basqa jerlerden qul etip alıp kelingen. Kurtashlardıń bir bólimi mámlekettiń puqarası dep esaplanǵan.

Ahamaniylerdiń mámleketi ushın hár túrli xalıqlardıń mádeniyatı hám diniy kóz qaraslarında sinkretizm xarakterli edi. Mámleket hár túrli aymaqlardıń udayı ekonomikalıq-jámiyetlik hám siyasiy baylanısı, mádeniyatlarınıń ózara tásirine unamlı túrtki beredi. Hár túrli xalıqlardıń birden-bir mámleketiniń aymaǵında jásap

[16]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p. 137.

turǵan hár túrli xalıqlardıń, ilimiy bilimleri, kórkem óneri hám ádebiyatlarınıń birin-biri bayıtıwına alıp keldi.

Parsılar hám basqa xalıq-elatlar Vavilon hám Elamnıń áyyemgi mádeniyatların ózlestirip aldı. Parsılardıń eń úlken mádeniy tabıslarınan biri – ózine tán mixxattıń jaratılıwı. Parsı mixxatı akkard álipbesinen parıq etken halda barı-joǵı 40 belgiden ibarat bolıp, derlik álipbeli jazıw bolǵan.

Áyyemgi parsı óneri, Iran mádeniyatınıń dástúrleri Vavilon, Egipet, Assiriya hám basqa xalıqlardıń kórkem dástúrleri hám texnikalıq usıllarınıń sintezi edi. Áyyemgi parsı óneri úlgileriniń ishinde názik talǵam menen tastan islengen vazalar, metall qadaq, pil súyeginen jasalǵan riton qadaqlar, bezeniw buyımları, lazurit háykelleri bar. Kórkem buyımlardıń ishinde agat, xalqidon, yashma sıyaqlı qımbar bahalı taslardan islengen cilindr tárizli mórlerde patshalar, ápsanawiy qaharmanlar hám maqluqlardıń súwreti túsirilgen. Olar oǵada sheberlik penen jasalǵan bolıp, haqıyqıy ónerdiń shıgarması esaplanadı. Parsı ónerinde, ásirese ósimlik hám haywanlar haqıyqıyday etipsızılǵan swwrtetleri bolǵan kórkem buyımları bizdi házirge shekem hayran qaldıradı.

**7. Ahamaniyler mámleketiniń mádeniyatı.**

Ahamaniyler mámleketiniń quramında hár túrli mádeniy tabıslarǵa iye bolǵan kóplegen xalıqlar bolǵan. Parsılar húkimdar xalıq bolıp, bul mádeniy ǵaziyneden dóretiwshilik penen qayta islep ózlestirgen[17].

They had to beawe-inspiring horsemen and peerless in wielding bows andspears—qualities valued by all Persian nobles, who revered thevirtues of their nomadic ancestors.

Parsılar mixxattı ózlestirgenligi hám jetilistirgeni haqqında joqarıda aytıp ótken edik. Olar mixxattaǵı júdá kóp artıqsha belgilerdi joq etip, tek 42 belgini qaldırǵan. Mekemelerdegi (papirusqa, keramika taxtalarǵa jazılatuǵın) jazıwlar ushın oromiylerdiń álipbesin qollanǵan.

B.e.sh. VI hám V ásirlerde Qıtayǵa buddizm, hinduizm Hindstanǵa kirip keliwi menen Parsıda zardushtiylik filosofiya mádeniyatı Egipet mámleketlerine kirib kelgen. Bul mádeniyat imperiyadan-imperiyaǵa ótiw dáwirinde óz kushin jóǵaлтpaǵan[18].

Parsı patshaları sol dáwirde eń kúshli dep esaplanǵan Egipet táwiplerin ózleriniń xızmetine tartqan. Biraq Dara I patshalıq etken dáwirde Egipet táwipleriniń ornına grek táwipleri kórine baslaydı.

Parsılar Vavilon hám greklerdiń kalendar esabı menen tanıs bolǵan degen maǵlıwmat bar.

Joqarıda aytıp ótilgen “Avesto” Iran tili toparına kiriwshi xalıqlardıń ájayıp kórkem shıgarması bolıp tabıladı, ol Orta Aziyada payda bolıp, keyin ala Midiya hám Persiyaǵa tarqalǵan, sonıń menen bir waqıtta dáslepki nusqasına (Gatige) kóp qosımshalar qosılıp barılǵan.

---

[17]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York.. London. 2011, p.137.
[18] Peter N. Stearns. A Brief History of the World. Part I. THE TEACHING COMPANY. New York. 2007. p. 23.

“Avesto”da úgitlengen diniy táliymat áyyemgi payǵambar Zaratushtra (yaki greklerdiń aytıwı boyınsha Zoroastraǵa)qa tiyisli delineli, biraq ol haqqında bizge heshqanday maǵlıwmat belgili emes. Bul táliymattıń mańızı eki ilahiy derekti, jaqsılıq qudayı Axuramazda hám jamanlıq qudayı Axrimandı bir-birine qarama-qarsı qoyıwdan ibarat.

Axuramazda úy haywanları hám mádeniy ósimliklerge ǵamxorlıq qılatuǵın tınısh miynet qollawshısı esaplanadı. Onı áziz bilgenler jerdi tárbiyalaw, sharwa malların kóbeytiw, jabayı haywanlardı joq qılıwı kerek. Axriman insan dóretiwshilik iskerliginiń dushpanı, jırtqısh haywanlardıń qollawshısı, urısqaq kóshpelilerdiń tınısh ómir keshiriwshisi, otırıqshı xalıqtı talawǵa kómeklesiwshi etip táriyplenedi.

Zorastra dininiń xarakterli belgisi sonnan ibarat, bul din ólini jerge kómiwdi de, kúydiriwdi de qadaǵan etedi. “Ólik jerdi hám ottı haramlaydı” dep esaplanǵan. Ólilerdi jırtqısh quslarǵa jem etip taslaw kerek bolǵan. Hindstanda Bombeydiń bir rayonındaǵı onsha úlken bolmaǵan parsı sektası házir de usı ádetti saqlaydı. “Avesto” tekstinde de tap usı parsılar saqlaǵan.

Sol nárse dıqqatqqa ılayıq, Ahamaniyler Axuramazdanı áziz bilgen halda “Avesto”nı tán almaǵan bolsa kerek. Áyyemgi parsı patshalarınıń hesh bir jazıwında Zardushtra tilge alınbaydı. Sonday-aq, parsı patshalarınıń (Keyqısrawdan baslap) movzeleyleri saqlanǵan, bul bolsa “Avesto”nıń qadaǵan etiliwine heshqanday da tuwrı kelmeydi. Zorastrizm tek ǵana Parfiya hám Sasaniyler patshalıǵı waqtında ǵana mámleket dini bolǵan.

Dara I diń ulı hám taxt miyrasxorı Kserks dáwirinde diniy reforma ótkeriwge urınıp kórilgen. Dáwlerge tabınıw qadaǵan etilgen, Axuramazda parsılardıń birden-bir qudayı dep járiyalanǵan

Biraq bul monoteistlik (bir qudaylıq) ideyası ornalaspaǵan hám Kserks miyrasxorları waqtında quyash qudayı Mitra menen zúráát qudayı Anaxitaǵa sıyınıw keń taralǵan.

Ahamaniyler óneriniń estelikleri sinkretizm xarakterinde bolıp tabıladı. Dara I diń Persepoldaǵı sarayın qurıwda Vavilon, Egipet, Lidiya hám basqa ǵárezli mámleketlerdiń ustaları islegen.

**Bekkemlew ushın sorawlar:**

1. Áyyemgi Iran tábiyatı hám xalqı tuwralı maǵlıwmat beriń?
2. Áyyemgi Iranda eń dáslepki mámleketlerdiń payda bolıw halatların túsindirip beriń?
3. Iran tariyxına baylanıslı derekler hám olardıń sıpatlaması neden ibarat?
4. Iran tarıyxı tarıyxtanıwın bayan etip beriń?
5. Elam mámleketi hám onıń qáliplesiw processleri haqqında pikir júritiń?
6. Midiya mámleketi hám rawajlanıwı haqqında nelerdi bilesiz?
7. Kiaksar hám Astiag dáwirinde jámiyetlik, siyasıy hám mádeniy awhal qanday edi?
8. Ahamaniyler mámleketiniń basqarıw sisteması tuwralı pikirlesiń?
9. Dara I dáwirinde alıp barılǵan basıp alıwshılıq tásirleri haqqında maǵlıwmat beriń?

10. Áyyemgi Iran mádeniyatınıń dúnya jámiyetshiliginde tutqan ornıń qanday bahalaysız?

## Tema: Áyyemgi Hindistan

### Joba:

1. Áyyemgi Hindistan tábiyiy sharayatı hám xalqı
2. Derekler.
3. Eń áyyemgi Hindstan.
4. B.e.sh. XV-VII ásirlerde áyyemgi Hindstan.
5. Buddizm hám oniń tariyxıy roli.

**Tayanısh sózler**: Hind, Gang, Gimalay, antik, dravit, mund, Zebu, Shri-Lanka, Maxabxarata, Veda, Ramayana, Samaveda, Yajurveda, Atxarvabeda, Buddizm, Artxashastra, Sidxartxa Gautama, aǵartıwshı, Gerodot, Megasfen, Arrian, Strabon, Sima Tcziyan, hinduizm, Vishna, Shiva, Bxarmanizm, Gupta, Shakuntala, Kalidasa, Panchatatra, sanskrit, Ariyabxattaxa, hind cifrları, arab cifrları, Sangi monastıri, Chandragupta, Ashoki ústinleri, Gandxara Ashoki ibadatxanası, aqsaqallar, logika, Shakun Kalidasi, Panchatatra, Qalila hám Dimna, Ajanta, Maxinjo-Daro, lingvistika, filosofiya.

**1. Tábiyiy sharayatı.** Hindstan territoriyasınıń kólemi hám xalqınıń sanı jaǵınan áyyemnen Aziyanıń eń úlken mámleketlerinen biri esaplanadı. Hindstannıń oǵada úlken bólegi úlken bir yarım ataw, derlik bir materikten ibarat bolıp, okean hám dúnyada eń úlken taw dizbegi bolǵan Gimalay tawları onı dúnyanıń basqa bólimlerinen ajıratıp turadı. Birneshe taw jolları, jıra hám oypatlar, atap aytqanda, Qabul dáryasınıń oypatı arqalı ǵana Hindstan qońsı mámleketler menen tutasqan.

Jawın-shashınnıń jetkilikli bolmawı áyyem zamanlardan-aq xalıqtı suwǵarıp egin egiwge májbúr etken, Arqa Hindstannıń rayonları mol suwlı Hind, Gang dáryaları hám onıń tarmaqlarınan jaqsı suw menen támiyinlengen bolıp, bul jerde suwǵarıp egin egiw jaqsı jolǵa qoyılǵan.

Hindstan insannıń ómiri ushın zárúrli tábiyiy baylıqlar menen júdá jaqsı támiyinlengenliginen shetten ónim alıp keliwge zárúrlik bolmaǵan. Mámlekettiń ósimlik hám haywanat dúnyası joqarı dárejede bay. Bunda arpa menen biydaydan basqa ayy’emgi zamanlardan-aq salını jetistirgen. Bunnan basqa Hindstan paxta, qanttıń da watanı bolıp esaplanadı.

Áyyemgi Hindstanda haywanlardıń jergilikli túrlerin qolǵa úyretken (máselen, órkeshli ógiz – zebra eki dáryanıń aralıǵına hám Egipetke Hindstannan alıp kelingen). Piller de dáslep Hindstanda qolǵa úyretilgen hám olar tiykarınan

áskeriy islerde paydalanılǵan. Aleksandr Makedonskiy júrislerinen keyin Evropa xalıqları kúshli uris ushin qolayli pillerdi sawashta paydalanıwdı hindlerden úyrene baslaǵan.

Eki muqaddes dáryanıń oypatları Hindstannıń eń áyyemgi diyqanshılıq zonaları bolıp tabıladı. Birewi – 5 tarmaǵı bolǵan (Panjab) Hind dáryasınıń oypatı bolsa (usı 5 tarmaqtın atı menen oypatqa Panjab dep at berilgen), ekinshisi, birqansha tarmaǵı bolǵan Gang dáryasınıń oypatı bolıp tabıladı. Keyin ala awıl xojalıǵı mámlekettiń qublasında da rawajlanǵan[19].

The region's social and economic integration offered a starkcontrast to its continuing political disintegration. In the processof fanning out from the Punjab (the region of the five tributaries of the Indus River) and settling along the Ganges River.

**Xalqı.** Eń áyyemgi hind ádebiy estelikleri, sonday-aq, antik dúnya avtorlarınıń aytıwlarınsha áyyemgi Hindstannıń xalqı oǵada tıǵız bolǵanlıǵı eske túsiriledi. Hindstan xalqınıń etnikalıq quramı áyyemde (házirgidey) júda hár qıylı bolǵan. Qublada qara tánli qáwimler kópshilikti quraǵan. Mámlekettiń eń áyyemgi xalqı dravit tilinde, azı-kem dravitten aldın paydalanǵan mundi tili hám basqa tillerde sóylesken.

Qubla Aziyanıń házirgi xalqınıń úlken bólegi tiykarǵı evropoid rasasına tiyisli. Tek yarım atawdıń qubla bólimi hám Shri-Lankanıń xalqı ǵana rasalıq belgilerine qaray (denesi, shashınıń qara reńi hám basqalar) avstraloidlarǵa jaqın. Arqa shıǵıstıń bir qatar qáwimleri mongoloid rasasına tiyisli.

Arqada hind-evropa tilleri (hind, bengal hám basqalar), qublada dravit (máselen tamil) tillerinde sóylesedi.

Qubla Aziyaǵa tán tárepi – rawajlanıwdıń miyrasqa iye ekenligi hám dawamlılıǵı bolıp tabıladı. Áyyemde hám orta ásirlerde bul jerde keskin etnikalıq ózgerisler júz bermedi. Jámiyetlik qatnaslarda kasta sisteması hám mádeniy dástúrlerdiń turaqlılıǵı kórinip turadı. Áyyemgi Hindstannıń kóplegen shıǵarmaları házirge shekem hinduizm hám buddizmniń muqáddes kitapları bolıp esaplanadı. Jazba derekler bizge shekem júdá kóplep jetip kelgen. Áyyemgi Hindstannıń xalqı hár qıylı bolǵan, antik dáwirdegi grek tariyxshılarınıń shıǵarmalarinda, áyyemgi hind eposı "Maxabxarata" da kórsetilgen.

Chitaldrugtıń janında (Qubla Hindstandaǵı Maysorda) ótkerilgen qazıw isleri waqtında dástelep taqlanǵan altı mádeniy qatlam tabılǵan, bul qatlamlardıń tómengisinen b.e.sh. IV mıń jıllıqqa tiyisli tas qurallar hám geometriyalıq ornamentli keramika, al joqarı qatlamınan bolsa b.e.sh. XIII ásirge tiyisli bolǵan buyımlar shıqqan. Bul jaǵday ayırım mádeniy qorgánlardiń eń áyyemnen bar bolganlıǵın hám de Hindstandaǵı qáwim hám xalıqlardıń mádeniyatı óz betinshe rawajlanıp ketkenligin kórsetedi.

B.e.sh. 2500 jılda Hindstan Pakistanda Hind dáryası bóylab Harappa sivilizasiya (Shaharlar sózinen) si kirib kelgen[20].

[19]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.148..
[20] Peter N. Stearns. A Brief History of the World. Part I. THE TEACHING COMPANY. New York. 2007. p. 13.

**2. Derekler**. Dúnyadaǵı eń úlken mámleketlerden biri bolǵan Hindstannıń áyyemgi dáwiri haqqında maǵlıwmat beretuǵın derekler júdá kóp.

Izertlewlerdiń juwmaǵı sonı kórsetedi, áyyemgi Hindsatanda úlken mámleketler bar bolǵanlıǵınan derek beriwshi eń áyyemgi estelikler b.e.sh. III mıń jıllıqlarǵa tiyisli. Qazıw isleriniń waqtında sol nárse anıqlandı, Hindstan tariyxınıń sol dáwirlerinde-aq Hindstanda úlken qalalar bar bolǵan, mámlekette ózine tán ieoroglif jazıwına iye bolǵan qáwimler jasaǵan. Áyyemgi Hindstannıń mádeniyatı rawajlanıp, b.e.sh. I mıń jıllıqlarda eń joqarı dárejege jetken. Áyyemgi hind mádeniyatı qońsı xalıqlardıń mádeniyatınıń rawajlanıwına ádewir tásirin tiygizgen, buǵan atap aytqanda, Aziyadaǵi kóp mámleketlerde buddizmniń jayılıwı dálil bola aladı.

Áyyemgi Hindstannıń tariyxın úyreniwde áyyemgi hindlerdiń Vedalar dep atalatuǵın diniy toplamları úlken áhmiyetke iye bolǵan.

Áyyemgi Hindstannıń bul muqáddes kitapları b.e.sh. ekinshi mıń jıllıqlarga tiyisli bolıp, Rigveda, Samaveda, Yajurveda hám Atxarvaveda dep atalatuǵın tórt úlken toplam (samxita)nan ibarat bolǵan[21].

The main body of Vedicliterature includes the four Vedas: Rig-Veda, Sama-Veda,Yajur-Veda, and Atharva-Veda. The Rig-Veda.

Tórtinshi toplam, yaǵnıy Atxarvaveda eń aqırında payda bolǵan, keyin ala dáslepki úsh toplamnıń qatarına kirgen. Bul toplamlardıń eń áyyemgisi Rigveda bolıp, qudaylarǵa baǵıshlanǵan diniy gimnlerden ibarat.

Vedalardıń qayıńnıń qabıǵına hám palma japıqarlarına jazılǵan eń áyyemgi tekstleri saqlanıp qalmaǵan. Eń áyyemgi qol jazbalar ádewir keyingi dáwitlerge, xristian erasına jaqın paytqa tiyisli. Barǵan sayın túsiniliwi qıyınlasıp barǵanlıǵı sebepli, b.e.sh. VIII ásirde baslap Vedalarǵa túsinikler beriletuǵın bolǵan, bulardıń arasında diniy máresimlerdi túsindirip beriwshi “Braxmanlar” hár qıylı diniy-filosofiyalıq pikirlerden ibarat.

Hindstannıń b.e.sh. I mıń jıllıqlardaǵı tariyxı hám mádeniyatın úyreniwde eki úlken epikalıq dástan – “Ramayana” hám “Maxabxarata” áhmiyetli derek bolıp tabıladı. Bul dereklerde xalıq awızeki kórkem dóretiwshiliginiń kóp elementleri bar. Bul dástanlardıń birinshisi – “Maxabxarata” (“Bxarata áwladlarınıń gúresi haqqında úllı qıssa”)nıń tiykarǵı syujeti patshanıń úrim-putaqlarınan bolǵan kavrular hám pandular degen eki tuwısqan urıwınıń joqarı hákimiyatqa talasıp ózara alıp barǵan gúresi haqqında qıssadan ibarat bolıp, onıń avtorı ápsanawiy danıshpan hám shayır Vyasa esaplanadı. Bul tiykarǵı qıssa birinshi ret b.e.sh. I mıń jıllıqta dúzilgen. Keyin ala oǵan kóplegen áyyemgi ápsanalar, ertekler, masallar, ibratlı gúrrınler kirgizilgen, bular hár tárepleme xalıq kórkem dóretiwshiliginiń negizinde payda bolǵan.

“Artxashastra” degen siyasiy-ekonomikalıq traktat áyyemgi Hindstan tariyxı boyınsha eń áyyemgi qımbatlı derek sipatında júdá úlken áhmiyetke iye. Bunı Maurya dinastiyasınan bolǵ’an patsha Chandraguptanıń Qautilya degen bir waziri jazǵan. Bul traktatta mámleketti basqarıwdıń rawajlanǵan sisteması hár tárepleme bayan etilgen bolıp, patsha hám hámeldarlardıń iskerligi, mámlekettiń tiykarları,

[21]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.150.

hákimshilik basqarıw usılları, sud isleri, mámlekettiń sırtqı siyasatı hám juwmagında sol dáwirdegi áskeriy óner hár tárepleme sıpatlap berilgen.

Tiykarınan eń dáslepki buddizmge tiyisli jazıwlar birqansha kemirek maǵlıwmat beredi. Patsha Ashokanıń zamanınan kóplegen jazıwlar saqlanıp qalǵan. Ashoka ediktleri dep atalatuǵın bul jazıwlar diniy-ádep ikramlıq nasiyatlardı hám de eń dáslepki buddizmdi xarakterlewshi birqansha faktlerdi, burın Hindstanda buddizmniń keńnen jayılıwın (Avganstannıń ayırım wálayatları da sonıń ishine kiredi), sonday-aq, Ashokanıń joqarı diniy iskerligin súwretleydi.

B.e.sh. I mıń jıllıqtıń ekinshi yarimında Arqa Hindstan mámleketi Iran, Greciya hám Makedoniya menen hár túrli baylanislardı ornata baslaydı. Sol sebepli bul dáwirdi úyreniwde shet el derekleri, shet elli alımlardıń Hindstan haqqındaǵı maǵlıwmatları úlken áhmiyetke iye. Sebebi, Ahamaniylerdiń zamanındaǵı iran jazıwları, sonıń ishinde, Behistun, Persopol hám Naqshi Rustemdegi Dara jazıwları usılar qatarına kiredi. Grek tariyxshılarınıń áyyemgi Hindstan haqqında jazǵan shıǵarmları úlken áhmiyetke iye. Gerodot (b.e.sh. V ásir) óziniń úlken tariyxıy miynetinde Hindstan, onıń xalqı, hind qáwimleriniń hár qıylı mádeniy dárejeleri hám de Hindstannıń Iran patshalıǵı menen bolǵan ózara qatnasları haqqında birqansha maǵlıwmatlardı bayan etedi. Grek geografı hám siyasiy ǵayratkeri Megasfen ádewir kóp material toplaǵan. Megasfendi Selevi Nikator Hindstan patshası Chandragupta qabıllawına elshi etip jibergen hám ol Hindstanda uzaq waqıt jasaǵan. Megasfen óziniń "Indiká degen miynetinde Hindstannıń ekonomikasın, jámiyetlik hám mámleket dúzimin súwretlegen hám eń áhmiyetlisi, ózi jasaǵan dáwirdegi Hindstannıń kastalıq dúzimin táriyiplep bergen. Megasfen miynetiniń ózi joq bolıp ketken hám sońǵı dáwirdegi grek jazıwlarınıń, tiykarınan Strabon hám Arriannıń kitaplarında bul shıǵarmanıń kishi-kishi úzindileri saqlanıp qalǵan

Áyyemgi Hindstannıń geografiyası, sonday-aq onıń tábiyiy baylıqları, xalqınıń úrp-ádetleri hám qalaları haqqında birqansha qımbat maǵlıwmatlar Strabonnıń úlken tariyxıy-geografiyalıq miynetinde (b.e.sh. I ásir – eramızdıń I ásiri) saqlanıp qalǵan. Strabonnıń miyneti qımbat bahalı, sebebi bul shıǵarma onnan aldın ótken tariyxshılardıń – Megasfen, Neaxr, Eratosfen hám basqalardıń arnawlı shıǵarmalarına tiykarlanıp jazılǵan.

Áyyemgi Hindstan haqqında jazılǵan grek jazıwshılarınıń miynetleriniń arasında Arriannıń biziń dáwirimizge shekem jetken Aleksandr Makedonskiydiń áskeriy júrisleri, atap aytqanda, onıń Hindstanǵa bólǵan áskeriy júrisine baǵıshlanǵan "Anabazis" degen kitabı, sonday-aq bul kitapqa qosımsha kishkene bolsa da áyyemgi Hindstan tariyxı ushın áhmiyetli bolǵan "Hindstan" degen shıǵarması da úlken áhmiyetke iye. Arrian óz miynetlerinde Hindstandı júdá jaqsı súwretleydi, sol dáwirdegi Hindstannıń ekonomikası hám j'amiyetlik dúzimi haqqında maǵlıwmatlar beredi, sonıń ishinde, ol jasamla suwǵarıw hám kasta sistemasın súwretleydi. Arrian kóplegen áhmiyetli dereklerden, sonıń ishinde Lagtiń ulı Ptolemey bergen maǵlıwmatlardan, Aleksandr Makedonskiydiń basqa áskeriy sárkardaları bergen xabarlardan, Makedon armiyasınıń Hindstannan tenız arqalı qaytıwı súwretlengen Nearx shıǵarmalarınan, sonday-aq, grek elshieriniń b.e.sh. IV ásirge tiyisli bolǵan hind hújjetleriniń tiykarında dúzilgen jazıwlardan,

sonıń ishinde Megasfen shıǵarmalarınan sın kózi menen qarap paydalanǵan. Arriannıń shıǵarmaları eramızdıń II ásirinde jazılǵan bolıp, házirgi zaman izetlewshileri ushın oǵada qımbatlı bolıp tabıladı. Olarda áyyemgi Hindstanǵa tiyisli kóplegen qımbatlı maǵlıwmatlar bolıp, bul maǵlıwmatlar isenimli dereklerden alınǵan.

Solay etip, áyyemgi Hindstan tariyxın úyreniwde Qıtay tariyxshıları hám jazıwshılarınıń miynetleri, sonıń ishinde Sim Szyannıń xronologiyanı anıqlaw ushın bahalı shıǵarması, sonday-aq, b.e.sh. II ásirde jasaǵan Qıtay jazıwshılarınıń shıǵarmaları áhmiyetli bolıp tabıladı.

**3. Eń áyyemgi Hindstan**. Arxeologiyalıq tabılmalarǵa qaraǵanda Hindstanda adamlar áyyemgi tas dáwirlerinde-aq jasaǵan. Mámlekettiń birqansha tawlı orınlardında paleolit mánzilleri tabılǵan. Onnan keyingi basqıshlarında dáslep adamlar jasamaǵan úlken dáryanıń oypatları ózlestirile baslaǵan. Hindstannıń áskeriy rayonları barǵan sayın alǵa ilgeriley baslaǵan, bul jerlerde eneolit dáwirine kelip, ásirese bronza dáwirinde ózine tán protohid mádeniyat qáliplesken, olardıń tiykarǵı orayları (Panjabtan) hám Mahenjodaro (sinda) qarabaxanaları tabılǵan qalaları bolǵan. Hindstanda eń áyyemgi qalalar hám mámleketlerdiń bolǵanlıǵı haqqında pikir júritiwge imkan beretuǵın eń áyyemgi hám eń áhmiyetli estelikler Arqa-Batıs Hindstannan, Hind dáryası basseyninen tabılǵan. Mahenjodarodan (Sind wálayatı) hám Xarappadan (Panjab) áyyemgi úlken qalalardıń úlken qarabaxanaları shıqqan. Jáne usıǵan usas birqansha qorǵanlar Hind dáryasınıń quyarlıq basseyninen, Belujistonnıń usı basseynge jaqın turǵan rayonlarınan tabılǵan, eń arqadaǵı qorǵan Setlaj dáryası boyındaǵı Rupara awılına jaqın orınnan tabılǵan.

Áyyemgi Mahenjodarodaǵi qala qarabaxanaları jaqsı saqlanǵan bolıp, bul qala júdá úlken maydandı, 260 gektarǵa jaqın jerdi iyelegen. Bul jerde ótkerilgen arxeologiyalıq qazıw isleriniń nátiyjesinde qatarlasıp jaylasqan 9 arxeologiyalıq qatlam tabılǵan, bulardıń eń tómengisi 12 metr tereńlikte jaylasqan. Qazıw islerine qaraǵanda, Mohenjodaro qalası sol zamandaǵı iri qalalalrdan biri bolǵan. Bul jerden júdá kóp kósheler hám pisken gerbishten qurılǵan imaratlar tabılǵan, bul imaratlardıń biyikligi házir de 7,5 metrge jetedi. Kósheleri tuwrı, kóbinese batısqa hám qubladan arqaǵa qarap parallel ketken bolıp, bul nárse qala eń áyyemgi waqıttan-aq bilip-kórip, rejelestirip qurılǵan degen pikirge keliwge imkan beredi.

Mahenjodarodaǵı qalalarda iri ónermentshilik hám sawda orayı bolǵan. Sarayda metallurgiya ustaxanası ushın arnawlı bir imarat bolǵan. Oraylıq tóbelikten qublaraqta bir qálipte qatar bolıp ketken sawda qatarlarınan ibarat úlken bastırmalı bazar tabılǵan. Bul jerden úlken imarat (51X41) tabılǵan, bul imarat xojalıq jaqtan qaraǵanda úlken áhmiyetke iye bolǵanlıǵı gúmansız, onda hár túrli tovarlar ǵana emes, al dán hám paxta saqlanǵan.

Xojalıqtıń eń áhmiyetli túrlerinen biri diyqanshılıq bolǵan. Hind dáryası oypatındaǵı júdá kóp atızlarda biyday hám arpanıń áyyemgi sortları egilgen, noqat, qawın jetilistirilgen, sonıń menen birge gezleme toqıw ushın paxta jetilistirilgen. Qurma miywelerinen de paydalanılǵan. Jerler júdá turpayı gúndeler menen aydalǵan, bul gúndelerdiń tisleri kremniy slanecten islengen. Orım waqtında mıs

oraqlar qollanılǵan. Dánler úlken teleklerde saqlanǵan, bul teleklerdiń qalqıqları Xarappadan tabılǵan.

Mahenjodaro hám Xarappa qarabaxanalarınan kóp muǵdarda qattı tas, jumsaq steatit, pil súyegi hám keramikadan islengen mórler tabılgán bolıp, bular tariyxshılar ushın úlken ah'miyetke iye bolǵan. Bul mórlerde muqáddes haywanlardıń (ásirese ógizdıń) diniy súwretleri hám jazıwlar oyılǵan.

Bul jazıwlarǵa qaraǵanda, sol dáwirde áyyemgi Hindstanda egiptlilerdıń eń áyyemgi ieroglif jazıwları menen shumerliklerdıń jazıwın esletetuǵın súwretli ieroglif jazıwı bolǵan. Chex alımı B.Groznıy hám basqa izertlewshiler bul jazıwlardı oqıp shıǵıwǵa háreket etti, biraq olardı oqıwdıń ele imkanı tabılmadı.

**4. B.e.sh. XV-VII ásirlerde áyyemgi Hindstan**. Arqa Hindstan aymaqlarına basqınshılıq b.e.sh. II mıń jıllıqtıń ortalarında júz bergen, sol sebepten geypara izertlewshiler bunı Arqa Hindstannıń oriy qáwimleri tárepinen basıp alınıw'ı bolıp tabıladı dep esaplaydı. Oriylerdıń Arqa Hindstandı basıp alıw waqıyası áyyemgi Hindstannıń tariyxıy hám máńgilik qıssalarında saqlanıp qalǵan.

Arqa Hindstandı basıp alǵan qáwimler b.e.sh. ekinshi mıń jıllıqtıń ortalarında Hindstan hám Pamir tawlarınan túsip, Panjab hám Gang dáryasınıń basseynindegi ónimdar tegisliklerge ornalasıp alǵan. Bul qáwimler ádette oriy qáwimleri dep ataladı. Áyyemgi hind tilin (sanskrit)de "oriy" ("oriyá) sóziniń, sonday-aq áyyemgi parsı tilinde "ayriya" sózinin mánisi: "jaqsı shańaraqtan", "joqarı mártebeli", "aristokrart" degendibildiredi, bul sóz – jámiyetlik termin bolıp tabıladı. Arqa-Batıs Hindstanǵa basıp kirip, jergilikli xalıqtı baǵındırǵan basıp alıwshılar dáslep ózlerin usılay ataǵan bolsa kerek. Rigvedada Arqa Hindstannıń túpkilikli qáwimleri "mlechxasa" (varvarlar) hám "dasa" (dushpan) dep júritildi. Keyin ala "daoa" sózi "qul" degen mánisti ańlatatuǵın bolıp qalǵan, bul basıp alıwshılardıń Hindstannıń baǵındırılǵan jergilikli qáwimleriniń, miynetkesh xalqınıń ádewir bóleginiń qulǵa aylanǵanlıǵın kórsetedi. Usı dáwirden baslap hindlerde burın belgili bolmaǵan temir qurallar qollanıla baslaǵan. Temirden balta, bel, hár túrli awıl xojalıq, ruzıger hám jawıngerlik qurallar islengen. Temir ushlı gúndeniń payda bolıwı diyqanshılıqtıń rawajlanıwına úlken járdem bergen. Nátiyjede, diyqanshılıq, sharwashılıq, ónermentshilik hám sawda-satıq rawajlanıp xalıqtıń qatlamlasıwın kúsheyiwine alıp kelgen.

Hindstanda b.e.sh. I mıń jıllıqtıń birinshi yarımınıń basında patsha turǵan birneshe mámleketler dúzile baslaǵan. Menshiklik, teńsizlktiń kúsheyiwi jámáattiń hár túrli varna-qatlamlarǵa bóliniwine alıp kelgen. Bular braxmanlar, ruwxanıyler, kshatriyler, vayshiler hám basqalar.

**B.e.sh. VI- V ásirlerindegi Hindstan**. B.e.sh. shama menen VI ásirde Arqa Hindstanda 20 dan artıq mayda mámleketler bolıp, bulardıń arasında eki úlken mámleket: Magadxa menen Koshala mámleketi ajıralıp turadı. Magadxa patshalıǵı Gang (házirgi Bixar) dáryasınıń orta aǵımındaǵı basseyninde jaylasqan. Magadxadan – arqa-batısta Koshala patshalıǵı (házirgi Aud) bolǵan. Koshala mámleketiniń paytaxtı Shravasti (házirgi Savattxi) qalası bolǵan. Bul eki úlken mámleket b.e.sh. VI-V ásirlerde Arqa Hindstannıń Gang dáryası basseynindegi keń aymaqta ústinlik hám húkimdarlıq etiw ushın ózara qattı gúres alıp barǵan. Koshala patshalıǵı alǵa ilgerilep baratırǵan bir dáwirde patsha Kamsa Kashi

knyazligi hám onıń tiykargı qalası bolǵan Kashidi (házirgi Banorasti) de basıp alıp, óz mámleketiniń shegarasın keńeytken. Magadxa patshalıǵı bolsa Shayshunag dinastiyası patshalıq etken dáwirde rawajlana baslaǵan. Bul dinastiyanıń besinshi patshası bolǵan Bimbisara (b.e.sh. 519-491-jıllar) ataqlı bolıp, Gang dáryasınıń tómengi quyarlıgı basseyninde jaylasqan Anga patshalıǵın baǵındırǵan. Bimbisara diplomatiyalıq awqamlar dúziw siyasatın keń qollanǵan.

B.e.sh. V ásirde Magadxa patshalıǵı Arqa Hindstannıń eń kúshli mámleket bolıp qaladı. Gang dáryasınıń boyında oǵada úlken Papaliputra (h'azirgi Patna) qalası salınadı. B.e.sh. V ásirde Magadxa patshaları Koshala patshalıǵın basıp aladı hám IV ásirde Gimalay tawları menen Gang dáryası arasındaǵı oypatlardı basıp alıwı óz mámleketin qollap-quwatlaǵan dáwiri bolǵan.

Batıs Hindstanda daǵdarıs uzaǵıraq saqlanǵan. Bul jaǵday Ahamaniylerdiń, keyin ala Aleksandr Makedonskiydiń batıs Hindstandı basıp alıwların ańsatlastırǵan. Aleksandr Makedonskiy eki jıldıń ishinde (b.e.sh. 327-325-jıllar) Hind dáryasınıń jaǵalawlarına shekem pútkil Batıs Hindstandı iyelegen.

Hind jaǵalawlarında grek-makedon húkimdarlıǵı uzaqqa sozılmaǵan. Batıs basıp alıwshılarına qarsı keń xalıq qatlamınıń háreketine ataqlı hind ǵayratkeri Chandragupta basshılıq etken. Chandragupta (b.e.sh. 321-298-jıllar) pútkil arqa Hindstandı birlestiriwge erisken.

Pataliputrada hám basqa oraylarda ónermentler toplanǵan, olar patsha hám aqsúyeklerdiń xızmetnde bolıp, olarǵa bezeniw buyımların islep bergen.

Áyyemgi Hindstandaǵı qulshılıq mámleketiniń aqırǵı rawajlanǵan dáwiri Ashoka (b.e.sh. 272-232-jıllar) patshalıq etken dáwir edi. Ashoka Bimbisaranıń ulı hám Chandraguptanıń aqlıǵı bolıp, úlken tariyxıy rol oynaǵan. Ashokaǵa óz atası hám babasınan úlken hám qúdiretli mámleket miyras bolıp qalǵan. Bimbisara tiri waqtında-aq Ashoka Arqa-Batıs hám keyin Batıs Hindstanda patshanıń wáziri wazıypasın atqarıp turǵan hám solay etip pútkil mámleketti basqarıw ushın jaqsı tayarlıq kórgen. Ashokanıń Ujayni hám Taksila sıyaqlı úlken qalalarda jasawı onıń shaxsına, xarakterine hám keleshektegi pútkil iskerligine jaqsı tásir kórsetken. Arqa-batıs Hindstannıń bul úlken qalaları áhmiyetli mádeniy oraylar bolǵan, olarda kórkem óner hám ilim, sonnan astronomiya ilimi rawajlanǵan.

B.e.sh. II ásirdiń baslarında Maurilardıń sońǵı wákiliniń húkimdarlıǵı tamamlanıp, sol waqıttan mámlekette uzaq siyasiy túskinlik baslanadı.

Arqa-batıs Hindstanda grek-baktriyalılar payda boldı hám olar Gandxarada ornalasadı. B.e.sh. II ásirlerde sak qáwimleri kirip kelip, mámlekettiń arqa-batısına jaylasadı. Sak patshaları ózlerin "ullı patshalardıń patshası" dep ataydı. Iri mámleket birlespelerine wázir, satraplılar qatnastırılıp, aymaqlarda satrap (kshatrap) ádewir erkin bolǵan.

Eramızdıń baslarında arqa-batıs Urannıń geypara wálayatları patriyalılarǵa baǵındı. Eramızdıń II ásirinde Oraylıq Aziyada Kushan mámleketi jetekshi rol oynadı. Kushanlar Hindstannıń arqa-batıs bólimine ornalasıp aladı.

Eramızdıń IV-V ásirlerinde Magadxa Gupta dinastiyası húkimdarlıǵı astında jáne rawajlana basladı. IV ásirdiń ortalarında Samudragupta (335-380-jıllar) dáwirinde qúdiretli mámleketke aylanadı. Samudragupta arqa Hindstanda oǵan jaqın mámleketlerdi, Dekanda on bes mámleketti joq etedi. Magadxaǵa batısta

Tamish qalası, Kanshini, arqada Nepal hám Asama sıyaqlı shegara wálayatlar da gárezli boladı. Dekan wálayatına jeńisli júris etiwine qaramastan ol Gupta mámleketiniń quramına kirmeydi. Chandragupta II (380-415-jıllar) dáwirinde Gupta mámleketi gúllep-jaynaydı. Onıń dáwiri hind tariyxınıń "altın dáwiri" esaplanadı. Onıń mirasxorlarınıń dáwirinde ózara urıslar kúsheyip ketedi. Orta Aziyadan kelgen eftalitler V ásirde Gupta mámleketin qulatadı. V ásirde Arqa Hindstan kishi mámleketlerge bólinip ketedi.

**5. Buddizm hám oniń tariyxıy roli.** Mauriya dinastiyası dáwirinde hind jámiyetinıń diniy ideologiyasında aytarlıqtay rawajlanıw júz bergen. Húkimdarlıq etip atırǵan din dúzimi – Braxmanizm-mámleketti basqarıwshı dinastiyanı barǵan sayın qanaatlandırmay qalǵan. Onıń táliymatı qáwimniń daǵdarıs sharayatında qálipleskenliginen qalanıń turmısı rawajlanıp baratırǵan mámlekettiń oraylastırılǵan jaǵdayına sáykes kelmey qalǵan. Braxmanizmniń eski dúzimi menen dáwir ruwxına sáykes keletuǵın jańa diniy táliymat ortasında báseki barǵan sayın kúsheyip barǵan.

Jańa dinlerden buddizm áhmiyetli orın alǵan. Bul din jámáátine kiretuǵın adamnıń ata-babası menen qızıqpaǵan. Kishidiń belgili bir qáwim hám varnaǵa tiyisliligi jańa dinge kiriwge tosıq bola almaǵan.

Dástúrlerde budda diniy-filosofiyalıq táliymatın b.e.sh. VII-VI ásirlerde jasaǵan shahzada Sidxartx Gautama jaratqan delinedi. Bul táliymat oǵan berilgen Budda ("aǵartiwshı") laqabı menen atalǵan. Bul shahzada adamlar basınan ótkerip atırǵan azap-aqıretleriniń sebepleri haqqında jaslıq dáwirinde-aq pikirley baslaǵan deydi. Ázzi gedeydiń, denesin jara basqan kesel adamnıń ayanıshlı kórinisi, jerlew kartinası, mine usılardıń hámmesi onda tereń ǵam-qayǵını tuwdırǵan[22].

Ol óziniń joqarı mártebesinen bas tartıp eldi aralap gezip ketken, sońınan bul onıń orator bolıp shıǵıwına sebepshi bolǵan. Ol óziniń tal'iymatına "ómirdiń ózi jawız" degen pikirdi tiykar etip alǵan. Adamnıń hárqanday niyeti de azap-aqıretke alıp keledi. Bunıń birden-bir sharası hárqanday sezim hám hár qanday urınıw-niyetti basıw bolıp tabıladı. Adam buǵan eriser eken, ol ólgennen keyin jańa azap-áqıretlerdi basınan keshiriw ushın basqa bir kóriniste qaytıp tirilmeydi. Mine, usı úzliksiz ózgeriw procesiniń toqtawı nirvana, yaǵnıy jetik ráhát bolıp tabıladı.

Mine, usı ózine tán táliymattan oǵada úlken ámeliy juwmaqlar kelip shıqqan. Úmit jolın adamnın ózi, niyetlerin basıw erki menen tapqanlıǵınan diniy isenim hám ruwxanıylardın artıqmashlıǵı bar nárse bolıp qaladı. Adamnıń ózin-ózi kamalǵa jetkeriwi, baylıq hám dúnyanıń házliginnen waz keshiwi ata-babalarına hám jámiyette iyelegen ornına baylanıslı emes. Bul sırtqı tásirler izertlewshiniń jaqsı ráhátke erisiwine kesent etpeydi. Buddashılar qatlamlıq hám qáwimlik tosıqlardı yaki menshiklik teńsizlikti zorlıq jolı menen joq etiwge heshqashan shaqırmaǵan, olardıń hámmesin áhmiyeciz dep esaplaǵan. Biraq, bir máselede – teńlik principin saqlawda teoriyalıq jaqtan bas tartqan. Olar azat adamlardı ǵana erkinlik taba aladi degen. Sangxige (eń dáslepki buddashılar jámááti) qullar qabıllanbaǵan. Óz táǵdirine ózi iye bolmaǵan hám óziniń erki menen isten waz keshe almaytuǵın qulǵa jaqsı ráhát jolı jabıq dep esaplaǵan.

---

[22]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.180.

Mauriya dinastiyasınıń patshaları ushın buddizmniń braxmanizmge qaraǵanda birqansha ústinligi bolǵan. Ol jeńilliklerdi jemirip ózgertiwge járdem bergen. Jergilikli hám etnikalıq halatqa tiykarlanǵan bul jeńillikler keń eziwshilik mámleketiniń basqarıw isine tosıq bolıp turǵan. Bul jeńillikler mámlekettiń ayırım bólimlerin birlestiriwge hám mámleket dúzimin birden-bir formaǵa keltiriwge kesent bergen. Hárekecizlikke shaqırıw qul iyelerine júdá qolaylı bolǵan, ásirese buddashılar qullardıń huqıqsızlıǵın moyınlaǵan. Yaǵnıy din Ashoka dáwirinde tabısqa jetkergen. Ashokanıń ózi buddizmdi qabıllap, Pataliputrada onıń ideyasın basshılıqqa alǵan keńes shaqırǵan. Birqansha budda monastırları tiklengen.

Biraq sonıń menen braxmanizm saplastırılǵan eken dep oylawǵa bolmaydı. Ashoka onı qıyalına da keltire almaǵan. Jańa din tiykarınan qáwiminen hám awıldıń jámáátinen ajıralıp ketken xalıqtıń aralasıp ketiwi procesi kúshli bolǵan úlken-úlken qalalarda tarqalǵan, etnikalıq, qatlamlıq hám basqa jámiyetlik tosıqlar biraz bekkem bolǵan awıllarda braxmanizm óz biyligin saqlap qalǵan. Biraq qanday jaǵday bolsa da braxmanizm quwǵınǵa ushıramaǵan. Mauriyalar budda dini úgitleniwine aytarlıqtay itibar bergen. Hár túrli mámleketlerge buddanıń ideyaların úgitlew ushın missionerler jiberilgen. Ásirese, Hindstan menen jaqın baylanıs bolǵan wálayatlarda budda táliymatı tez qabıllanǵan. Shri-Lankada bul process tez jayıladı.

Buddaǵa iseniw iri mámleketler húkimdarlarınıń quwatlawı nátiyjesinde boldı. Sebebi, budda tekstlerinde jáhán húkimdarlıǵı ideyası kóterip shıǵılıp, onda bul húkimdar arqalı ádalat patshalıǵına tiykar salınadı degen túsinik bar edi. Ádalattıń tarqalıwı menen bir waqıttıń ózinde húkimdar hákimiyatınıń kúsheyiwi – bul diniy ideyaǵa tuwrı keliwin bildiredi. Dáslep, budda dini qudaysızlardıń dini edi. Keyin ala buddaǵa qatnaslar ózgerdi. Ol haqqında túsinikler payda boldı. Ibadatxanalar qurılıp, buddanıń unamlı tárepi aytıla basladı. Dúnyanıńaqıreti hám onıń keleshegin de qutqarıwshı budda túsinigi qáliplese baslaydı. Budda mektepleri eki tiykarǵı baǵdar: “kishi arba” (“yaki qutılıwdıń tar jolı”) hám “úlken arba” (yaki qutıliwdıń keń jolı”)dan ibarat edi. Olardıń birinshisi eń áyyemgilikke shaqırıp, Ashoka dáwirinde-aq Lanka atawında hám keyninen qubla-shıǵıs Aziyada tarqaldı. “Ullı arba” táliymatı jáne de úlkenirek tabıslarǵa eristi. Kushon patshalıǵınıń quwatlawı menen bul baǵdar Orta Aziya arqalı Iran, Qıtay, Tibet, Mongoliya hám Yaponiyaǵa tarqaldı.

**Hindstannıń mádeniyatı**. Dáslepki waqıtlarda tilden-tilge ótip kelgen áyyemgi hind lirikası (vedalar) hám dástanı (Maxabxarata hám Ramayana) jańa eranıń basına kelip tolıq qáliplesken hám jazıp alınǵanlıǵın biz joqarıda aytıp ótken edik.

Sonday-aq, xalıq tımsallarınıń toplamı (Panchatantra, yaǵnıy Bes kitap) ta payda bolǵan. Eramızdıń V ásirinde áyyemgi Hindstannıń oǵada kúshli dramaturgi Kalidasa ádebiyat maydanına keledi. Onıń dramaları ishinde “Shakuntala” eń belgilisi esaplanadı. Drama tárki dúnya etken bas qaharman hám patsha jaqsı kórip qalǵan qálender hayaldıń atı menen atalǵan.

Áyyemgi Hindstanda hár qıylı filosofiyalıq aǵımlar, sonnan materialistlik aǵım qáliplesken. Máselen, Charvak táliymatı boyınsha biliwdıń birden-bir deregi tájiriybe bolıp tabıladı. Ruwxtıń tánnen ajıralıwı haqqında Hindstanda keń

tarqalǵan táliymat biykar etilgen. Ruwx tánnen ajıralmaydı degen pikir kóterip shıǵılǵan.

Suwǵarıp diyqanshılıq etilgen basqa mámleketlerdegidey Hindstanda da astronomiya hám matematika ádewir rawajlanǵan. Bunda ózine tán Quyash kalendarı dúzilgen. Jıl 360 kúnnen ibarat bolıp, astronomiyalıq jılǵa sáykesleniwi ushın hár 5 jılda bir marte kabisa ay qosılǵan.

Eramızdıń V-VI ásirlerinde Hindstanda jerdiń shar tárizli ekenligin hám jerdiń ózine tartıw nızamı, sonday-aq, jerdiń óz kósheri átirapında aylanıwın júdá jaqsı bilgen. Bul ilimiy ashılıwların orta ásirlerde arablar hindlerden úyrenip alǵan.

Keyin ala hindler matematikada geypara tárepleri menen basqa shıǵıs mámleketlerinen ozıp ketken. Máselen, noldi bildiretuǵın belgi tek Hindstanda ǵana qollanılǵan. Biz rim cifrlarınan parıq etip arabsha cifrlar degenimizdi tiykarında áyyemgi hindler oylap tapqan hám keyin bul cifrlar arablarǵa ótken. Arab algebrasında da hindler algebrasınıń tásiri bar.

Áyyemgi hind ximikleri sulfat, xlorat hám azot kislotasınıń qollanılıwın bilgen. Táwipler kesellerdi belgili bir sistemaǵa túsiriwge umtılǵan hám organizmdegi tiykarǵı shireler teoriyasın jaratqan. Hindstanda júdá kóp til hám govorlardıń bolıwı filologiya tarawında izertlewlerdi alıp barıwdı talap etken.

Hind mádeniyatı Oraylıq hám Shıǵıs Aziya mámleketlerine (tiykarınan buddizmniń tarqalıwı múnasibeti menen) úlken tásir kórsetken.

Áyyemgi hindler logika, til hám filosofiyada úlken tabıslarǵa erisken. Matematika, astronomiya ilimleri boyınsha V ásirde ataqlı alım Ariyabaxattaxa hárekettiń salıstırmalılıǵı tiykarında jerdiń óz kósheri átirapında aylanıwı hám onıń quyash átirapında aylanıwın boljaǵan. Matematikadaǵa noldiń kirgiziliwi, arab cifrları dep atalatuǵın cifrlar Hindstannan kelip shıqtı.

Eramızdıń II ásirinde hár túrli ádebiy janrlar bar bolǵan. Bul dáwirde ataqlı dramaturg Shakun Kalisada dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan. “Panchatatra” dep atalǵan kitapta tımsallar toplanadı, onıń arabsha awdarması “Kalila ham Dimna” dep ataladı.

Jer ústindegi monastırlerden biri Sanshida tiklengen. Sanshida tóbeniń ústinde úlken budda monastiri qurılǵan. Jáne bir siyrek ushırasatuǵın kórkem óner esteligi Ashoka jazıwları jazılǵan tas ústinler esaplanadı.

Maurilerden keyin háykelshiliktiń jergilikli mektepleri payda boldı. Olardan eń belgilisi arqa-batıs Hindstandaǵı Gandxara, arqa Hindstannıń oraylıq bólimindegi Madxura hám Dekan wálayatlarındaǵı mektepler bolıp tabıladı. Eramızdıń birinshi ásirinen Gandxara mektebi ellin hám Rim mádeniyatınıń tásirinde qáliplesken. Gandxara usıli Kushanlar dáwirinde oraylıq hám shıǵıs Aziyanıń budda mádeniyatına tásir etti.

Madxura hám Dekan mektepleri hind súwretlew ónerinıń dástúrleri menen kóbirek baylanısqan. Mine usı mekteplerdiń tiykarında orta ásirler hind hám qubla-shıǵıs Aziya mámleketleriniń mádeniyatı qáliplesti.

Mauriler dáwirinen keyin mıń jıl dawamında hind súwretlew ónerinıń siyrek esteligi, úńgirdegi Ajanta ibadatxanası hám budda monastırleri jaratıldı. Monastırlerdiń geypara zallarınıń diywallarında budda ápsanalarınıń kórinisleri súwretlengen. Ajantadaǵı sıyaqlı siyrek súwretler Shri-Lankadan da tabılǵan.

Áyyemgi hind ádebiyatı shıǵarmalarınıń úlken bólegi Veda, epikalıq hám budda ádebiyatlarınıń dástúrli janrlarına tiyisli bolıp, ásirler dawamında awızeki formada jasap kelgen. Mine, usı muqáddes tekstlerdi eslep qalıw, jetkerip beriw hám talqılaw, lingvistika, filosofiya h'am logika sıyaqlı pánlerdiń rawajlanıwına sebep boldı. Qubla Aziyada Maurilerden keyin hár túrli mámlketlerdiń gúllep-jaynawı jáhán ádebiyatı-drama, poeziya, proza, arxitektura hám de súwretlew óneriniń siyrek estelikleriniń jaratılıwına sebep boldı. I mıńınshı jıllıqtıń ortalarında (Arqa Hindstan Guptalar dáwiri) áyyemgi Qubla Aziya mádeniyat rawajlanınıń tiykarı boldı.

Bekkemlew ushın sorawlar

1. Áyyemgi Hindstannıń tábiyiy jaylasıwı hám xalqı haqqında nelerdi bilesiz?
2. Áyyemgi Hindstanda qaysı dáwirlerden baslap adamlar jasay baslaǵan?
3. Hindstanda mámlekettiń payda bolıwı halatların túsindirip beriń?
4. Hindstanǵa shet elli basqınshılardi (Oriyler, Ahamaniyler, Makedonlar, Kushanlar, Eftalitler) ámelge asırǵan júrisleri hám olardıń aqıbetlerin bayanlap beriń?
5. Hindstannıń tariyxın úyreniwde qaysı dereklerden kóbirek paydalanıladı?
6. B.e.sh. XV-VII ásirlerde áyyemgi Hindstanda qanday mámleket birlespeleri shólkemlesti?
7. Braxmanizm hám hinduizm dinleriniń parıqlı belgilerin qosımsha ádebiyatlardan paydalanǵan halda ashıp beriń?
8. Buddizm ne ushın Hindstanda hinduizm dinin qısıp shıǵara almadı?
9. Qanday jol menen buddizm dúnya dinine aylandı?
10. Áyyemgi Hindstan mádeniyatınıń jánán mádeniyatına tásiri qanday bolǵan?

## Tema: Áyyemgi Qitay.

### Joba:

1. Áyyemgi Qıtay Tábiyiy sharayatı, xalqı, derekler.
2. Qıtay tariyxınıń mámleketshiligi..
3. Chjou mámleketi. Qıtay patshalari arasındaǵı gúres.
4. Sin mámleketiniń dúziliwi.
5. Xan imperiyasınıń rawajlanıwı, reformalar.
6. Áyyemgi Qıtayda dinniń rawajlanıwı..

**Tayanish túsinikler: :** Derekler, istoriografiyasi, tábiyiy sharayati hám xalqi sham mámleketi, Chtoy patshaliǵi. Xan imperiyasiniń dúziliwi tariyxi. Ekonomikaliq ósiwi. Sawda satliq máseleleri. Áyiemgi Qitay mádeniyati. Derekler, Jipek jollari. Áyiemgi jaziwlar.

**1.Tábiyiy sharayatı, xalqı, derekler**. Áyyemgi Qıtay civilizaciyası b.e.sh. V-III mıń jıllıqlarda Xuanxe dáryasınıń orta aǵımında uzaq waqıt jasırın halda

qáliplesti. B.e.sh. I mıń jıllıqtıń ortalarınan baslap Yanczi dáryasınıń basseynin de qamtıp aladı.

Xuanxe dáryasınıń basseyni ertede toǵaylar menen qaplanǵan. B.e.sh. IV-II mıń jıllıqlarda Xuanxeniń orta agımlarında nosorog, tarip, bambuk tıshqanları jasaǵan, bambuk terekleri ósken. Oypattıń jumsaq topıraǵı diyqanshılıq ushın qolaylı shárt-sharayattı jaratadı.  B.e.sh. IV-III mıń j'llıqlarda Xuanxe basseyninde Yanshao mádeniyatın bul jerde jasaǵan poliaziya xalqın qısıp shıǵarǵan protosinotibetliler jaratadı. B.e.sh. I mıń jıllıqta Xuanxeniń orta aǵımında inler hám chjoulardıń ózara tásiri nátiyjesinde áyyemgi Qıtay etnosı payda boladı. Bul etnostıń qáliplesiwinde arqada poliaziya hám avstroaziya, Qubla Aziya tillerinde sóylestuǵın etnoslar qatnasadı.

Dástúrli Qıtay tariyxı iliminde Qıtay tariyxın dinastiyalar boyınsha dáwirlestiriw xarakterli bolıp tabıladi. Usı boyınsha ápsanaǵa aylanǵan "bes imperatorlar" dáwirinnen keyin "úsh dinastiya" Sya, Shan-In hám Chjou dáwirleri baslandı. Dástúr boyınsha Chjou dáwiri Chunsyu hám Chjango dáwirlerin óz ishine alǵan eki bólim áskeriy Chjou (b.e.sh.XI-VIII ásirler) ge bólinedi. Sin dinastiyası (b.e.sh. III ásir) nıń ornına húkimdarlıq waqtı batıs hám shıǵıs dáwirlerge bólinetuǵin Xan dinastiyası keledi. Dinastiyalıq dáwirlestiriw házirgi izertlewdiń talaplarına juwap bermeydi. Sol sebepli jámiyettiń rawajlanıwın óndiris kúshleri hám miynet quralları, tayarlanǵan tiykarǵı buyımlar boyınsha jámiyettiń rawajlanıwın basqıshlarǵa bóletuǵın arxeologiyalıq mámleketlestiriwden paydalanamız. Demek, Qıtayda "úsh dinastiya"dan aldıngı dáwir neolit dáwirine tuwrı keledi. Shan-In dáwirinde áyyemgi Qıtay jámiyeti jez dáwirine kiredi. Chun-syu dáwiri (b.e.sh. VI-V ásirler) aqırında áyyemgi Qitayda temir dáwiri baslanadı. Sima Syannıń tarirxtanıwshılıq usılınan "Xan tariyxı"nıń avtorı Gu Garbiy Xan (b.e.sh. 206-jıl) dinastiyasınıń tariyxın jazıwda paydalanadı. Ban Gu Qıtay tariyxtanıwshılıǵınıń jańa "dinastiyalar tariyxı" degen janrınıń tiykarın saliwshı bolǵan.

Qıtaydıń tariyxın arxeologiyalıq úyreniwde ámelge asırılǵan isler áyırıqsha áhmiyetke iye. Arxeologiyalıq qazıw isleriniń nátiyjesinde eń dáslepki Shan dáwirine tiyisli Ermitou qalası, Chanshanıń qasınan bay qábirler (b.e.sh. III ásir) tabılǵan.

Dástúrli Qıtay tariyxtaniwshılıǵindaǵı eki ózine tán ózgeshelik:

- Qıtay mádeniyatınıń basqa qońsı madeniyatlardan abzallıǵı;

- Qıtay mámleketshiliginiń kelip shıǵıwın ápsanalarǵa baylanıstırıp júdá áyyemlestiriw ajıralıp turadı.

Áyyemgi Qıtaydıń tariyxın úyreniwdi orta ásirlerde Yapon alımları baslap berdi. Yaponiyada Qıtay tariyxınıń barlıq dáwirleri úyrenildi. Ataqlı qıtaytaniwshı alım Kaydzuka Sigeki áyyemgi Qıtay mámleketiniń qáliplesiwine tiyisli kólemli izertlewler avtorı.

Evropada Qıtay tariyxın úyreniwde francuz izertlewshileri  úlken tabıslarǵa erisken. XX ásirdiń baslarında E.Shavann Sima Syannıń "Tariyxıy jazısıwlar"ın awdarma isley basladı. Ataqlı shıǵıs tanıwshı alım fransuz A.Maspero "Áyyemgi Qıtay" degen shıgármasın dóretti.

AQSH ta XX ásirdiń 60-jıllarınıń aqırında “Áyyemgi Qıtay tariyxın úyreniw” xalıqaralıq jámiyeti shólkemlesti. AQSH ta Qıtay tariyxınıń kelip shıǵıwın qıtaylı alımlar úyrendi.

**2.Qıtay atriyxınıń mámleketshiligi.** Shan (In) mámleketi hám onıń qulawı. Áyyemgi Qıtay tariyxın jámiyettiń jámiyetlik-ekonomikalıq rawajlanıwınıń ólshemi sıpatında tómendegi dáwirlestiriwde kóriw múmkin:

1. Alǵashqı jámáát dúziminiń qulawı hám eń dáslepki mámlekettiń payda bolıwı (b.e.sh. II mıń jıllıq).
2. B.e.sh.VIII-III ásirlerdegi Áyyemgi Qıtay.
3. Qıtayda birinshi oraylasqan mámleket Sin imperiyası (b.e.sh. 221-207-jıllar).
4. Áyyemgi Qıtay I-III ásirlerde.

Áyyemgi Qıtaydıń tariyxına tiyisli júd’a kóp anıq dáwirlestirilgen jazba estelikler bar. Bul bizge shekem kitap halında jetip kelgen tariyxıy shıǵarma bolıp tabıaldı.

Jazba estelikler ishinde Áyyemgi Qıtay jılnamaları qatarına kiretuǵın Lu patshalıǵı dáwirinde dúzilgen b.e.sh. VIII-V ásirlerdiń waqıyaları bayan etılgen “Chunsyu” jılnaması áyırıqsha áhmiyetke iye. “Chunsyu” teksti menen dástúrli túrde onıń avtorı áyyemgi Qıtay filosofı Konfuciydiń atı kózge túsedi.

Jılnamalarǵa eń jaqın “Shan-shu” (“Shiszin”-qosıqlar kitabı) kitabı hám basqa da áyyemgi Qıtay tariyxıy shıǵarmalarındaǵı janrlar. Bul shıǵarmalarda húkimdarlar hám olardıń tuwısqanlarınıń’ sózleri bar. Bizge shekem jetip kelgen “Shan-shu” dıń tekstiniń bólimlerin ǵana haqıyqıy dep esaplaw múmkin. Sebebi bul derektiń geypara bapları kelesi dáwirlerge tiyisli.

B.e.sh. I ásirde áyyemgi Qıtayda jańa tariyxıy shıǵarmalar payda boldı. Bul shıǵarmalar Qıtay tariyxtanıwshılıǵında úlken orın iyeleydi. Mine usınday shıǵarmalardan biri Sima Syannıń (b.e.sh. 105-90-jıllar) “Tariyxıy jazısıwlar”ı edi. Bul shıǵarma áyyemgi Qıtay jámiyetlik-siyasiy hám mádeniy turmısı haqqında bay maǵlıwmatlar beredi. Sina Syan tariyxıy waqıyalardı súwretlewde adamlardıń iskerligin bayan etiw usılın tańlaydı.

B.e.sh. V-III mıń jıllıqlarda Xuanxe dáryasınıń orta aǵımlarında Yanshao mádeniyatı tipindegi neolit mánzil orınları payda bolǵan. Diyqanshılıq, shoshqa hám iytti baǵıw tiykarǵı jumısı bolıp, gúlalshılıq rawajlanadı.

B.e.sh. III mıń jıllıqtıń ekinshi yarımında gúlalshılıq sharǵının járdeminde kúl reń hám qara reńli ıdıslar tayarlanadı, diyqanshılıqta oraq hám pıshaqtıń jetilisken forması payda boladı. Sociallıq qatlamlasıw tezlesedi. Bul dáwir Lunshan mádeniyatı dep ataladı.

Eń ayyemgi jez dáwiriniń buyımları (b.e.sh. II mıń jıllıqtıń birinshi yarımı) Ermitou tipindegi mánzil orınlardan tabılǵan. B.e.sh. XIV-XI ásirlerde orta Qıtayda In dáwirinde eń dáslepki qalalar payda boladı. Bul dáwirdegi sociallıq qatlamlasıwdıń izlerin In dáwirinde kóriw múmkin. In mámleketiniń basında Van (hákim) turǵan. Húkimdardıń jeke hákimiyatınıń qálipleskenliginen derek beretuǵın “Men adamlardıń arasında ayırıqshaman” degen sózin keltiriw múmkin. Van bir waqıttıń ózinde joqarı ruwxanıy wazıypasın da atqargan. In mámleketininń eń qúdiretli dáwiri b.e.sh. XIII ásirdiń ekinshi yarımında húkimdarlıq etken Van U

Di dáwirine tuwrı keledi. Onıń dáwirinde Shan qalasında saray hám ibadatxanalar qurıladı, mámlekettiń aymaǵı keńeydi.

B.e.sh. 1027-jılı chjoular basshılıq etken áskeriy qáwimler In mámleketin awdarıp taslaydı. Chjoular Inlerdiń jezdi quyıw óneri, jazıwdı ózlestiredi. Olar áskeriy urıs arbaların da inlerden úyrengen. Chjou dáwirinde jámiyet bes sociallıq qatlamǵa bólingen:

1. Van – "adamlar arasinda ayırıqsha" húkimdar.
2. Chjou – miyraslıq aymaq hákimleri. Chjou joqarı saray xızmetkerleri.
3. Dafu – urıw qáwim toparları baslıqları.
4. In – úlken shańaraq baslıqları.
5. Ápiwayı adamlar.

**3.Chjou mámleketi**. **Qıtay patshalari arasındaǵı gúres.** Van Osman mámleketinde eń joqarı menshik iyesi, al basqalar bolsa onıń xızmetkeri edi. Sonıń menen birge "Van Chjoudı óz xızmetkeri, Chjou óz xızmetkeri dep dafudi, dafu óz xızmetkeri dep indi esaplaydı" túsinigi bar bolǵan. Bul dáwirde kóplep tutqınlar qullarǵa aylandırıla basladı.

B.e.sh.VIII ásir baslarında chjoulardıń Xuanxe dáryası joqarı agımımı basseyninde jasagan jun qáwimleri menen urısı kúsheyedi. Junlar kelip shıǵısınan chjoularǵa tuwısqan edi, biraq olar jasaw sharayatı hám xojalıqtı basqarıw forması menen parıqlanǵan. Van dáwirinde (b.e.sh. 781-771-jıllar) yarım kóshpeli junlar menen shehsiwshi urıslar júz beredi. Miyraslıq jer iyeleriniń kóbeyiwi, ijoxou (miyraslıq aymaqtıń hákimleri) ǵárezsizliginiń kúsheyiwi Van hákimiyatın hálsiretedi. Chjou Pix-van kóterilisshi Chjouxoular hám junlar hújimin qaytara almadı. Ol paytaxt aymaǵın taslap ketiwge májbúr boladı. Bul waqıya Qıtay dástúrinde batıs Chjou dáwiriniń tamam bolıwi dep esaplanadı.

B.e.sh. 770-jılı paytaxt shıǵısqa, házirgi Loyan aymaǵına kóshiriledi. Sol sebepli b.e.sh. VIII-III ásirler Shıǵıs Chjou dáwiri dep ataladı. Junlardan qashıw Vannıń abıray-itibarın keskin túsirip jiberdi. Endi ol Chjoulardıń arasındaǵı ózara qatnaslarǵa aralasa almadı. Chjoular ámelde qárezsiz hákimlerge aylandı Vannıń jerleri azayıp, oǵan ulpan tólenbedi. B.e.sh. VIII ásirdiń aqırında Qıtay mıńnan artıq bir-biri menen urısıp atırǵan ǵárezsiz menshiklerge bólinip ketti, biraq olar mámlekettiń dástúrli birliginiń tımsalı sıpatında Chjou Vannıń joqarı hákimiyatın rásmiy tán aldı. Bul dáwirde jámiyetlik qatlamlasıw quramalastı, qullardıń hám ǵárezli xalıqtıń sanı arttı. Pul-tovar qatnasları, óndiris kúshleri ósedi. Van tárepinen jer-menshikler aqsúyekler, áskeriylerge bólistirip beriledi. Jerge jeke menshik payda boladı.

B.e.sh. VII ásirden baslap separat keypiyatlar kúsheyip ketti. Chjoulardıń Xuanxeniń joqarı aǵımındaǵı jun qáwimleri menen urısı kúsheyedi. Kóshpeliler birlesip chjoularǵa úlken qáwip tuwdıradı hám Chjou patshalarınıń ishki gúresinde qatnasadı.

Orta Qıtay tegisliginde birinshilik ushın bolǵan gúreste Xuanxeniń tómengi bólimi Sin patshalıǵı (b.e.sh. 650-jılı), keyin ala Szin patshalıǵı (b.e.sh. 630-jılı) jetekshi orınǵa shıǵadı. Szin hám qubla Chu patshalıqlarınıń básekisi b.e.sh. VII-VI ásirlerdiń siyasiy tariyxında tiykarǵı dáwir boladı. Básekide Chi jeńip shıqtı hám b.e.sh. 575-jılǵa shekem ol jetekshi orınǵa shıǵıp aladı. Bunnan soń, basqa

patshalıqlar da ózara urısta qatnasadı. B.e.sh. 403-jılı Tsizin mámleketiniń qulawınan Qıtay dástúriy shártli esabı menen Chjang (urısıp atırǵan mámleketler b.e.sh.403-221-jıllar) dáwiri baslanadı.

Qıtayda b.e.sh. VI-IV ásirlerde temir tarqaldı. Temir miynet qurallarınıń keskin kóbeyiwi xalıqtıń tez ósiwine alıp keldi. Haywanlardan jerdi aydawda paydalana basladı. Ónimniń, egin maydanlarınıń kóbeyiwi hám ulıwma turaqlılıq jámiyetlik rawajlanıwǵa alıp keldi. Jerge jámáátlik menshiklik sisteması saplastırıldı. B.e.sh. mıń jıllıqtıń ortalarınan jerlerdi satıw hám alıw huqıqın alıwdı engizdi, bay ónerment-sawdagerler qatlamı qáliplesti. Qalalardıń hám qala xalqınıń kóbeyiwi kózge taslandı. B.e.sh. IV-III ásirlerde metall teńge tarqaldı.

Bul dáwirde áyyemgi Qıtayda tiykarǵı táliymatlardan biri konfuciylik, legizm, daosizm payda boladı. Konfuciy (Kun-size b.e.sh. 551-479-jıllar) táliymatı boyınsha insannıń tábiyatı iygilikli qásiyetlerge iye hám óz minnetin shın kewilden atqarıwǵa tayar. Konfuciy barlıq jámiyetlik qatnaslar ushın shańaraqtı úlgi dep esaplaydı. Shańaraqta úlkenler kishilerge ǵamxorlıq etedi hám olarǵa boysınadı. Mámlekette xalıq perzentler ornında, húkimdar ata ornında boladı, húkimdar óz jeke mápin emes xalıqtıń párawanlıǵı haqqında ǵamxorlıq etiwi tiyis.

**4.Sin mámleketiniń dúziliwi**. B.e.sh. IV ásirde jámiyetlik-ekonomikalıq qatnaslardı turaqlılıq halatına keltiriw ushın kópshilik patshalıqlarda reformalar ótkerildi. Mine, usınday reformalardan biri b.e.sh. 350-jılı Sin patshalıǵında joqarı hámeldar bolǵan Shan Yan tárepinen ótkeriledi. Mámleket uezdlerge bólinedi, jer satıp alıwǵa ruxsat beriledi, ólshew birlikleri unifikaciyalanadı, urıwdıń aqsúyekleriniń ayırım jeńillikleri biykar etiledi.

B.e.sh. 246-jılı Sinniń taxtına Chjen otıradı. B.e.sh. 238-jılı jas patsha Chjen ózine qarsı bolǵan fraundi pash etedi. B.e.sh. 230-jılı tiykarǵı qarsılası bolǵan Xan patshalıǵın, b.e.sh. 228-221-jıllarda bolsa, basqa bes patshalıqtı basıp aladı. B.e.sh. 221-jılı mámleketti birlestiriw tamamlanadı. 28 jastaǵı In Chjen “Sindinastiyasınıń birinshi imperatorı” Sin Shixaundı ataǵın qabıllaydı. Ol ”Biziń áwladım’ız miyrasxorlıq tártibine muwapıq ershi (“ekinshi”), sanshi (“úshinshı) hám tap on mıń áwladqa shekem olar miyrasxor boladı” dep saltanatli túrde járiyalaydı. Biraq bul mámleket bar-joǵı 14 jıl ǵana jasadı.

Mámlekettiń aymaǵı 36 iri hákimshilik okrugqa bólingen, hár bir okrug uezdlerge, uezdler volostlarǵa, al volostlar bolsa birneshe jámáátlerden ibarat edi. Okrug baslıǵı hám okrug ásker baslıǵı imperator tárepinen tayınlanǵan. Okrug baslıǵı bolsa uezd baslıǵı hám olardıń orınbasarların tayınlaǵan. Imperatordıń eki másláhatshisi bolıp, olar oraylıq mámleket apparatın basqarǵan.

Oraylasqan mámleket apparatı áskeriy, finans, sud, imperatordıń shańaraǵı bólimi hám inspekciya qadaǵalaw bólimlerinen quralǵan. Qatań oraylasqan mámleketlik basqarıw apparatınıń eń tómengi buwınında jámáát aqsaqalları turatuǵın edi. Mámleket xalqınıń turmısınıń barlıq salaların qatań bir qálipke saldı: xalıqtan barlıq qurallar tartıp alınıp, qonırawlar qoyıldı. Mámleket boyınsha jazıw, pul, teńge, ólshew birlikleri unifikaciyalanıp, sheksiz, ayawsız ruwxta bolǵan birden-bir nızamshılıq sisteması engizildi. Jinayat ushın pútkil shańaraq jazalanǵan, ólim jazası barlıq ayıplar ushın qollanılǵan. G’alabalıq túrde katorga islerine quwǵın etilgen. Adamlar Sin dáwirinen aldıngı dáwirlerdi yadınan

shıǵarıwı ushın Sin patshalıǵınan aldıngı jazıwdaǵı shıǵarmalardı joq etiwge buyrıq berilgen, eskilikke isenimi bolǵanlıǵı ushın júzlegen Konfuciy taliymatınıń tárepdarları, alımlar joq etilgen. Pútkil Qıtay xalqı awır miynetke tartıldı. Misli kórilmegen qurılıs: 5 mıń km uzınlıqtaǵı biyik diywaldı tiklewge kirisildi. Qıtay imperatorının sarayı hám tawdıń ishinde imperatordıń qábiri qurılıp, qábirge biyikligi ortasha adam boyında bolǵan 6 mıń ásker háykelleri jaylastirıldı hám Qıtaydıń pútkil aymagınıń xalqı bul qurılıslarǵa zorlıq penen aydap kelindi. Imperatordıń armiyası arqaǵa xunlarǵa qarsı hám Yanszi dáryası, Qubla Qıtay teńiziniń aralıǵı basseynindegi mámleketlerdi basıp alıwǵa jiberildi.

B.e.sh. 207-jılı xalıq qozǵalańı Sin dinastiyasın awdarıp tasladı. Qozǵalań baslıqlarınan biri mayda hámeldar Lyu Ban b.e.sh. 202-jılı "Xan vani" atagın qabıllap, Xan imperiyasına tiykar saladı. Bul dinastiya Qıtayda ásirimizdiń III ásirine shekem húkimdarlıq etedi. Imperator Gao-szu (Lyu-Van) (b.e.sh.202-195-jıllar) xalıqtıń ahwalın jeńillestiretuǵın ilajlardı ámelge asıradı[23].

In the ensuing civil war among them, an unheralded commoner and former policeman named Liu Bang (r. 206–195 BCE) declared himself prince of his home area of Han. In 202 BCE, after Xiang Yu committed suicide, Liu proclaimed himself the first Han emperor.

Qarızı ushın qul etilgenler qullıqtan azat etiledi, jámáátlerge waqıtsha jeńillikler berilip, salıqlar Sin dáwirindegiden 10 esege kemeytildi. Keyingi imperator Syao Ven-di (b.e.sh. 180-165-jıllar) xalıqtıń ahwalın jáne de jeńillestirdi. Ol saray qárejetlerin, diyqanlardan alınatuǵın jer salıǵın kemeytedi. Tuwısqanınıń jinayatı ushın jaza beriwdi, imperatordı jamanlaǵanı ushın jazanı biykar etti. Ekonomikalıq rawajlanıw b.e.sh. II ásirde Sarı teńizden baslanıp Jer Orta teńizine shekem sozılǵan Úlli jipek jolın qáliplestirdi.

**5.Xan imperiyasınıń rawajlanıwı, reformalar**.

Imperator U-di (b.e.sh. 104-87-jıllar) basqarıwı jıllarında Xan imperiyası eń gúllep-jaynaǵan dáwir edi. U-di oraylastırıw siyasatın alıp baradı[24].

This was especially the case under Emperor Wu or Wudi, known as the "Martial Emperor" because of his many military campaigns (r. 140–87 BCE). Emperor Wu's more stringent penal code eliminated the powerful officials court system prosecuted over a thousand such cases.

Vanlarda miyras menshigi tek úlken ulına ǵana emes, al barlıq ullarınıń ortasında bólisiw engizildi. Nátiyjede miyraslıq menshiklerdiń kólemi keskin qısqarıp olar ámelde hákimayattan ayırılǵan. Oraylıq mámleket apparatı bekkemlenedi. Okrug hámeldarları iskerligin qadaǵalaw inspektorı qayta tiklenedi. Okrug baslıqları tárepinen hámeldarlıq wazıypasına uqıplı adamlardı turaqlı túrde usınıs etiw siseması engiziledi. Imperatordıń birinshi máslahátshisiniń wakillik sheńberi sheklenedi. Imperator kancelyariyası shólkemlestirilip, U-di orınlardı basqarıw sistemasınıń iskerligin qadaǵalaw imkaniyatına iye boladı.

[23]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.248.
[24]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. 2011, p.250.

Konfuciylik mámlekettiń birden-bir ideologiyası sıpatında qabıllanǵan. U-di jedel basıp aliwshılıq siyasatın alıp barǵan. Ol arqada kóshpeli xunlardıń aymaǵın basıp alıwǵa háreket etedi. Xunlar urıs jıllarında Qıtaydıń házirgi Sinsziyan hám Orta Aziya menen dáslepki baylanısların ornatadı. U-di b.e.sh. 139-jılı óz elshisi Szyan Syandı Orta Aziya ("batıs úlke") ǵa jibergen, elshi on jıldan keyin Qıtayǵa qaytıp keledi. Qıtaylılar Ferǵana, Baktriya hám Parfiya haqqında bilimge iye boladı hám bul mámleketler menen baylanıs ornatadı. Mine usı waqıtta Qıtay Orta Aziyadan júzim, palız eginlerin, muzıka ásbapların, ıdıs-tabaqlardı ózlestirip aladı. Keyin ala Qıtay Orta Aziyadan budda dinin qabıllaydı.

Qıtay Hindstanǵa baratuǵın joldı – Yuanan hám Suchuandı basıp aladı. B.e.sh. 109-jılı Koreya yarım atawındaǵı Choson mámleketin basıp alǵan.

Imperator U-didiń húkimdarlıq jılları áyyemgi Qıtay tariyxında "altın dáwir" dep esaplandı. Xan dáwirinde qullardıń sanı artti. Atap aytqanda, mámleket qulları, qarızı ushın qul etilgen qullar bar edi. Derekler bul dáwirdegi iri qullıq xojalıqlar, qul bazarları haqqında maǵlıwmat beredi. B.e.sh. II-I ásirlerde xaliqtıń ekonomikalıq ahwalı jáne de awırlasadı, jer hám basqa baylıqlar alıp-satılıwı keń jayıldı. Qarızı ushın ózi hám shańaraq aǵzaların qul etiw jáne de kúsheydi. Jer iri jer iyelerinin qolına toplana baslaydı, gárezli diyqanlar kóbeyedi. Jerdiń ijara haqı oǵırı kóterilip ketedi. Jallabna miynet keńnen tarqaladı.

Iri hámeldar Van Man imperator hákimiyatına iye bolip, jer iyeligi hám qulshılıq qatnaslarında reforma ótkeredi. Bul waqıtta diyqanlardıń jerden ayırılıwı kúsheyip, úlken-úlken jer maydanları ayırım qollarda toplanıp qalgan edi. Van Man barlıq jerlerdi imperatordıń menshigi dep járiyalap, jerdi satıp alıwdı qadaǵan etedi. Qul sawdası da qadaǵan etiledi, biraq bul reformalar ámelge aspaydı. Mámlekettiń jámiyetlik-ekonomikalıq turmısı barǵan sayın túskinlikke bet bura basladı. Xalıq háreketlerinen keyin, Qıtay III ásirdiń baslarında úsh ǵárezsiz mámleket Vey, Shu ham U ǵa bólinip ketedi.

**5.Áyyemgi Qıtayda dinniń rawajlanıwı**. Áyyemgi Qıtay mifologiyası haqqındaǵı derekler b.e.sh. XI ásirge tiyisli. Bul ápsanalar mazmunı jaǵınan eki toparǵa bólinedi.

Kosmogonikalıq miflerdiń ishinde eń dáslepki tártipsiz halattan tábiyat hám insannıń payda bolıwı haqqında tiykarǵı koncepciya, bóliniw hám aylanıw berilgen. Olardan birinshisi jansız hám tiri maqluqlardıń tártipsizligi, eki eń dáslepki element (erkek)tiń baslanıwı, Yan qarańǵılıq (hayal)tıń baslanıwınan – In payda bolǵan. Ekinshi koncepciyada barlıq janlı zatlardıń payda bolıwı bul transformaciyanıń nátiyjesi bolıp tabıladı dep túsindiredi. Adam Nyuy ismli quday tárepinen ılaydan jaratılǵan.

Tábiyat stixiyaları hám olardan adamlardı qutqarǵan qaharmanlar haqqında ápsanalar kópshilik bólimdi quraydı. Tasqın hám qurǵaqshılıq hádiyseleri ápsanalarda kóp tilge alınadı. Áyyemgi qaharmanlar haqqındaǵı ápsanalarda qaharmanlar adamlardı ottan paydalanıwǵa úyretken: eń dáslep shaqalardan ılashıqti qurǵan. Balıq awlaw hám ańshılıq usılın tapqan: eń dáslepki diyqanshılıq quralların jasaǵan, dándi puwda pisiriwdi úyretken qaharmanlar teması jetekshi orındı iyelegen. Kóplegen qaharmanlar jılan gewdeli, buǵanıń bası menen yarım

haywan, yarım adam kelbetinde súwretlengen. Bul áyyemgi totemistlik eleslerdi sáwlelendiriw bolıp tabıladı.

Áyyemgi qıtaylılar o dúnya haqqındaǵı túsiniklerinde jerde bar bolǵan tártip-qaǵıydalardı sáwlelendiredi. Jerde hákimiyat Vanga tiyisli, aspanda hámme deneler Joqarı quday (DI)ǵa baǵınadı. Di qúdiretli, ol adamlarǵa ǵamxorliq etedi yaki olardı baxıcızlıq penen jazalaydı. Ol adamlarǵa zúráátti sıylıq etedi, qurǵaqshılıq jiberedi, órt hám samal Dige baylanıslı. Didiń jaqınların Vannıń qaytıs bolǵan ata-babaları quraydı. Vannıń ata-babaları Didiń tapsırmaların orınlaydı hám olar Vannıń járdem beriwi haqqındaǵı ótinishtiń Dige jetkeredi. Vannıń joqarı ruwxanıy sıpatındaǵı wazıypası adamlar hám qudaylar dúnyası arasında baylanıstırıwshı bolǵan óz ata-babaları menen baylanısta boliwdı ámelge asırdı.

Konfuciyliktiń payda bolıwı hám tarqalıwı ata-babalarǵa isenimdi kúsheytedi. Konfuciy (b.e.sh. 551-479-jıllar)diń ádep ikramlıq-siyasiy táliymatında oraylıq orındı "joqarı mártebeli adam" (Szyanszi) haqqındaǵı túsinik iyeleydi. Konfuciylik gumanizm (Jen), sadıqlıq (Chjun), úlkenlerge húrmet (Syuo), adamlar arasındaǵı qatnaslardı saqlaw (Li)dan ibarat. Konfuciy ashkózlik, zorlıqqa qarsı ádep-ikramlıqtı hám minnetti qarsı qoyadı[25].

The most prominent of the "hundredmasters" of the age was Confucius(551–479 BCE); otherseither expanded on Confucian thought or formulated opposing ideas about human nature and the role of government.Confuciusproposed a moral frameork stressing correct performanceof ritual (li), responsibility and loyalty to the family (xiao),and perfection of moral character to become a "superiorman" (junzi)—that is, a man defined by benevolence andgoodness rather than by the pursuit of profit.

II-III ásirlerde Qıtayǵa  budda dini kirip keledi. Ápsanalarǵa kóre, birinshi budda sutraları (tekst yaki qáǵıyda) Qıtayǵa aq atta alıp kelingen: onı eslew ushın Loyan qalasınıń janında budda "aq at ibadatxanası" qurilǵan hám házirge shekem saqlanıp qalǵan. Qıtayda sutralardı awdarma etiw hám budda dininiń tarqalıwı IV-VI ásirlerge tiyisli.

Áyyemgi Qiıtay jazıwınıń eń eski esteligi- b. e. XIV-XI ásirlerge tiyisli İn jaziwlari. In jaziwlari Chjaular tárepinen ózlestirip aliniwi nátiyjesinde onıń rawajlanıwı b.e.sh. I mıń jıllıqta da úziliske túsken joq. B. e. sh. II-I ásirler ieroglifleri óziniń dáslepki jazılıwlarınan pútkilley ózgerip ketti. Xan dáwiriniń jazıwı haqiyqatinda házirgi jazıwdan derlik parıqlanbaydı.

Áyyemgi Qıtayda uzın jińishke aǵash yamasa bambuk taqtayshalarǵa jazǵan. B. e. sh. birinshi ásirden baslap jazıw ushiın qaǵazdan paydalanǵan. Áyyemgi Qitay qosiq shiǵarmalariniń úlgileri b. e. sh. XI-VI ásirler qola ıdıslarındaǵı jazıwlarda bizlerge shekem jetken.

«Shiszin» poeması áyyemgi Qıtay poeziyasınıń haqıyqıy ǵáziynesi bolip tabıladi, ol tórt bólimge toplanǵan 305 qosıq qatarlarinan ibarat.

[25]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York.London.   2011, p.161-168.

Chjańgo dáwiri áyyemgi Qıtay mádeniyatıniıń bálent párwazlaw dáwiri boldi. B. e. shekemgi IV ásirde Chu patshalıǵıında ullı shayır Syu Yuan jasaǵan hám dóretiwshilik jumislar menen shuǵıllanǵan. Jáne de Sima Syan bolǵan.

Áyyemgi Qıtay poeziyasin muzıkadan ayiırıwǵa bolmaydı. Qıtay muzıka ásbapları úsh toparǵa - tarlı, duxovoy hám urılıp shertiletuǵin saz ásbaplari bolǵan. Áyyemgi zamannan Qıtayda qurılıs jaqsı rawajlanǵan, Xan dáwirinde biyik saraylar hám ájayıp xram salınǵan. Áyyemgi dúńya qalalarınıń eń kozge koringen Xan imperiyasi paytaxtı Chan Yan qala qurıw kórkem óneriniń eń jaqsı úlgisi bolǵan.

Xan dáwirinde portret jivopisi jaqsı rawajlanǵanlıǵın atap ótiw zárúr. 1957-jılı Loyan qalası qasında freskiyler Tábiyat hám adam dáslepki xaos jaǵdayinan payda bolǵan dep túsindiretuǵin kosmogonikalıq mifler arasında eki tiykarǵı konsepsiya-bóliniw, aylanıw kórsetilgen. Tiri maqluqlar jaqtılıq hám qaranǵılıqtan payda bolǵan. Bunnan tısqarı, adamdı Nyuu Va degen quday ılaydan soqqan. Tábiyat apatshılıqları hám adamlardı olardan qutqarıwshı qaharmanlar haqqında mifler ayrıqsha topardı quraydı. Dáslepki ata-babalar haqqında mifler ózgeshe sikldi quraydı.

Matematika da aytarlıqtay rawajlanǵan. Máselen b. e. sh. II ásirde «toǵiz kitaptan ibarat matematika» degen traktat dúzilgen, keyin ala onnan Evklid hám Pifagor paydalanǵan. Bunnan tısqarı astronomiya payda bolǵan. Medisina anaǵurlım dárejede rawajlanadi (iyne salıw). Táwipler 52 kesellikti emley alǵan, 280 emlew usılınan paydalanǵan.

### *Talabalardiń bilimin bekkemlew ushin sorawlar*

1. Ayyemgi Qitay tariyxiniń xronologiyasi hám dáwirlerge bóliniwi
2. Batis hám Shiǵis Chjou dáwiri?
3. Shan-In, Tsin Shixuandi reformalari ne haqqinda?
4. Ayyemgi Qitay ilimiy bilimlerdiń rawajlaniw ózgesheligi.